
Pêpêthikan Saking Kitab Suci

Kathahipun Satus
Sakawan Cariyos


Jilid II: Prajanjeyan Enggal


Daftar isi

1. Sakharia ^[2] tuwin Maryam Kadhatêngan Malaékat Jabarai ^[3]	7
2. Wiyosipun Gusti Yésus	9
3. Gusti Yésus Sinujudan déning Pujôngga saking Tanah Wétan.....	10
4. Gusti Yésus Nalika Yuswa Kalih Wêlas Taun	11
5. Gusti Yésus Sinalulupakên déning Nabi Yokhanan, lajêng Ginodha déning Iblis.....	12
6. Wiwitipun Gusti Yésus Angsal Sakabat, Bawahan ing Khana ^[10] Tanah Galiléa, Gusti Mêmulang Wontên Nasarèt.....	13
7. Tiyang Èstri Bôngsa Samaria	16
8. Pétrus Anjala, Gusti Milih Sakabat Kalih Wêlas	18
9. Wêwulangipun Gusti Yésus Wontên ing Rêdi.....	20
10. Gusti Yésus Anyarasakên Tiyang Sakit	22
11. Gusti Yésus Anggêsangakên Tiyang Pêjah	24
12. Sédanipun Nabi Yokhanan Baptista	25
14. Tobatipun Tiyang Èstri Awon, Sakhéus ^[20]	28
15. Pralambang Pêpitu Tumrap Karatoning Allah.....	29
16. Pralambang Tiyang Bêbêrah Pakêbonan Anggur.....	31
17. Pralambang Têtiga Tumrap Sih Piwêlasipun Allah Dhumatêng Tiyang Dosa	32
18. Pralambang Tiyang Sugih kaliyan Lasarus ^[24]	34
19. Katrêsnaning Gusti Yésus Dhumatêng Para Laré	35
20. Pralambang Tiyang Samaria kang Wêlasan sarta Pralambang Abdi Tégan	37
21. Pralambang Tumraping Sêmbahyang tuwin Pralambang Tumraping Budi Andhap Asor.	38
22. Panêksinipun Pétrus ing Atasipun Sarirani ^[25] Gusti Yésus, Gusti Malih Warni.....	40
23. Tindakipun Gusti Yésus dhatêng Bétani Ngantos Kaping Tiga.....	41
24. Gusti Yésus Nitih Kului Ginarêbêg déning Tiyang Kathah Lumêbêt dhatêng Yérusalém.....	43
25. Pralambang Tiyang Tani Dursila tuwin Pralambang Bujana Agêng	45
26. Pangandikaning Gusti Yésus Mênggahing Jaman Wêkasan	46
28. Gusti Yésus Angwisuhi Sukuning Para Sakabat, tumuntên Amurwani Bujana Suci.....	50
29. Gusti Yésus Wontên ing Patamanan Gètsémané	52
30. Gusti Yésus Linoropakên déning Yudas, Sinélakan déning Pétrus.....	54
31. Gusti Yésus Pinariksa ing Pradata Agêng, Katêmahanipun Yudas	56
32. Gusti Yésus Pinariksa déning Adipati Pilatus, tuwin Raja Hérodhès.....	57
33. Gusti Yésus Kapasrahakên déning Pilatus, Badhé kasalib.....	58

34. Gusti Yésus Sinalib	60
35. Gusti Yésus Sinarékakêن	63
36. Wungunipun Gusti Yésus saking Séda	64
37. Gusti Yésus Ngatingali Sakabat Kêkalih, ingkang Sawêg Lumampah dhatêng Dhusun Emaus	65
38. Gusti Yésus Ngatingali dhumatêng Tomas Sakancanipun, lajêng Ngatingali Sakabat Pêpitu Wontên ing Sagantênan Tibérias	66
39. Gusti Yésus Andhawahakêن Pasalulupan Suci, Minggahipun Gusti dhatêng Swarga.....	67
40. Dintên Agêng Pêntékosta	68
41. Tiyang Lumpuh Kasarasakêن, Ananias lan Safira	70
42. Sédanipun Sêtéfanus ^[13]	71
43. Pêpatih Lâbêt ing Tanah Ngabêsi, Bok Tabita.....	72
44. Tobatipun Saul	74
45. Kurnélis Têtindhihing Prajurit Rum.....	76
46. Pétrus Kaluwaran saking Pakunjaran.....	77
47. Paul Mêmulang Wontên ing Nagari Antiokhus tuwin ing Listra	78
48. Bok Lidhi, ^[16] Juru Kunjara	80
49. Paul Mêmulang Wontên ing Nagari Atén, ing Korinti, lan ing Éfésus.....	81
50. Paul Kinunjara Wontên ing Nagari Késaria	83
51. Lampahipun Paul Dumugi ing Nagari Rum	84
52. Gumêlaring Injil déning Para Utusan	86

Cariyosipun Tiyang Yahudi, Wiwit Nabi Mal Akhi^[1] Dumugi Nabi Yokhanan Baptista





Kacariyos, tiyang Yahudi anggènipun kabawah déning para ratu ing Pèrsi laminipun watawis kalih atus taun. Sêsampuning punika karaton ing Pèrsi lajêng kabêdhah déning sang prabu Iskandêr (Zulkarnèn) ratu ing Yunan. Sasédanipun sang prabu Iskandêr, wontên satunggal sénapatinipun anama: Ptolémeyus, juménêng ratu ing tanah[231] Mêsir, punika lajêng ambawahakêng ing tanah Yahudi. Kala samantên tiyang Yahudi kathah ingkang kaboyong dhatêng tanah Mêsir. Sarêng kaprabonipun gumantos dhumatêng ingkang putra, punika lajêng kathah kasaénanipun dhatêng bôngsa Yahudi, malah sang prabu anuding pujôngga pitung dasa, mènggah kitabipun tiyang Yahudi torèt sapanunggilanipun, kinèn ambasakakêng Yunani. Déné têtiyang Yahudi anggènipun kabawah déning para ratu ing Mêsir ngantos langkung satus taun. Tumuntên kabawahakêng ing sang prabu Antiokhus, ratu ing tanah Aram. Wondéné putranipun sarêng anggêntosi juménêng ratu, punika lajêng ambêbujuuk dhatêng bôngsa Yahudi, ingajak nêmbar brahala, déné ingkang botên purun sami pinisakit. Ingkang makatên wau anjalari tiyang Yahudi éwon ingkang sami wangslu nêmbar brahala malih, samantên ugi ingkang sami mantêp dhatêng Pangéran inggih kathah, dipunpilahur pêjah sahid, anggadhahi pangajêng-ajêng manggiha kamulyan ing jaman kalanggêngan. Saking sangêting siya-siyanipun sang prabu, tiyang Yahudi ngantos tuwuhan manahipun baléla. Kacariyos, wontên imam anama Matatéa, punika gadhah putra gangsal, sami pinunjul ing kaprawiran tuwin kawantéraniipun, sami kasébut bôngsa Manabi, gantos-gumantos anyénapatèni tiyang Yahudi wau, témahan sagêd luwar saking panguwasanipun karaton ing Aram. É-[232]wadéné tiyang Yahudi wau botên tulus anggènipun mardika, margi lajêng aprajanjèan kaliyan bôngsa Rum. Lah punika anjalari ing wingking kaparéntah dhatêng bôngsa Rum. Samantên ugi ing tanah Yahudi inggih wontên turunipun piyambak, anama sang prabu Hérodhês, kalêbêt ratunipun Esaf. Kacariyos sang prabu Hérodhês wau sakalangkung prawira tuwin wicaksananipun, ananging ambêksiya. Têtiyang kathah ingkang ngonggrong amastani yèn sang prabu punika ambangun karatoning prabu Dawud, ananging para tiyang salèh sami rumaos kaparéntah dhatêng sanès bangsanipun, mila sami sangêt angajêng-ajêng mènggah rawuhipun Sang Pamartaning jagad, ingkang sampun kawêcakakêng déning nabi Yakub ing nguni.

Wiwit jamanipun Mal Akhi botên wontên nabi malih-malih ingkang sagêd anglêlipur tuwin anggugah manahing tiyang Yahudi. Punika ingkang amêwahi pangajêng-ngajênging tiyang mènggah rawuhipun ratu panutan, inggih punika jêjêbadaning Pangéran, kakintên badhé ambangun karatoning prabu Dawud, saha angluwari tiyang Yahudi saking panguwasaning tiyang Rum, ananging kayéktosanipun botên makatên. Dhasar ing nguni nabi Yésaya sampun amêdharakêng pangandikaning A-[233]llah ingkang makatên: "Ana déné ciptaning-Sun dudu ciptanira, sarta dalanira dudu dalaning-Sun. Sabab kaya dhuwuring langit saka ing bumi, mèngkono dhuwuré dalaning-Sun saka ing dalanira, apadéné ciptaning-Sun saka ing ciptanira."

[iii]

Dwi Makandhêh

Pêpêthikan Saking Prajanjéan Énggal

Kathahipun Sèkêt Kalih Cariyos

1. Sakharia^[2] tuwin Maryam Kadhatêngan Malaékat Jabarail^[3]

Kala sang prabu Hérodhès juménêng ratu wontên ing tanah Yudia^[4], ing parêdèn Yahuda wontên satunggaling imam salèh anama Sakharia. Sémahipun nama Èlisabèt. Kalih-kalihipun sampaun sami sépuh botên apêputra. Sarêng Sakharia kalérês tampil giliran angimami, lajêng késah dhatêng Yérusalém, anglampahi padamêlanipun wontên ing Bétal Mukadas. Panuju wontên ing sasana suci, angladosakên latu padupan. Lajêng dipunkatingali déning malaékating Pangéran. Paring uninga yèn Sakharia wau badhé apêputra jalér. Punika badhé mangsulakên Banisrail kathah dhatêng Pangéran, saha angrumiyini Sang Kristus. Bêbudèn tuwin kawantêranipun apindha nabi Élia. Putra jalér wau kinèn namakna Yokhanan^[5]. Déné Sakharia botên pitados dhatêng pangandikaning malaékat wau, mila lajêng anyuwun pratôndha ing kayéktosanipun. Wangsulanipun malaékat: "Ingsun iki Jabarail kang ngadhép ana ngarsaning Allah. Kautus andha-[235]wuhi sira, lah sira bakal bisu kongsi tumêka kalakoné pituturingsun mau, awit déné sira ora pracaya marang ujaringsun." Déné sabdaning malaékat wau sanalika lajêng klampahan. Mila Sakharia sarêng mêdal dhatêng palataran, botên sagêd ambérkahi dhumatêng tiyang kathah.

Sarêng sampaun antawis nêm wulan, malaékat wau lajêng angatingali dhatêng satunggaling prawan anama Maryam wontên ing nagari Nasarèt. Sêsampuning lumêbêt ing griya lajêng uluk salam makatén: "Héh wong rahayu, sira salamêta, Pangéran anjangkung ing sira, sira nêmu kanugrahan angungkuli para wadon kabèh." Maryam lajêng kumêpyur awit saking pangandika punika. Malaékat tumuntén angandika malih: "Héh Maryam, sira aja wêdi, sira wus olèh sihing Allah, lah sira bakal ambabar putra kakung, namakna Yésus. Iku bakal dadi gêdhé lan kasébut putrané Kang Maha Luhur. Bakal pinaringan déning Allah dhamparé Dawud lêluhuré lan bakal angratoni turuné Yakub ing salawa-lawasé." Sarêng Maryam anêrang mênggah kalampahani-[236]pun prakawis punika, jalaran taksih prawan. Jabarail lajêng amangsuli: "Roh Suci bakal anêdhaki marang sira, sarta pangawané^[6] Kang Maha Luhur bakal angéyubi sira. Mulané kang suci lair saka ing sira iku bakal sinêbut putraning Allah, sabab mungguhing Allah ora ana barang kamokhalan." Ing ngriku Maryam lajêng sumarah dhatêng prasêtyaning Allah wau, saksana malaékat lajêng linggar.

Sêsampuning makatén, Maryam lajêng tuwi dhatêng Èlisabèt, sémahipun Sakharia. Ing nalika Maryam uluk salam, Èlisabèt lajêng kapanjungan Roh Suci, anglémbana dhatêng Maryam, sinêbut ibuning Gustinipun. Maryam lajêng amêmuji: "Nyawa kula angluhurakên Pangéran, suksma kula asuka rêna ing atasipun Allah pamarta kula, sabab angangkat parêkanipun, wiwit sapunika ing salajêngipun. Tiyang sadaya badhé anyêbut rahayu ing kula, sabab Kang Maha Kawasa tuwin suci asmanipun sampaun aparing nugraha agêng dhumatêng kula."

Sêsampuning tigang wulan, Maryam lajêng mantuk dhatêng nagari Nasarèt.[237] Èlisabèt tumuntén anglairakên putra jalér, cundhuk kados pangandikanipun malaékat dhumatêng Sakharia wau. Sarêng bêbayi sampaun umur wolung dintén, badhé dipuntétaki lan dipunnamakakên. Déné pawongsanakipun sami badhé anamakakên Sakharia, nanging ibunipun anamakakên Yokhanan. Sarêng Sakharia dipunpitakèni lajêng anêdhâ papan panyératan. Sawêg anglérêsi nyérat, sanalika lajêng mantun bisu. Wicanténipun: "Takjénengaké Yokhanan." Awit nalika punika Sakharia sagêd wicantén malih. Têtiyang ingkang sami mirêng prakawis kaélokan punika, sami kagawukan sarta takèn-tinakèn: "Pêthèkmu bêbayi iku ing têmbé bakal dadi apa?" Ing ngriku

Sakharia lajêng kapanjingan Roh Suci sarta amêmêca. Wicantênipun: "Pangéran Allahé Israil kaluhurna, sabab wus anuwèni lan angluwari umaté kaya pangandikané ing nguni, jalaran saka para nabi kang suci sarta kèngétan prajanjéané kang suci utawa prasétyané kang marang Ibrahim lêluhurku. Déné kuwé^[7] anakku bakal sine-[238] but nabiné Kang Maha Luhur. Andhingini Sang Kristus, angrata margané, sarta amratakaké kawruhing kaslamêtan marang umaté, iya iku pangapuranning dosa."

Kacariyos Yokhanan sangsaya mindhak agêng sarta rosa budinipun. Manggèn wontén ing arara kang samun ngantos dumugi anggènipun wiwit amêmulang dhatêng Banisrail.

2. Zakharia #
3. Gabriel #
4. Yudea #
5. Yokanan #
6. pangawasané*
7. kowé*

2. Wiyosipun Gusti Yésus

Kala samantén ingkang juménêng ratu ing nagari Rum anama sang prabu Agustus, punika andhawuhakén undhang-undhang. Tiyang sabawahipun sadaya kinèn anacahakén mawi katérangakén mènggah jalér èstrinipun tuwin umur-umuranipun, punapadéné barang darbékipun. Wondéné anggènipun nacahakén wau sakathahing tiyang sami kinèn dhatêng nagarining lêluhuripun piyambak-piyambak. Wondéné Maryam tuwin Yusuf pacanganipun sarehning sakaliyanipun wau kalébêt trahing Dawud, mila lajêng sami késah^[239] saking Nasarèt dhatêng nagari Bètlékhém, inggih punika panggènaning bëbètipun Dawud ing nguni. Sarêng sampun dumugi ing nagari Bètlékhém, sakathahing griya ing ngriku sami këbak tamu sadaya, sanadyan ing paséwan inggih sampun botên wontên panggènaning ingkang lêga. Mila Yusuf lan Maryam wau lajêng sami nyipêng wontên panggènaning khéwan^[81]. Wontên ing ngriku Maryam ambabar putra kakung témbéyan. Bêbayi lajêng dipun-gêdhong ing popok, sinèlèhakén wontên ing pamakanan.

Kacariyos sajawining kitha wontên tiyang angèn. Ing dalu punika sami nêba angêmiti mén danipun. Lah ing ngriku wontên malaékating Pangéran anyélak ing têtiyang angèn wau. Dados sami kasorotan kamulyaning Pangéran, andadosakén sangêt ajrihipun. Malaékat lajêng angandika: "Sira aja padha wêdi! Sira Sunwartani kabunganan gêdhé kang bakal nyarambahai sabangsanira iku kabèh. Sabab ing dina iki wus miyos pamartanira, iya iku Kristus Sang Gusti ana ing Bètlékhém. Ing kono sira ba-[240]kal anêmoni bêbayi ginêdhong ing popok, sumèlèh ana ing pamakanan." Sanalika punika gêgolonganipun malaékating Swarga sami ngalêmpak ing ngriku sarta sami amêmuji: "Allah kamulyakna ana ing dhuwur. Kaslamêtan anaa ing bumi. Manungsa iku sinarjonandoning Allah." Para malaékat wau sêsamponing kondur dhatêng ing Swarga. Tiyang angèn lajêng sami pirêmbagan: "Ayo padha malébu ing kutha, padha andêlêng kanyataané prakara kang wus kawartakaké déning Pangéran marang aku mau." Saksana lajêng sami lumampah rârikatan. Sadumugining kitha kapanggih kaliyan Maryam tuwin Yusuf, punapadéné bêbayi sumèlèh wontên ing pamakanan. Têtiyang angèn lajêng sami cêcariyos samukawis ingkang dipunsumêrêpi wontên sajawining kitha wau. Têtiyang ingkang mirêngakén sami kagawokan, déné Maryam anyathêt prakawis punika, karaos-raosakén salébêtig galih.

Sarêng bêbayi yuswa wolung dintên lajêng dipunsupiti saha kanamakakén Yésus. Sarêng sampun yuswa kawandasa dintên lajêng kasaosakén maring Allah wontêng ing Bétal Mukadas, anê -[241]têpi anggér-anggêripun nabi Musa. Ing ngriku panuju wontên satunggaling tiyang saléh sampun sépuh anama Siméon. Punika sampun kawisik déning Roh Suci, yèn badhé botên pêjah -pêjah saéngga ningali Sang Kristus. Ing dintên punika Siméon kagéndèng déning Roh Suci lumébêt ing Bétal Mukadas. Sarêng sumêrêp Gusti Yésus, lajêng binopong. Aturipun: "Dhuh Pangéran, ing sapunika Tuwan anglilani kawula atilar donya kalayan kawilujêngan. Nêtêpi sapangandika Tuwan, awit déné maripat kawula sampun ningali kawilujêngan ingkang sampun Tuwan prasétyakakén." Siméon lajêng wicantên dhatêng Maryam: "Lah bêbayi iki wus pinêsthi bakal dadi marga tibané utawa ngadégé Banisrail akèh, lan dadi têtêngêran kang pinadonan. Sarta kowé dhéwé, atimu bakal cinublês ing pêdhong, iku supaya panyiptaning atiné wong akèh kalairna."

Ing wêkdal punika wontên nabi èstri sampun sépuh anama^[242] Ana^[91]. Punika inggih marêpêki sarwi angluhurakén Pangéran, lan anyariyosakén mènggah bêbayi punika dhatêng sakathahing tiyang ingkang sami angajêng-ajêng pangluwaran wontên ing nagari Yérusalèm.

8. kéwan*

9. Hana #

3. Gusti Yésus Sinujudan déning Pujôngga saking Tanah Wétan

Nalika Gusti Yésus taksih wonten ing nagari Bètlékhém, wonten pujôngga saking tanah wétan sumêdyâ sujud dhatêng Panjénênganipun. Ananging sami anjurug ing nagari Yérusalèm. Kanyana wiyosipun Gusti wonten ing ngriku. Para pujôngga wau lajêng sami atêtakèn: "Ana ing ngêndi ratuné wong Yahudi kang lagi miyos iku? Sabab aku ana tanah wétan wus andêlêng lintangé, déné têkaku iki sumêdyâ sujud marang Panjénêngané." Ingkang makatên wau sarêng kapirêng déning sang prabu Héro-[243]dhês ingkang ngêdhaton wonten ing ngriku, sakalangkung kagètipun. Punapadéné tiyang sanagari sami orêg. Sang prabu lajêng andangu dhumatêng para imam agêng tuwin para ngulama, mènggah wiyosipun Kristus wonten ing pundi. Déné ingkang dinangu lajêng umatur: "Anggènipun miyos wonten ing Bètlékhém, tanah Yudia. Sabab pamêcanipun nabi makatên: 'Héh sira Bètlékhém tanah Yahuda, amêsthî sira ora kuciwa ing atasé pangiriding Yahuda. Sabab bakal mêtû saka ing sira, sang panutan kang bakal angon umatingsun Banisrail.'" Sang prabu Hérodhês lajêng animbalî para pujôngga wau dhêdhêmitan. Analiti anggènipun sami ningali lintang wau kala punapa. Para pujôngga wau tumuntên sami kinèn lajêng dhatêng Bètlékhém. Welingipun sang prabu: "Golèkana bêbayi iku kang gêmêt! Déne yèn wus katêmu, banjur ngaturana uninga marang aku! Déne aku iya arêp mrana mèlu sujud." Para pujôngga lajêng sa-[244]mi mangkat, déné lintang ingkang katingal wonten ing tanah wétan angirid lampahipun. Wusana mandhêg sangginggiling griya panggènaning bêbayi wau, para pujôngga sakalangkung bingahipun lajêng sami lumêbêt ing griya, kapanggih kaliyan bêbayi tuwin Maryam ingkang ibu. Para pujôngga lajêng sami sumungkêm asujud dhatêng bêbayi wau kalayan dipunsaosi êmas, ratus tuwin ményan. Sêsamponing makatên para pujôngga lajêng sami mantuk. Ananging botên mawi wangsal dhatêng Yérusalèm, awit déne sampun kawalêran déning Allah wonten salêbêting supênan. Dados mantukipun mêdal margi sanès.

Sapêngkêripun para pujôngga, Yusuf lajêng dipunkatingali déning malaékat wonten salêbêting supênan. Pangandikanipun: "Sira tangia, angalapa bêbayi lan saibuné, banjur ngungsia marang Mêsir lan anaa ing kono kongsi tumêka goning-Sun mituturi marang sira! Sabab Hérodhès bakal anggolèki bêbayi iku arêp dipa-[245]tèni!" Sarêng Yusuf sampun tangi lajêng ambékta bêbayi tuwin Maryam, kaungsèkakên dhatêng Mêsir.

Kacariyos sang prabu Hérodhès sarêng sumêrêp bilih dipuncidrani déning para pujôngga wau sakalangkung bêndunipun. Lajêng utusan amêjahi sakathahing bêbayi ing Bètlékhém sawêwêngkonipun, ingkang sawêg umur kalih taun sapangandhap, kapirit saking anggènipun analiti dhatêng para pujôngga wau.

Sasédaning sang raja Hérodhès, malaékat wau lajêng ngatingali dhatêng Yusuf malih. Pangandikanipun: "Ing saiki sira muliha! Sabab kang ngarah patiné bêbayi iku wus mati." Tumuntên sami mantuk, lajêng manggèn wonten ing Nasarèt. Gusti Yésus sangsaya mindhak-mindhak agêngipun sarta sinungan budi rosa lan kadunungan kawicaksanan, saha angsal sih kanugrahaning Allah.[246]

4. Gusti Yésus Nalika Yuswa Kalih Wêlas Taun

Tiyang sépuhipun Gusti Yésus ing sabén taun yèn kalérês dintên agêng paskhah sami minggah dhatêng Bétal Mukadas. Sarêng sang putra sampun yuswa kalih wêlas taun, inggih dhèrèk minggah. Sésampuning dumugi ing dintên karampunganipun, tiyang sépuhipun lajêng sami mantuk nanging sang putra katilapan. Kanyana déning tiyang sépuhipun, yèn angêmpal tiyang sésarênganipun lumampah. Sarêng sampun lampahan sadintên lajêng dipunupadosi dhatêng panggènaning pawongsanakipun utawi kawanuhanipun, nanging botên pinanggih. Tiyang sépuhipun tumuntên sami wangslu dhatêng Yérusalém, tansah angupadosi. Sarêng antawis tigang dintên sang putra kapanggih wonten ing Bétal Mukadas. Sawêg lènggah kaliyan para pujongga mirêngakêni piwulang lan atêtakèn. Déné para tiyang kang sami mirêngakêni ing Gusti, sadaya kagawokan mênggahing kalantipanipun. Tiyang sépuhipun sarêng sumérêp sami ngungun. Wicanténipun ingkang ibu: "Ya géne gèr, ko-[247]wé têka gawé mêngkono marang aku? Lah bapakmu lan aku anggolèki kowé kalawan susah." Déné wangulanipun sang putra: "Punapaa sampéyan ngupadosi kula? Sampéyan punapa botên sumérêp yèn kula kédah wonten padalêmanipun Kangjêng Rama." Tiyang sépuhipun botên mangrêtos wangulan makatén wau. Sang putra tumuntên andhèrèk mantuk dhatêng Nasarèt sarta ambangun turut dhatêng tiyang sépuhipun. Wondéné ingkang ibu anyathêt samukawis punika wau salêbêting manahipun. Kacariyos Gusti Yésus sangsaya mindhak kawicaksananipun lan dêdêgipun, sarta angsal sihing Allah tuwin para tiyang

5. Gusti Yésus Sinalulupakên déning Nabi Yokhanan, lajêng Ginodha déning Iblis

Nalika Yokhanan wontên ing ngara-ara kang samun, kadhawuhan pangandikaning Allah, kinèn angêdhèng dhatêng Banisrail. Saksa-[248]na lajêng anjajah sauruting bênavi Yardèn, anggêlarakên pasalulupaning patobat murih pangapuntêning dosa. Pangandikanipun: "Padha tobata! Karatoning Swarga wus anyêdhaki." Déné pangagêmanipun nabi Yokhanan wau ingkang kadamêl wuluning unta, apaningsêt wacucal. Ingkang kadhahar walang tuwin mabén wanana. Têtiyang ing Yérusalèm sarta têtiyang ing tanah Yudia sadaya tumuntên sami medal, sinalulupakên déning nabi Yokhanan wontên ing bênavi Yardèn, sarwi angakêni dosanipun. Sarêng têtiyang kathah sami gadhah panyana bilih nabi Yokhanan punika Kristus ingkang sampun kawêca déning para nabi ing nguni, Nabi Yokhanan lajêng pratéla: "Aku iki anyalulupaké kowé kalawan banyu murih tobatmu. Déné kang rawuh sawusé aku, panguwasané ngungkuli aku. Aku iki nguculi jangêting tarumpahé baé ora pantês. Iku bakal nyalulupaké kowé kalawan Roh Suci lan gêni."

Kala samantên Gusti Yésus sawêg yuswa tigangdasa taun, kacariyos rawuh saking tanah Galiléa dhatêng panggènaning nabi Yo-[249]khanan wontên ing bênavi Yardèn. Karsanipun sinalulupna, nanging sanalika punika nabi Yokhanan lênggana. Aturipun: "Ingkang pantês malah kawula Sampéyan salulupakên, môngka rawuh Sampéyan amundhut salulup dhumatêng kawula." Déné wangulanipun Gusti Yésus: "Saiki lêganana, sabab mêngkono iku Aku padha kawajiban anêtépi sagunging kautaman." Wusana lajêng linêganan. Gusti Yésus sêsamponing sinalulupakên, mëntas saking toya lajêng andêdonga. Lah punika Swarga katingal binuka. Nabi Yokhanan aningali rohing Allah anêdhaki Gusti Yésus apindha pêksi dara. Tumuntên wontên suwara saking Swarga. Pangandikanipun: "Iku putraning-Sun kêkasih kang Sunsarjoni."

Gusti Yésus tumuntên binékta déning roh dhatêng ngara-ara ingkang samun, badhé ginodha déning iblis. Wontên ing ngriku ngantos kawandasa dintên tanpa dhahar punapa-napa. Sarêng Gusti angraos kaluwèn, iblis tumuntên marék sarwi umatur: "Yèn Sampéyan punika putraning Allah, sumôngga séla punika Sa-[250]mpéyan dhawahi dadosa roti!" Wangulanipun Gusti: "Wus katulisan, uriping manungsa ora jalaran saka roti baé, balik saka sakèhing pangandika kang mijil saka tutuking Allah." Gusti Yésus tumuntên binékta déning iblis dhatêng nagari Yérusalèm, kaprênahakên wontên mastakaning Bétal Mukadas. Déné aturipun: "Manawi Sampéyan putraning Allah, sumôngga sampéyan anjlog! Sabab sampun kasératan yèn Allah badhé andhawahi malaékatipun, angréksaa Sampéyan sarta anyanggi Sampéyan supados suku Sampéyan sampun ngantos katanggor ing séla." Wangulanipun Gusti: "Iya wus katulisan, sira aja nyoba Pangéran Allahira!" Sêsamponing makatên Gusti Yésus tumuntên binékta déning iblis malih dhumatêng rêdi ingkang sakalangkung inggil. Lajêng tinêdahakên sakathahipun karatoning jagad dalah kamuktènipun. Sarêng sanalika, aturipun iblis: "Punika sadaya badhé kula aturakên dhatêng Sampéyan, bilih Sampéyan sumungkêm sujud dhatêng kula." Ing ngriku Gusti lajêng ngandika: "Hus sétan, lungaa! Sabab wus katulisa-[251]n, asujuda lan ngabéktia maring Pangéran Allahira baé!" Iblis lajêng anilar Gusti ing sawatawis laminipun. Lah punika wontên malaékat umarék sami angladosi dhatêng Gusti.

6. Wiwitipun Gusti Yésus Angsal Sakabat, Bawahan ing Khana^[10] Tanah Galiléa, Gusti Mémulang Wontén Nasarèt

Ing satunggal dintên nabi Yokhanan angadêg wontén sapinggaing bênavi Yardèn akaliyan sakabatipun kêkalih. Sarêng Yokhanan aningali Gusti sawêg amêng-amêng, lajêng wicantên dhumatêng sakabatipun: "Lah kaé cêmpéning Allah kang amikul dosaning manungsa." Sakabat kêkalih wau lajêng sami atut wingking dhatêng Gusti. Déné Gusti sarêng nolih lajêng ngandika: "Kowé anggolèki apa?" Wangsulanipun: "Dhuh[252] guru, kula nyuwun priksa pondhokan Sampéyan wontén ing pundi?" Pangandikanipun Gusti: "Ayo ta dêlêngên!" Lajêng sami andhèrèk sarta anunggil kaliyan Gusti ing dintên punika. Déné sakabat kêkalih wau namanipun Yokhanan kaliyan Andréas. Botên antawis dangu Andréas wau kapanggih lan sadhèrèkipun anama Simon, lajêng dipunwicantêni: "Aku wus nêmoni Sang Kristus." Sarêng Gusti ningali Simon lajêng ngandika: "Kowé iku Simon anaké Yunus? Jênêngmu dakêlih Kéfas, iya Pétrus." Énjingipun Gusti Yésus kapanggih kaliyan Filipes. Pangandikanipun: "Ayo mèlu aku!" Déné Filipes sarêng kapanggih kaliyan Natanaèl, wicantênipun: "Aku wis padha katêmu kang wus katulisan déning Musa utawa para nabi liyané. Iya iku Yésus putrané Yusuf kang saka Nasarèt." Wangsulanipun Natanaèl: "Wêton Nasarèt apa ana kang bêcik?" Wicantênipun Filipes: "Ayo ta dêlêngên!" Sarêng Gusti aningali[253] Natanaèl dhatêng, lajêng ngandika: "Lah kuwi wong Israil téménan kang ora kanggonan cidra." Natanaèl lajêng umatur: "Sumêrêp Sampéyan dhumatêng kula saking pundi?" Wangsulanipun Gusti: "Sadurungé Filipes angundang kowé, Aku wus wêruh ing kowé ana sangisoring wit arah kaé." Natanaèl lajêng amangsuli: "Guru, Sampéyan punika putraning Allah, Sampéyan punika ratuning Banisrail." Pangandikanipun Gusti: "Pracayamu marang Aku awit gon-Ku ngandika marang kowé. Yèn Aku wêruh kowé ana sangisoring wit arah, lah kowé bakal wêruh kang angluwihi Aku."

Botên antawis lami ing dhusun Kana tanah Galiléa wontén bawahan. Déné Maryam ibunipun Gusti wontén ing ngriku, punapa malih Gusti lan sakabatipun inggih rawuh dipunulêm-ulêmi. Sarêng kakirangan anggur, Maryam lajêng matur dhatêng kang putra: "Ingkang gadhah damêl katêlasan anggur." Wangsulanipun Gusti: "Kang ibu kapurih sabar rumiyin!" Maryam tumuntén wicantên dhatêng para sinoman: "Apa kang dadi dhawuhé putraku[254] banjur padha lakonana!"


Kacariyos ing ngriku wontén gênthong séla nênlêm, pirantos kadamêl rérêzik. Gusti Yésus tumuntén ngandika dhatêng para sinoman: "Gênthong wau sami kinèn ngisènana toya!" Lajêng dipunisèni sakêbakipun. Gusti tumuntén ngandika malih: "Mara cidhukana, sarta wènèhna marang kang ambakoni gawé!" Sarêng cinidhukan, pinanggih toya wau sampun dados anggur. Déné ingkang ambakêni damêl angicipi anggur kadadosan saking toya wau, nanging botên sumêrêp pinangkanipun. Lajêng angundang pangantèn jalér, punika inggih botên sumêrêp pinangkanipun. Déné wicantênipun ingkang ambakêni damêl dhatêng pangantèn jalér: "Mênggah limrahipun tiyang gadhah damêl, ingkang kawêdalakên rumiyin anggur kang éca. Manawi tamu sampun sami tuwuk, lajêng kasêgahan anggur ingkang sêdhêng, kang môngka anggur ingkang éca sawêg sampéyan wêdalakên sapunika." Lah punika mukjijatipun Gusti ingkang kawitan, ngatingalakên kamulyanipun. Ing ngriku para sakabat sami pitados dhatêng Gusti.[255]

Kacariyos ing satunggal dintên Gusti rawuh wontén ing Nasarèt panggènaning duk timuripun, amarêngi ing dintên sabat. Gusti lumêbêt masjid ing ngriku kados adatipun. Tumuntén jumênêng badhé maos kitab, sinaosan kitabipun nabi Yésaya. Kitab wau sarêng kabikak, anglérêsi

sêseratan ingkang mungêl makatên: "Rohing Pangéran anjangkung ing Aku, mulané Pangéran wus anjêbadi Aku, kinon amratakaké Injil marang wong kasrakat, angléjaraké wong kang bubrah atiné, anggêlaraké pangluwaran marang sakitan, sarta pandélêng marang wong picak, apadéné angluwaraké móngsa kasénêngané Pangéran." Pamaosipun Gusti sawêg dumugi samantên, kitab lajêng katangkêbakên. Gusti tumuntên pinarak, déné tiyang kang wontên ing ngriku tansah sami mandêng dhatêng Gusti. Gusti lajêng ngandika: "Ing samêngko kowé wus padha angrungu mungguh kayéktèné tétulisan iku mau." Têtiyang sadaya sami kagawokan dhatêng manising pangandikanipun Gusti sarta sami rêraosa-[256]n: "Iku apa dudu anaké Yusuf?" Gusti lajêng angandika dhatêng tiyang wau: "Amêsthi batinmu iku amaribasakaké marang Aku mangkéné: 'Héh dhukun, nambanana awakmu dhéwé. Apa kang wus kolakoni ana ing Kapérnakum^[11] iku gawénén ana nagaramu dhéwé.' Lah iku ora mêngkono, satêméné yèn mungguh jênênging nabi ora ana kang kajèn yèn ana nagarané dhéwé. Nalika jamaning nabi Élia, ing tanah Israil ana pailan gêdhé. Ing kono akèh rôndha. Éwa samono nabi Élia ora kautus marang salah sawijiné rôndha akèh mau, balik kautus marang sawijining rôndha ing tanah Sidon. Mêngkono uga nalika jamané nabi Élisa, ing tanah Israil ora kurang wong lara budhugén. Éwadéné ora ana kang diwarasaké, mung sawijining wong ing Aram aran Naaman iku kang winarasaké." Wondéné sakathahing tiyang kang sami wontên ing masjid sarêng mirêng pangandikaning Gusti ingkang makatên wau, sami sangêt népsunipun. Gusti lajêng kawêdala-[257]kên saking masjid dhatêng sawijining kitha, sarta kadhabyang dhatêng sêssêngkaning rêdi, badhé kajorogakên dhatêng jurang. Ananging Gusti lajêng késah morot saking tengahing tiyang kathah wau, lajêng tindak dhatêng Kapérnakum.

10. Kana *


11. Kapernaum #



,,PADALEMANE RAMAKKU ADJA KOGAWÉ OMAH PADAGANGAN!“

7. Tiyang Èstri Bôngsa Samaria

Ing satunggal dintên Gusti Yésus kondur saking nagari Yérusalèm dhatêng ing Galiléa, naratas mêdal ing tanah Samaria. Sarêng dumugi ing kitha Sikar^[12] tanah Samaria, Gusti sayah anggènipun tindak, lajêng pinarak wontên satêpining sumbêr ingkang winastan sumbêring Yakub. Kala samantên para sakabatipun sawêg késah dhatêng kitha tumbas dhaharan. Botên antawis dangu wontên tiyang èstri mêdal saking kitha badhé ngangsu. Sarêng dumugi ing sumbêr wau, Gusti Yésus lajêng mundhut ngunjuk dhumatêng tiyang èstri wau. Sarèhning ingkang sampun kalampahan, tiyang Yahudi punika botên rukun kaliyan tiyang Samaria, mila tiyang[258] èstri wau sakalangkung éramipun. Déné Gusti karsa mundhut ngunjuk. Aturipun: "Kados pundi dosa Sampéyan tiyang Yahudi têka mundhut ngunjuk dhumatêng kula? Kang môngka kula punika tiyang èstri Samaria" Wangsulanipun Gusti: "Yèn kowé sumurupa sajatiné kang jaluk banyu marang kowé iki, amêsthî kowé kang jaluk marang Aku, tumuli dakwènèhi banyu urip. Sapa kang ngombé banyu pêparing-Ku, amêsthî ora ngêlak ing saklawas-lawasé." Aturipun tiyang èstri wau: "Tuwan, kula mugi Sampéyan parigi toya punika wau, supados kula sampun ngantos ngêlak malih lan sampun susah ngangsu mariki malih." Pangandikanipun Gusti: "Lakimu undangén!" Aturipun tiyang èstri: "Kula botên gadhah laki." Pangandikanipun Gusti: "Iya bénér aturmu iku, kowé wis tau laki ping lima, nanging wong lanang kang kokumpuli saiki iku dudu bojomu." Ing ngriku tiyang èstri wau anjêngêr lajêng umatur: "Tuwan, sampun tééta yèn Sampéyan punika nabi. Léluhur kula sami sêmbahyang wontên ing rédi Kharizin punika, déné pangucapi-[259]pun tiyang Yahudi, panggènaning tiyang sêmbahyang punika wontên ing Yérusalèm. Lah punika pundi ingkang lérê?" Wangsulanipun Gusti: "Ngandêla marang Aku, wus tumêka ing môngsa, wong sêmbahyang kang téménan amêsthî nêmbar maring kang Rama kalawan roh lan kanyataan. Wruhanamu Allah iku roh. Déné kang sêmbah maring Allah, bénéré anêmbaha kalawan roh lan kanyataan." Déné aturipun tiyang èstri wau: "Kula sumérêp badhé rawuhipun Kristus, lah punika ingkang badhé mratélikakên samukawis punika wau dhumatêng kula." Pangandikanipun Gusti: "Iya Aku kang ngandikani kowé iki Kristus." Tiyang èstri sarêng mirêng pangandikaning Gusti ingkang makatên wau, lajêng anilar êjunipun, gêgancangan wang sul dhatêng kitha, cêcariyos dhatêng tiyang: "Lah sajabaning kutha ana sawijining wong, wêruh sabarang panggawéku. Mara padha dêlêngén! Apa iku dudu Sang Kristus?" Têtiyang tumuntên sami medal saking kitha, sowan wontên ngarsaning Gusti, sarta gadhah panyuwun supados Gusti anyaréa wontên ing nagarinipun. Gusti inggih lajêng lérêb saha mêmulang wontên ing ngriku-[260] ngantos kalih dintên. Déné têtiyang ing ngriku kathah ingkang sami pitados dhatêng Gusti, lajêng sami wicantên dhatêng tiyang èstri wau: "Lah saiki pracayaku wus ora marga saka pangucapmu baé. Sabab saiki aku wusngrungu pangandikané dhéwé, témahan aku sumurup yèn iku Kristus satuhu pamartaning jagad."



SAWUSÉ DITUNGGANGAKÉ ING KÉWAN TUNGGANGANÉ DÉWÉ, TUMULI DIATERAKÉ


8. Pétrus Anjala, Gusti Milih Sakabat Kalih Wêlas

Kacariyos Gusti Yésus tindak dhatêng kitha Kapérnakhum, kaprénah sacêlaking sagantênan Génésarêt, tanah Galiléa, lajêng dêdalêm wontên ing ngriku pisan. Ing satunggal dintên Gusti jumênêng wontên sapinggaing sagantênan wau. Ing ngriku kathah tiyang sami andhêsék dhatêng sariranipun, sumêdyâ mirêngakêng pangandikaning Allah. Gusti lajêng nitih baitanipun Simon Pétrus. Têtiyang kang wontên ing gisik sami winulang saking baita kémawon. Sêsampuning mêmulang Gusti lajêng ngandika dhumatêng Pétrus: "Mara prâmu rada têngahna sarta jalamu tibakna,[261] karêbén olèh iwak!" Aturipun Pétrus: "Guru, anggèn kula jala sampun sadalu muput botên angsal punapa-punapa. Éwadéné sarèhning wontên dhawuh Sampéyan, inggih kula lampahi." Sarêng jala kadhawahakêng, lajêng angsal ulam anglangkungi kathahipun ngantos ambêdhahakêng jala. Lajêng ngawé kancanipun, inggih punika Yakobus lan Yokhanan kang sami wontên ing baita sanès kapurih angréncangi. Déné ulamipun kaisèkakêng ing baita kalih wau kêbak ngantos sarat. Simon Pétrus sarêng sumérêpa ulam kathahipun ngantos samantên, lajêng sumungkêm wontên ngarsaning Gusti, aturipun: "Dhuu Gusti, Sampéyan mugi nilara kula, awit kula punika tiyang dosa." Mila gadhah atur makatên, awit Pétrus sakancanipun sami gumyur awit saking ulam wau. Pangandikanipun Gusti dhatêng tiyang têtiga wau: "Kowé aja padha wêdi, balik padha tut buria Aku! Ing samêngko kowé padha takdadèkaké tukang amèk uwong." Tumuntên sami angêntasakêng baitanipun saha nilar samukawis darbékipun, lêstantun andhèrèk Gusti.[262]

Ing sanès dintên Gusti animbalî sakabatipun, lajêng amatah tiyang kalih wêlas kinarsakakêng dados kanthinipun. Supados kéginga kautus mradin-mradinakêng Injil, ugi winastan para utusan. Wondéné namanipun sakabat kalih wêlas wau, Simon ingkang jinulukan Pétrus kaliyan sadhèrèkipun anama Andréas. Yakobus anaking Sêbédau^[13] kaliyan sadhèrèkipun anama Yokhanan. Filipes kaliyan Bartalaméus^[14]. Tomas kaliyan Matéus. Yakobus anaking Alféus kaliyan Yudas jinulukan Tadéus Tadheus #. Simon tiyang ing Kana kaliyan Yudas Iskariot.

13. Zebedheus #

14. Bartolomeus #



PAMISAJA IWAK KANG NGÉRAM-ÉRAMAKÉ

9. Wêwulangipun Gusti Yésus Wontên ing Rêdi

Kacariyos Gusti Yésus anjajah ing satanah Galiléa, anggêlarakên Injiling karatoning Allah wontên ing masjid-masjid punapadéné anyarasakên sawarnining sêsakitipun tiyang. Ing ngriku kathah tiyang kang sami tut wingking ing Gusti badhé mirêngakên wêwulangi-[263]pun. Ing satunggal dintên Gusti minggah ing rôdi. Sêsamputing pinarak, para sakabat lajêng sami umarêk. Gusti lajêng mêmulang dhumatêng para sakabat punapadéné dhumatêng tiyang kathah wau, pangandikanipun makatén: "Rahayu wong kang budi andhap asor, sabab anduwèni karaton ing Swarga. Rahayu wong kang prihatin, sabab bakal linipur. Rahayu wong kang sarèh budiné, sabab bakal tômpha warisan bumi. Rahayu wong kang ngêlih lan ngêlak marang kautaman, sabab bakal winarêgan. Rahayu wong kang wêlasan, sabab bakal winêlasan. Rahayu wong kang rèsik atiné, sabab bakal wêruh ing Allah. Rahayu wong kang angrukunaké, sabab bakal ingaranan putraning Allah. Rahayu wong kang kinuya-kuya jalaran saking laku kang bêner bêcik, sabab anduwéni karaton ing Swarga. Rahayu kowé yèn dialakaké utawa kinuya-kuya ing wong marga saking aku, sabab gêdhé ganjaramu^[15] ana ing Swarga."

"Kowé iku uyahing bumi. Kowé iku pêpadhanging jagad. Mulané padha madhangana ma-[264]rang wong! Supaya padha wêruha marang panggawému kang bêcik, sabanjuré padha angluhurna Bapakmu kang ana ing Swarga. Kowé aja andalih yèn têkaku iki ambatalaké torèt utawa para nabi, têkaku ora ambatalaké malah nêtépaké. Déné tuturku ing kowé iku sanyatané, sanadyan bésuk sirnaning langit lan bumi ananging torèt iku ora sirna saaksara utawa sacêcêk baé, saéngga kalakoné kabèh."

"Kowé trêsnée marang satrumu, ambérkahana wong kang ngipat-ipati ing kowé, ambêcikana wong kang nyêngiti kowé, lan andongakna bêcik marang wong kang nganiaya tuwin nguya-uya ing kowé! Supaya kowé dadia putrané Bapakmu kang ana ing Swarga. Sabab iku kang mlêthèkaké srêngéngé, madhangi wong bêcik lan wong ala sarta ngudani wong laku bêner lan wong laku salah. Déné yèn trêsnamu iku mung marang wong kang trênsna ing kowé baé, kowé olèh opahan apa? Wong mupu béya iku rak iya mêngkono lakuné. Mulané kowé disampurna, nulada kasampurnané Bapakmu kang ana ing Swarga. Déné yèn kowé sêmbahyang lumêbuwa ing sê-[265]nthongmu, lawangé kancingén nuli sêmbahyang marang bapakmu ana ing pasingidan. Déné bapakmu kang nguningani ing pasingidan amêsthî males marang kowé ana ing lair. Ènggonmu sêmbahyang aja juwêt-juwêt kaya sêmbahyangé wong kapir, panyanané si kapir bakal katarima marga saka akèhing pitembungané. Mulané kowé sêmbahyang mangkéné: Rama kawula ingkang wontên ing Swarga mugi asma Sampéyan kamulyakna, karaton Sampéyan andhatêngana, karsa Sampéyan kalampahana kados ing Swarga, ing bumi makatêna ugi. Kawula sadaya mugi Sampéyan paringi rêuksi ing dintên punika, saha Sampéyan ngapuntén sakathahing kalêpatan kawula kados déné anggèn kawula ngapuntén tiyang ingkang kalêpatan dhatêng kawula, punapa malih kawula mugi sampun ngantos kalêbêtakên dhatêng panggodha, kawula Sampéyan luwarakên saking piawon. Sabab Sampéyan ingkang kagungan karaton saha wisésa, miwah kamulyan ngantos ing salami-laminipun, Amin."

"Kowé aja nglumpukaké bônnda ana ing alam donya, ènggoné rêngêt lan bubuk amêmongsa, lan ènggoné maling a-[266]mbabah lan nyolong. Balik kowé anglumpukna bônnda ana ing Swarga kang ora ana rêngêt lan bubuk, lan ora ana maling! Sabab ing ngêndi ènggoné bandhamu, ing kono ènggoné atimu. Lah mara dêlêngén manuk-manuk iku, tur ora nyêbar wiji lan ora panèn, apadéné kakkumpukana ing lumbung. Suprandéné bapakmu kang ana ing Swarga pêparingé pangan ora kakurangan, lah kowé apa ora ngluwih manuk iku? Ya géné kowé padha sumêlang

mungguhing sandhang? Lah mara andêlênga kêmbarang tunjung, tur iku ora nyambut gawé lan ora ngantih. Suprandéné sang prabu Suléman, kapraboné kabèh ora ngagém kang kaya iku. Héh wong kurang pangandél, sarèhné Allah amanganggoni kaya mèngkono marang thêthukulaning bumi kang ora suwé bakal ingobong, apa ora milahur amanganggoni kowé. Kowé padha andhisikna ngupaya karatoning Allah, apadéné kautamané, lah sandhang pangan iku bakal winuwuhaké marang kowé."

"Aja ngukumi ala marang wong! Supaya kowé aja diukumi ala.[267] Sabab kowé uga bakal diukumi padha lan olèhmu ngukumi, lan bakal ditakéri padha lan olèhmu nakéri. Mulané samubarang kang kokarépi wong agawéa marang kowé, kowé iya agawéa mèngkono marang wong. Kowé padha lumébuwa ing lawang kang ciyut, sabab lawang kang ômba utawa dalan kang jémbar iku anjog marang karusakan, môngka akèh kang padha lumébu ing kono. Déné lawang kang ciyut utawa dalan kang rupak iku anjog marang kaslamétan, môngka arang wong kang nému iku. Kowé dèn prayitna yèn ana wong ngaku-aku nabi, titikén saka kalakuané baé. Ora sok wong anyêbut marang aku Gusti, Gusti, iku bakal lumébu karatoning Swarga, mung wong kang nglakoni karsané Kangjêng Rama kang ana ing Swarga iku kang lumébu." Wondéné Gusti sésampuning dumugi anggènipun mêmulang, tiyang gêgolongan sami kahébatan ing wêwulangipun, sabab anggènipun mêmulang kados ingkang kagungan kuwasa, botén kados pamulangipun para ngulama.[268]

15. ganjaranmu*

10. Gusti Yésus Anyarasakên Tiyang Sakit

1. Anglérêsi ing dintên agêng Gusti wontên ing Yêrusalèm. Kacariyos ing ngriku wontên satunggaling sêndhang pasiraman ingkang winastan Bètésdha, kinubêng ing griya lajuran, dipunênggèni pintên-pintên tiyang sakit awarni-warni sami angajêng-ajêng ébahing toya sêndhang wau. Ing ngriku wontên satunggaling tiyang, anggènipun nandhang sakit laminipun sampun tigang dasa wolu taun. Sarêng Gusti mirsa tiyang punika ngalèlèh sarta sumêrêp yèn anggènipun nandhang sakit sampun lami, lajêng andangu: "Kowé apa kapéngin waras?" Wangsulanipun tiyang sakit wau: "Dhuh Tuwan, kula botên gadhah kôncâ ingkang nyêmplungakên kula dhatêng sêndhang ing nalika toyaniipun ébah, dumados yèn kula badhé ambyur karumiyinan tiyang sanès." Déné pangandikanipun Gusti: "Kowé tangia, paturonmu junjungên, banjur lumakua!" Tiyang sakit wau lajêng saras sami sanalika anjunjung patilêmanipun lajêng lumampah.
2. Ing satunggal dintên Gusti tindak dhatêng Kapêrnakhum. Ing ngriku[269] wontên satunggaling tindhîhing prajurit Rum, gadhah abdi kêkalih sakit mèh pêjah. Wondéné têtindhîh wau sarêng mirêng mênggah pawartosipun Gusti, tumuntên utusan para pinisêpuh têtiyang Yahudi, kinèn angaturana Gusti supados têdhaka anyarasakên abdinipun wau. Tiyang Yahudi wau sarêng dumugi wontên ngarsaning Gusti, sangêt pangudinipun, aturipun: "Pantês yèn Sampéyan alênggana panyuwunipun têtindhîh punika, sabab trèsna dhatêng bôngsa kula, malah sampun naté ambangun masjid kula." Gusti Yésus lajêng têdhak anyarêngi lampahipun tiyang Yahudi wau. Sarêng Gusti sampun andungkap rawuh, têtindhîh wau lajêng kèngkènan pawongmitranipun amêthuk. Sarêng sampun kapanggih, lajêng umatur: "Dhuh Tuwan, aturing têtindhîh makatên: 'Sampéyan sampun susah-susah, amila ingkang wau kula ngantos botên sowan piyambak wontên ngarsa Sampéyan. Awit déné kula rumaos botên pantês griya kula Sampéyan lêbêti. Déné ingkang kula suwun namung sabda Sampéyan sakêcap, amêsthi réncang kula tumuntên saras. Upaminipun: kula punika tiyang kabawah déning[270] inggil-inggilan kula, éwadéné kula inggih ambawahakên tiyang kalèrèhan kula, sanadyan prajurit utawi réncang punika manawi kula dhawuhi paréntah, amêsthi lajêng nglampahi samukawis dhawuh kula wau.'" Sarêng Gusti mirêng aturaning têtindhîh wau ngungun. Pangandikanipun dhumatêng tiyang ingkang sami andhèrèk: "Sanadyan wong Israil pisan, Aku durung nêmu kang pangandêlé samono." Saantukipun kèngkènan wau, réncang kang sakit pinanggih sampun saras.
3. Ing sanès dintên Gusti tindak dhatêng Kapêrnakhum malih. Sarêng sampun kasumêrêpan déning tiyang kathah yèn Gusti lumêbêt ing satunggaling griya, para tiyang lajêng sami dhèrèk lumêbêt ing griya ngantos sêjak panggènanipun. Dalah ing jawi tiyang ugi sami dhêsékan. Gusti lajêng andhawahakên wêwulang dhumatêng para tiyang wau. Ing ngriku kasaru dhatêngipun tiyang sakawan sami anggotong kancanipun ingkang sakit lumpuh, sumêdyâ kasuwunakên pitulunganing Gusti. Tiyang sakawan wau sami botên sagêd lumêbêt ing griya jalanan saking jêjêling tiyang, sarehning griya ing ngriku sami kadamêl pa-[271]pak. Mila tiyang sakawan wau lajêng sami gadhah réka mènèk dhatêng payonipun kémawon, lajêng ambobok. Déné tiyang sakit wau dalah patilêmanipun lajêng kaudhunakên medal ing ngriku dumugi wontên ngarsaning Gusti. Sarêng Gusti mirsa mênggah pangandêlipun tiyang punika, lajêng angandika dhatêng tiyang sakit wau: "Héh anak, dosamu wis kaapura, tangia, paturonmu junjungên, banjur muliha!" Sanalika tiyang sakit wau lajêng tangi, anjunjung patilêmanipun, kabékta mantuk medal sangajênging tiyang kathah. Wondéné para tiyang sami kagawakan. Sarta sami angluhurakên asmaning Allah, pangucapipun: "Salawasé aku durung tau tumon kang kaya mêngkono."

4. Ing satunggal dintên Gusti tindak dhatêng Yérusalèm, medal ing tapêl watêsipun tanah Galiléa kaliyan tanah Samaria. Dumugi ing satunggal dhusun, Gusti mrangguli tiyang sadasa sami sakit budhugén, sami ngadéng wontén ing katébihan. Tiyang wau lajêng sami anguwuh-uwuh: "Dhuh Yésus, guru, kawula mugi Sampéyan wélasi." Pangandikanipun Gusti: "Kowé padha lungaa, awakmu tuduhna marang i-[272]mam!" Déné tiyang sadasa wau salêbêtipun lumampah sésakitipun sami saras. Môngka ingkang satunggal sarêng sumêrêp ménawi awakipun sampaun saras, saksana lajêng wangsl, asru mémaji maring Allah. Sarêng dumugi wontén ngarsanipun Gusti lajêng sumungkêm, angaturakên panuwunipun. Wondéné tiyang satunggal punika bôngsa Samaria. Gusti Yésus lajêng andangu: "Kang dakwarasaké rak wong sapuluh pisan, sabab apa kang bali nyaosi pépuji maring Allah mung siji iku tur wong mònca." Gusti tumuntên ngandika dhumatêng tiyang satunggal wau: "Ngadéga, banjur nutugna lakumu! Pangandêlmu iku wus mitulungi kowé."

5. Ing satunggal dintên Gusti Yésus anggènipun lêlana ngantos medal saking tanah Yahudi, dumugi pajajahaning nagari Tirus tuwin Sidon. Ing ngriku wontén satunggaling tiyang èstri bôngsa Kêñangan, botên kalêbêt tiyang Yahudi, gadhah anak èstri sakit kranjingan. Sarèhning tiyang èstri wau sampaun mirêng pawartos ing atasipun Gusti, mila kêdah nyuwun pitulunganipun, lajêng anguwuh-uwuh: "Dhuh Gusti têdhaking Dawud, kawula mugi[273] Sampéyan wélasi, anak kawula èstri sakit kranjingan." Sarèhning sanalika punika Gusti botên mangsuli. Para sakabat lajêng sami matur: "Tiyang punika tut wingking kula kalayan jêlah-jêlih, bok inggih Sampéyan dhawuhi késah kémawon." Gusti lajêng mangsuli: "Aku mung kautus mitulungi bôngsa Israil baé." Tiyang èstri wau lajêng majêng, asujud wontén ngarsaning Gusti, aturipun: "Dhuh Gusti, kawula mugi Sampéyan pitulungi." Pangandikanipun Gusti: "Ora patut anjupuk rotining anak-anak pinakakaké ing asu." Aturipun tiyang èstri wau: "Kasinggihan pangandika Sampéyan, éwadéné sagawon punika inggih nêdha cuwilan roti kang rêntah saking méjaning bêndaranipun." Gusti lajêng mangsuli: "Héh wong wadon, gêdhé têmén pangandêlmu, kasêmbadana panyuwunmu iku." Déné anakipun lajêng saras sanalika punika.[274]

11. Gusti Yésus Anggê sangakên Tiyang Pêjah

1. Kacariyos Gusti Yésus tindak dhatêng kitha Nain, kathah ingkang sami andhèrèk, para sakabat tuwin tiyang gê golongan. Sarêng dumugi sacêlaking kitha, Gusti kapêthuk mayit ginotong, inggih punika anakipun ontang-anting satunggaling rôndha ing ngriku, kairingakên déning tiyang kathah, punapa malih biyungipun ugi tumut sarwi nangisi turut margi. Sarêng Gusti ningali bok rôndha wau lajêng rêntah wêlasipun, pangandikanipun: "Kowé aja nangis!" Gusti lajêng mrêpêki anyandhak bandhosa, têtiyang kang gotong lajêng sami mandhêg, pangandikanipun Gusti: "Tholé, dhawuhku marang kowé, tangia!" Sanalika mayit wau lajêng anjênggèlèk saha wicantên, tumuntén kapasrahakên dhatêng biyungipun. Wondéné sakathahing tiyang sami ajrih sarta mêmaji maring Allah, ungêlipun: "Ana nabi gêdhé juménêng, Allah anuwèni umaté."
2. Tan antawis lami Gusti wangsl dhatêng nagari Kapérnakhum. Sa-[275]rêng dumugi ing ngriku, lurahing masjid anama Yairus dhatêng sumungkêm wontên ngarsanipun, panyuwunipun mugi Gusti têdhaka dhatêng griyanipun, supados mitulungana anakipun èstri namung satunggal, sawêg umur kalih wêlas taun sakit sangêt ngantos mèh pêjah. Saksana Gusti andhangani têdhak dhatêng griyanipun, kathah tiyang kang andhèrèkakên. Sarêng ngajêngakên dumugi, lajêng wontên abdinipun Yairus dhatêng umatur ing bêndaranipun: "Putra sampéyan sampun kalajêng ajal, mila sampéyan sampun ngantos makèwêdi guru." Sarêng Gusti mirêng lajêng nyambéti pangandika: "Kowé aja sumêlang, kumandêla baé, anakmu amêsthi waras!" Sarêng Gusti lumêbêt ing griya, aningali tiyang kathah sami gumuruh nangisi laré kang pêjah wau, pangandikanipun Gusti: "Aja kotangisi! Bocah iku ora mati, lagi turu baé." Déné sakathahing tiyang sami angèsêmi dhatêng Gusti, sabab sami sumêrêp yèn laré wau sayêktos sampun pêjah. Lah ing ngriku sakathahing tiyang sami kinèn mêdal déning Gusti. Wondéné ingkang kinarsakakên wontên salêbêting griya namung sakabat tiga, Pétrus, Yakobu-[276]s, lan Yokhanan, punapa malih bapa biyungipun laré wau. Gusti tumuntén anyandhak tanganing mayit sarwi anguwuh, pangandikanipun: "Bèng, dhawuh-Ku tangia!" Nyawanipun laré wau lajêng wangsl, tumuntén tangi sami sanalika. Tiyang sépuhipun ngantos sami kagawakan, éwadéné sami dipunwalêri mènggah prakawis punika sampun ngantos kapanjang-panjang ing wartos. Gusti tumuntén dhawuh, laré wau kinèn nyukani nêdha.

12. Sédanipun Nabi Yokhanan Baptista

Kacariyos sang prabu Hérodhês ratu ing tanah Galiléa punika angrêbat tiyang èstri nama Hérodhias, sémahing sadhèrèkipun kuwalon anama Filipus, kasêngkér wontên ing kadhaton. Lah ing ngriku nabi Yokhanan Baptista botên taha-taha angèngêtakén dhatêng sang prabu, aturipun makatén: "Sampéyan botên kénging amêngku tiyang èstri punika!" Ananging aturipun nabi Yokhanan wau botên kagêga, nabi Yokhanan malah la-[277]jêng kinunjara. Sampuna sang prabu èngêt bilih Yokhanan punika kaanggêp nabi dhatêng kawulanipun, saèstu lajêng dipunpêjahi pisan, awit saking gêmêsipun Hérodhias wau. Wondéné nabi Yokhanan wontên salêbêting kunjara mirêng pawartos mènggah samukawis ingkang dipunlampahi Sang Kristus, tumuntén utusan sakabatipun kêkalih kinèn matur pitakèn dhatêng Gusti Yésus: "Punapa Sampéyan punika Sang Kristus ingkang sampun winêca badhé rawuh? Punapa kula taksih ngajêng- ajêng malih?" Sarêng utusan wau dumugi wontên ngarsanipun Gusti, angaturakén punapa wêlingipun nabi Yokhanan, pangandikanipun Gusti makatén: "Kowé balia! Mratélakna marang Yokhanan, apa sapangrungumu lan sapandêlêngmu, kaya ta wong picak dadi andêlêng, wong lumpuh têmah lumaku, wong budhugên padha winarasaké, wong budhêg têmahan ngrungu, wong mati padha inguripaké, apadéné wong mlarat padha kawartanan Injil. Rahayu wong kang ora kasandhung ing Aku."

Kacariyos sang raja Hérodhês anglérési tingalan wi-[278]yosanipun adamêl bujana. Ing ngriku putranipun putri Hérodhias patutan saking Filipus anama Salomé, bêksa wontên ngarsaning sang prabu. Déné sang prabu kasêngsêm sangêt mirsani bêksanipun sang putri wau, ngantos kawiyo pangandikanipun kalayan supata, sagah marangi punapa sapanyuwunipun, sanadyan anyuwuna sapalihing karatonipun ugi sinagahan. Déné sang putri sêmunipun kèmêngan ing galih, mila lajêng nyuwun pirêmbagipun kang ibu, kados pundi prayoginipun ingkang badhé kasuwun. Wondéné kêng^[16] ibu sarèhning taksih mëmpêng sêngitipun dhatêng nabi Yokhanan Baptista, kagalih kalêrêsan sangêt, saksana lajêng mangsit dhumatêng kang putra, kinèn nyuwun sirahipun nabi Yokhanan Baptista, kawadhahana ing bési. Sarêng sang prabu nampèni atur panyuwunipun sang putri Salomé, sakalangkung sungkawanipun. Éwadéné sarèhning sampun kawiyo supatanipun saha kasumêrêpan déning para tamu, têmah sang prabu dhawuh amaringi sapanyuwunipun Salomé wau, lajêng utusan priyantun mondaraka kinèn anigas jangganipun nabi Yokhanan kang wontên salêbêting ku-[279]njara. Sirahipun tumuntén kawadhahana ing bési, kaparingakén sang putri wau, lajêng kaaturakén kang ibu. Déné para sakabatipun nabi Yokhanan lajêng sami ngukup layonipun, sêsamponing kapêtak, lajêng sami nyaosi pirsa dhatêng Gusti Yésus.

16. kang*

13. Gusti Yésus Anyirêp Prahara tuwin Alun, lajêng Amaringi Têdha Tiyang Gangsal Èwu, Tindak Sanginggiling Toya.

Kacariyos Gusti Yésus anitih baita, para sakabatipun ugi botên kantun, pangandikanipun Gusti: "Ayo padha ményang sabrang! Baita tumuntén pangkat, sésampuning ambabar layar, Gusti lajêng saré. Botên antawis dangu wontên prahara, baita agonjang-gunjing, awit déné katêmpuh ing alun, malah ngantos kalêbêtan toya. Para sakabat tumuntén umarêg^[17] amungu Gusti, aturipun: "Dhuu Gusti, Sampéyan mugi mitu-[280]lungana kula sami katiwasan." Déne pangandikanipun Gusti: "Héh wong kurang pangandêl, ya géne kowé padha maras?" Gusti lajêng wungu, andukani prahara tuwin alun, sanalika sami sirêp lérêb. Wondéné sakathahing tiyang sami kagawakan sarta sami réraosan: "Iku wong apa? Déne prahara lan alun téka padha ngèstokaké paréntahé." Wondéné lampahipun baita lêstantun ngantos dumugi ing sabrang, Gusti sasakabatipun lajêng mèntas wontên ing tanah Gadara^[18]. Wontên ing ngriku Gusti anyarasakên tiyang sakit kranjingan, sakalangkung galakipun. Sésampuning makatên Gusti lajêng nitih baita malih, wangsl dhatêng nagari Kapérnakum.

Ing sanes dintên Gusti Yésus nitih baita malih, kadherèkakên déning para sakabatipun tindak dhatêng ngara-ara kang sépêni sacêlaking nagari Bètsaidha^[19]. Wondéné tiyang gêgolongan sampun têrang yèn tindakipun Gusti nitih baita, mila lajêng sami lumampah dharat angrumiyyini tindakipun Gusti, nyégaat wontên panggènan badhé mèntasipun. Sarêng Gusti mèntas, amirsani tiyang gê-[281]golongan sampun andhèr wontên ing ngriku. Gusti lajêng rêntah wêlasipun awit tiyang wau apindha ménda kang tanpa pangèn. Tumuntén sami dipunwulangi bab karatoning Allah ngantos dangu pamulangipun, saha tiyangipun sakit sami dipunsarasakên. Sarêng sampun wanci lingsir kilèn, para sakabat sami umatur: "Punika panggènan sépêni, wancinipun sampun lingsir, tiyang kathah punika prayogi sami kadhwahhana bibar supados sami késaha tumbas roti, sabab sami botên wontên ingkang dipuntêdhâ." Gusti lajêng ngandika dhumatêng para sakabat: "Kowé baé awèha mangan!" Aturipun sakabat: "Punapa kula késah tumbas roti kalih atus dinar kadamêl anuwuki tiyang samantên punika?" Gusti lajêng andangu: "Kowé sangu roti pira?" Aturipun sakabat: "Wontên roti gangsal saha ulam loh kêkalih." Gusti nuntên paréntah dhumatêng para sakabat: "Sakathahing tiyang sami kinèn lênggah sap-sapan wontên ing sukêtan!" Têtiyang tumuntén sami lênggah sap-sapan, amarik-marik, atusan u-[282]tawi èkétan. Gusti tumuntén mundhut roti gangsal wau tuwin ulam loh kêkalih, lajêng tumênga dhatêng langit sarwi andêdonga. Roti lajêng cinuwil-cuwil nuntên kaparingakên dhumatêng para sakabat kinèn amradinakên dhumatêng sakathahing tiyang wau, punapadéné ulam loh kêkalih wau kaêdum-êdumakên inggih wradin sadaya. Sakathahing tiyang lajêng sami nêdha satuwukipun, malah roti tuwin ulam wau taksih langkung, kaklêmpakakên awit saking dhawuhipun Gusti ngantos angsal kalih wêlas kranjang kêbak. Môngka kang sami nêdha wau watawis wontên tiyang gangsal èwu, kajawi tiyang èstri tuwin laré-laré. Wondéné sakathahing tiyang sarêng sumêrêp mukjizing Gusti ingkang makatên wau, lajêng sami réraosan: "Lah iku kanyataané nabi kang wus winêca bakal rawuh, malah sami gadhah karêntêg badhé anjiyat dhatêng Gusti kajuménengakên ratu. Sarêng Gusti mirsa pikajêngipun tiyang kathah ingkang makatên wau, Gusti lajêng anyalimpêt minggah ing rêdi piyambak karsa sêmbahyang.[283]

Ing wanci sontên para sakabat sami anumpak baita badhé wangsl dhatêng Kapérnakum. Déne Gusti taksih kantun wontên ing rêdi. Lampahing para sakabat wau wontên ing sagantênan kasaput ing dalu, lah ing ngriku baita katêmpuh ing prahara, para sakabat sangêt kasusahanipun. Sarêng wanci bangun énjing Gusti nusul para sakabatipun, tindak sanginggiling toya amrêpêki baita, para sakabat sarêng ningali sami ajrih sarwi ajêlah-jêlih, dipunwastani mêmêdi. Gusti

tumuntên ngandika dhumatêng para sakabat wau: "Kowé padha diayêm atimu, iki Aku dhéwé, kowé aja ana kuwatir!" Pétrus lajêng amangsuli atur: "Gusti, manawi saèstu Sampéyan, kula mugi kadhwuhana umarék dhatêng Sampéyan lumampah sanginggiling toya!" Pangandikanipun Gusti: "Iya mrénéa!" Pétrus lajêng mudhun saking baita, lumampah sanginggiling toya amrêpêki Gusti. Sarêng sumêrêp angin agêng, Pétrus lajêng maras sarta badhé kêlêm, abêngok-bêngok: "Gusti, kula Sampéyan tulungi!" Gusti lajêng mulung astanipun, anyandhak Pétrus sarwi ngandika: "Héh wong cupêt pa-[284]ngandêl, ya géné kowé maido?" Sakaliyanipun wau, sésampunipun minggah ing baita, angin lajêng sirêp. Sakathahing tiyang kang wontên ing baita sami umarék sujud dhatêng Gusti, aturipun: "Sampéyan punika saèstu putraning Allah."

17. umarék*

18. Gadhara #

19. Betsaida #

14. Tobatipun Tiyang Èstri Awon, Sakhéus^[20]

Wontén satunggiling tiyang Parisi^[21] anama Simon, angaturi Gusti dhahar ing griyanipun. Salêbeting Gusti pinarak ing ngriku kasaru dhatêngipun tiyang èstri awon sampaun tobat, ambékta cupu isi lisah wangi. Tumuntén marêpêki Gusti sarwi nangis, luhipun ngantos angêbêsi sampéyanipun Gusti, lajêng dipunusapi kalayan rambutipun sarta ngujungi sampéyanipun lan dipunkonyohi kalayan lisah wangi wau. Déné ingkang gadhah griya sarêng ningali pratingkah makatêن wau lajêng angunadika: "Yèn wong iku nabi ya amêsthî sumurup mungguh wong wadon kang anggêpok sarirané iku wong ala." Sarêng Gusti mirsa pangunadikanipun tiyang Parisi wau^[285] lajêng ngandika: "Héh Simon, Aku duwé pitakon marang kowé. Ana wong motangaké marang wong loro, kang siji limang atus dinar, sijiné sekêt dinar. Sarehning padha ora bisa nyaur, utangé sakaroné iku banjur diêpuraké. Kapriyé mungguh panémumu? Wong loro mau êndi kang onjo trêsnané?" Wangsulanipun Simon: "Pandugi kula ingkang sambutanipun kathah kaêpurakên punika." Pangandikanipun Gusti: "Iya bêñér panémumu iku. Kowé apa ora andêlêng wong wadon iku? Lah mara pikirên, ênggonku lumêbu ing omahmu kowé ora ngaturi banyu wisuh marang Aku, kang môngka wong wadon iku angêbêsi sikil-Ku kalawan luhé sarta diusapi kalawan rambuté. Apadéné kowé ora ngambung Aku, môngka wong wadon iku tansah angujungi sikil-Ku, mêngkono uga kowé ora nglêngani êndhas-Ku, môngka wong wadon iku angonyohi sikil-Ku kalawan lênga wangi, mulané pitutur-Ku marang kowé: "Wong wadon iku bêñér dosané akèh nanging wus ingapura, mulané akèh trêsnané. Déné [286] wong kang diapura sathithik, trêsnané iya mung sathithik." Gusti tumuntén ngandika dhumatêng tiyang èstri wau: "Dosamu wus ingapura, muliha kalawan slamêt."

Nalika Gusti tindak dhatêng nagari Yêrusalèm ingkang wêkasan, mêdal ing kitha Yéréka. Ing ngriku wontén satunggaling tondha sugih anama Sakhéus. Tiyang punika sakalangkung kapénginipun sumêrêp ing Gusti nanging botên wagêd, jalaran saking kathahing tiyang gêgolongan, kang môngka dêdêgipun andhap. Saksana Sakhéus lajêng gadhah réka anglancangi tindakipun Gusti, lajêng mènèk ing wit arah ingkang sampaun kapasthèkakên yèn Gusti badhé medal ing ngriku. Sarêng Gusti dumugi sacêlaking wit arah wau lajêng tumênga amirsani Sakhéus sarwi ngandika: "Héh Sakhéus, énggal mudhuna! Sabab aku kudu lèrèn ing omahmu." Sakhéus tumuntén rikat mudhun, lajêng anampèni Gusti kalayan suka bingah. Wondéné sakathahing tiyang kang sumêrêp sami pating garundêl, wicantênipun: "Têka lèrèn ana ngomahé wong ala." Sakhéus tumuntén majêng matur ing Gusti: "Gusti, bôndha^[287] kula ingkang sapalih kula danakakên dhatêng tiyang miskin, kang sarta manawi kula ambalithuk dhatêng satunggaling tiyang, kula wangslakên tikêl sakawan." Gusti lajêng ngandika: "Ing dina iki omah iki wus olèh kanugrahan, awit déné Sakhéus iku uga turuné Ibrahim, sabab rawuhé putraning manungsa anggolèki lan anylamêtaké kang wus ilang."

20. Zakheus #

21. Farisi #

15. Pralambang Pêpitu Tumrap Karatoning Allah

Gusti Yésus anggènipun mêmulang dhumatêng para sakabat utawi tiyang kathah ing bab karatoning Allah asring mawi pralambang.

Ing satunggal dintên Gusti anitih baita wontên sapinggaing sagantênan Galiléa. Déné tiyang gêgolongan andhèr wontên ing gisik, sami kawulang saking salêbêteng baita. Pangandikanipun makatêن:

1. Ana wong tani mêtû anyêbar wiji. Gone anyêbar mau ana kang kècèr ing dalan banjur kaidak-idak sarta ci-[288]nucukan ing manuk. Lan ana kang tiba ing padhasan, wiji mau énggal thukulé, awit lêmahé kurang kandêl, barêng kasorotan ing srêngéngé banjur kabrangas, sarèhné ora ana oyodé banjur garing. Ana manèh kang tiba ing ngérèn, témaha thukulé kêndhîh déning thukuling êri. Apadéné ana kang tumiba ing lêmah bêcik, lah iku kang tulus mêtû wohé. Ana kang tikêl status, ana kang tikêl sawidak, lan ana kang tikêl têlung puluh. Sapa kang duwé kuping pangrungu angrungokna.

Sarêng para sakabat matur pitakèn mènggah wantahipun pralambang wau, Gusti lajêng ngandika: "Wiji iku pangandikaning Allah, déné kang kècèr ana ing dalan iku kaya ta wong kang ngrungokaké pangandikaning Allah nanging orangréti. Wêkasan pangandika mau karêbut déning iblis, supaya aja kongsi pracaya, aja kaslamétan. Déné kang tiba ing padhasan iku kaya ta wong kang angrungokaké pangandikaning Allah banjur tinampanan kalawan suka bungah nanging ora kukuh, go-[289]ne pracaya ora lêstari, barêng katêmpuh ing panggodha banjur murtat^[221]. Déné kang tiba ing ngérèn iku kaya ta wong kang ngrungokaké pangandikaning Pangéran nanging banjur kêndhîh déning kasusahan utawa kasugihan, apadéné pakarêman ing alam donya andadékaké ora tulusé. Déné kang tumiba ing lêmah bêcik iku kaya ta wong kang angrungokaké pangandikaning Allah sarta ngréti, banjur kasimpêni sajroning ati kang témén bêcik. Tumuli mêtû wohé, ana kang onjo, utawa kang sêdhêng lan ana kang asor.

2. Gusti Yésus tumuntên anggêlarakêni pralambang malih, pangandikanipun: "Karatoning Swarga iku kaya upamané wong nyêbar wiji gandum kang bêcik ana ing palêmahané. Barêng wayahé wong lagi turu satruné anêkani, nyêbar wiji walingi ana satêngahing paganduman mau, banjur lunga. Barêng gandum mau thukul mêtû wêwuléné, walingi iya banjur katon. Déné baturé wong kang duwé palêmahan mau matur ing bêndarané: 'Bêndara, sampéyan punapa botén nyêbar wiji saé[290] wontên pasitèn sampéyan? Lah wontenipun walingi punika saking pundi?' Wangsulaning bêndarané: 'Iku panggawéning satru.' Baturé banjur matur manèh: 'Sampéyan punapa parêng bilih walingi punika kula bêdholi?' Bêndarané amangsuli: 'Aja! Bok ménawa gandum iku katut kabêdholt, karêbèn sakaroné padha tuwu hongsa tumêka möngsa panèn. Lah ing kono wong kang ngundhuh gandum bakal tak kon ngalumpukaké walinginé dhisik, sawusé kabongkokan nuli takkon ngobongi, déné gandumé takkon ngalumpukaké ana ing lumbungku.'"

Sêsamuning dumugi pangandikanipun Gusti, para sakabat lajêng sami nêrang kados pundi mènggah wantahipun pralambang wau. Gusti lajêng ngandika: "Kang anyêbar wiji gandum iku putraning manungsa, déné palêmahan iku jagad, wiji gandum iku putraning karaton, déné walingi iku anaking piala, satru kang nyêbar walingi iku iblis, möngsa panèn iku wêkasaning jagad, wong kang ngundhuh gandum iku para malaékat. Déné walingi mau dikalumpukaké banjur diobong, mèngkono uga bésuk wêkasaning[291] jagad, putraning manungsa bakal utusan malaékaté, kinon anglumpukaké sakèhing sêsandhungan, lan wong kang agawé piala binuwang

saka ing karatoné, nuli cinêmplungaké ing gêni, ing kono ana panangis lan panggêgêting untu, déné wong kang alaku bénér bakal ménkorong kaya srêngéngé ana karatoné kang rama. Sapa kang aduwé kuping pangrungu padha angrungokna."

3. Gusti Yésus nuntén nyambéti pralambang malih. Pangandikanipun: "Karatoning Swarga iku upamané wiji sawi kang disébaraké déning wong marang palémahané. Môngra padha-padha wiji, sawi iku cilik dhéwé. Nanging yèn wus thukul, gêdhéné angluwihi sakèhing jêjanganan. Uwité nyrékakah, témahan manuk-manuk padha nusuh ing êpangé."

4. Gusti Yésus angandika malih kalayan pralambang: "Karatoning Swarga iku upamané ragi kang dicarub lan galépung têlung taker déning wong wadon, kongsi dadi tape kabèh."

5. Lan maningé: "Karatoning Swarga iku upama raja brana kang kapêndhê-[292]m ing lêmah, tinêmu déning wong banjur diumpêtaké. Déné wong mau tumuli lunga kalawan suka bungah, angédoli barang darbéké kabèh ginawé tuku palémahan iku."

6. "Apa manèh karatoning Swarga iku upamané sudagar kang golèk mutiara bêcik-bêcik, barêng olèh mutiara siji kang adi banjur angédoli barang darbéké kabèh ginawé tuku mutiara iku."

7. "Apadéné karatoning Swarga iku upamané jala kang ditibakaké ing sagara, olèh iwak warna-warna. Déné jalané yèn wus kêbak banjur diêntasaké marang gisik, nuli dipilihi, kang bêcik diwadhahi, déné kang ala dibuwangi. Kaya mêngkono uga wêkasaning jagad, para malaékat mêtu, amisahaké wong ala lan wong bêcik. Déné wong ala iku dicêmplungaké marang gênining pawon. Ing kono ana panangis lan panggêgêting untu." [293]

16. Pralambang Tiyang Bêbêrah Pakêbonan Anggur

Ing satunggal dintên Gusti Yésus amêmulang malih wontên sanès panggènan. Makatén pangandikanipun: "Karatoning Swarga iku upamané wong mêtú saka ngomahé ing wayah ésuk, golék glidhig bakal kinon anggarap gawé ana ing pakêbonané anggur. Barêng wus olèh banjur dijanji opahané sadina sadinar. Glidhig mau nuli padha kinon tumandang gawé ana ing pakêbonané anggur. Barêng wayah jam sanga ésuk, kang duwé pakêbonan mêtú manèh, andêlêng ing pasar ana wong angguran, banjur padha dicêlathoni: 'Kowé padha mèlua nyambut gawé ana ing pakêbonan anggur, mèngko kowé dakopahi sapatuté.' Wong mau banjur padha mangkat. Barêng ing wayah têngangé tuwin jam têlu sore, kang duwé pakêbonan mêtú manèh, agawé kaya ing ngarêp mau. Barêng wayah jam lima sore, kang[294] duwé pakêbonan mêtú manèh, amrangguli wong angguran manèh, banjur padha dicêlathoni: 'Ya géné kowé padha nganggur baé sadina muput?' Déné wangulané: 'Awit botén wontên ingkang ambérahakên dhumatêng kula.' Banjur dicêlathoni manèh: 'Kowé padha mèlua nyambut gawé ana ing pakêbonan anggur, kowé bakal dakopahi apa sapatuté.' Barêng wayah surup, kang duwé pakêbonan anggur andhawuhi juru gêdhongé, wong glidhig padha undangan sarta wèhana opahané. Wong kang malêbu kari dhéwé dhisikna, mèngkono sauruté kongsi tumêka wong kang malêbu dhisik dhéwé. Tumuli wong kang malêbu jam lima maju, padha dibayar nyadinar. Barêng wong kang malêbu dhisik maju, panyanané bakal dibayar luwih saka sadinar, éwadéné iya mung dibayar nyadinar. Satampané banjur padha anggarundêli kang duwé pakêbonan, aturé: 'Tiyang ingkang malêbêt kantun piyambak punika anggènipun nyambut damêl namung sajam, déné bêrahanipun sampé-[295]yan damêl sami kaliyan kula, kang môngka panggarap kula damêl rêkaos sarta kabêntèrén sadintên.' Wangulané kang duwé pakêbonan marang sawijining glidhig mau: 'Héh ki sanak, aku ora kluputan marang kowé. Aku mau rak uwis janji sadina sadinar marang kowé, tampanana opahanamu^[23], nuli lungaa! Dhasar wus karêpku awèh marang wong kang mlêbu kari padha lan marang kowé. Lah darbékku dhéwé apa ora wénang takgawé apa sakarêp- karêpku? Kowé apa mèri ênggonku loma?' Lah mèngkono wong wêkasan dadi wiwitan sarta wong wiwitan dadi wêkasan. Déné wong iku kang diundang akèh nanging kang pinilih mung sathithik."

23. opahanmu*

17. Pralambang Têtiga Tumrap Sih Piwêlasipun Allah Dhumatêng Tiyang Dosa

Kacariyos kathah tiyang mupu béya tuwin tiyang a-[296]won sami umarêk wontên ngarsaning Gusti Yésus, sumêdyâ mirêngakên pangandikanipun. Sarêng tiyang Parisi tuwin para ngulama sumêrêp lajêng sami ngumêl-umêli. Anggènipun sami rêraosan: "Wong iku anêmoni wong ala sarta anunggal mangan." Gusti tumuntên ngandika dhumatêng tiyang Parisi tuwin para ngulama wau kalayan pralambang:

1. "Sapa wong panunggalamu kang aduwé wêdhus satus? Yèn ilang siji, kang sangangpuluh sanga apa ora banjur ditinggal anggolèki wêdhusé siji kang ilang mau kongsi katêmu? Barêng wus katêmu banjur dipanggul kalawan suka bungah, satêkané ngomah banjur angundangi pawong mitrané lan tôngga têparoné. Cêlathuné: 'Ayo padha bungah-bungah sabab wêdhusku kang ilang wus katêmu.' Gusti lajêng anjarwani, pangandikanipun: "Mêngkono uga kang ana ing Swarga iku padha bungah amarga saka wong dosa siji kang tobat angluwihi bungahé kang marga saka wong bêcik sangangpuluh sanga kang ora kawajiban tobat."
2. "Utawa upamané wong wadon aduwé dirham sapuluh[297] banjur ilang kang siji, nuli anyumêd colok sarta anyaponi omahé, gone anggolèki talatèn kongsi katêmu. Déné sawusé katêmu banjur angundangi pawong mitrané lan tôngga têparoné padha wadon. Cêlathuné: 'Ayo padha bêbungah sabab dirhamku kang ilang wus katêmu.' Gusti lajêng anjarwani, pangandikanipun: "Mangkono uga bungahé para malaékating Allah amarga saka wong dosa siji kang tobat."
3. Gusti Yésus lajêng ngandika malih: "Ana wong sawiji aduwé anak lanang loro. Déné kang nom umatur marang bapaknén: 'Rama, warisan ingkang kalêrêns dhumatêng kula, kula suwun sapuniwa.' Anak loro mau banjur padha kaêduman bandhaning bapaknén. Ora antara lawas, anak kang nom sawusé anglumpukaké barang darbeké kabèh banjur lêlungan ményang tanah kang adoh, sarta angêbrèh-êbrèh bandhané. Barêng wus êntèk, ing tanah kono kapailan bangêt témahanan anak mursal mau kakurangan pangan. Tumuli ngèngèr marang sawijining wong ngindhung ing tanah kono, pinatah pagawéan angon babi. Sanadyané ama-[298]régi wêtêngé kalawan pakaning babi nanging ora diwènèhi. Tumuli karasa-rasa ing atiné, pangunadikané: 'Buruhé si bapak pira-pira padha warêng mangan roti, malah kongsi turah. Môngka aku iki nandhang karusakan marga déning kaluwèn. Bêcik takmulih ményang ênggoné si bapak sarta takmatur mêngkéné: Dhuh rama, kula sampun dosa dhatêng ing Swarga utawi dhatêng sampéyan. Sampun botên pantês yèn kawastanan putra sampéyan malih. Ing samangké kula mugi sampéyan rêngkuh bêrah sampéyan kémawon.' Sanalika banjur mangkat mulih ményang ênggoné bapaknén. Isih adoh bapaknén wêruh anaké téka, banjur runtuh wêlasé tumuli amlayoni, angrangkul guluné sarta diambahungi. Anaké nuli umatur: 'Dhuh rama, kula sampun dosa dhatêng Swarga utawi dhatêng sampéyan. Sampun botên pantês yèn kawastanan putra sampéyan malih.' Aturé lagi samono, bapaknén banjur maréntahi batur-baturé kinon anjupukaké sandhangan kang luwihi bêcik, kaanggokna pisan, sarta kinon anganggoni ali-ali lan trumpah, apadéné kinon anyêmbêlèhaké pêdhét kang lêmu. Tumuli[299] wong saomah padha ingajak mangan, pangucapé: 'Ayo padha mangan lan bungah-bungah marga anakku iki wus mati urip manèh, wus ilang katêmu manèh.' Saksana banjur padha bungah-bungah.

Nalika samana anaké kang tuwa pinuju ana ing sawah, barêng mulih wus cêdhak lan omahé krungu suwaraning gamelan lan sindhèning wong kang padha jogèdan. Banjur angundang sawijining batur, ditakoni: 'Ramé-ramé iku ana apa?' Wangsulané kang tinakonan: 'Punika rayi sampéyan dhatêng, mila rama jêng ngandika ngarsakakén mragat pêdhèt ingkang lêma, sabab putranipun sampun kapanggih wilujêng.' Déné anak kang tuwa mau banjur nêpsu, suthik malêbu ing ngomah. Tumuli bapakné mêtu, amituturi anaké kapurih malêbu ing ngomah. Nanging anaké mangsuli atur marang bapaknë: 'Anggèn kula ngabdi ing sampéyan sampun pintên-pintên taun, botên naté ngêlirakén ing pêpakèn sampéyan. Môngka kula punika dèrèng naté sampéyan paringi cêmpé satunggal, supados kula damêla bingah-bingah kaliyan para mitra kula. Sarêng putra sampéyan ingkang ngêbrèh-êbrèh punika dhatêng, lajêng sampé-[300]yan pragatakén pêdhèt ingkang lêma.' Bapaknë nuli mangsuli: 'Enggèr, kowé iku tansah ana ing aku, saduwèk-duwèkku kabèh iya kowé kang duwé. Patut aku padha suka bungaha, sabab adhimu iku wus mati urip manèh, wis ilang katêmu manèh.'"

18. Pralambang Tiyang Sugih kaliyan Lasarus^[24]

Wontên malih piwulangipun Gusti Yésus ingkang mawi pralambang, pangandikanipun makatén: "Ana sawijining wong sugih manganggo jingga lan mori alus, sarta sabén dina asukan- sukan, rérênggané pating galêbyar. Lan ana sawijining wong miskin aran Lasarus, ngalèlèh ana ngarêping régolé wong sugih mau, awaké sakojur padha korèngén. Angarêp-arêp sisa kang saka ngomahé wong sugih mau, malah anaasu andilati korèngé. Ora antara suwé wong miskin mau mati, banjur ginawa déning para malaékat marang pangkoné Ibrahim. Déné wong sugih mau iya banjur mati, nuli dipêndhêm. Barêng wong sugih a-[301]na ing naraka, iya panggonan siksa, tumuli tumênga sarta andêlêng Ibrahim saka ing kadohan lagi amangku Lasarus. Wong sugih banjur anguwuh-uwuh: 'Dhuh rama Ibrahim, kawula mugi sampéyan wêlasi, sampéyan utusan Lasarus anyélupna pucuking darijinipun ing toya, supados angasrêpana ilat kula. Awit déné sangêt sakit kula wontên salêbêting latu murub punika.' Déné wangulané Ibrahim: 'Héh tholé, élinga ênggonmu nampani kabéjianmu duk misih urip, balik Lasarus anandhang cilaka. Déné ing samêngko Lasarus kang linipur, kowé gênti kang nandhang sangsara, lan manèh ana jurang jêmbar kang angêlêt-êlêti kowé lan aku. Dadi wong kéné arêp mrono utawa wong kono arêp mréné padha ora bisa.' Wong sugih mau tumuli umatur: 'Manawi makatén dhuh rama, sampéyan mugi utusana Lasarus dhatêng griyanipun tiyang sépuh kula, sabab kula gadhah sadhèrèk jalêr gangsal kang taksih sami kantun wontên ing alam donya. Punika sami dipunèngêtna, sampaun ngantos dhawah ing panggènan siksa ngriki.' Wangulané Ibrahim:[302] 'Padha aduwéa kitabé Musa lan para nabi, iku baé padha diestokna.' Déné aturé wong sugih: 'Dhuh rama Ibrahim, sampaun makatén, wangslul yèn sadhèrèk kula dipunpurugi déning tiyang kang sampaun pêjah, amêsthi sami tobat.' Wangulané Ibrahim: 'Yèn ora anggugu Musa lan para nabi, sanadyan dipituturana marang wong kang tangi saka ing pati, iya mêksa ora pracaya.'"

24. Lazarus #

19. Katrêsnaning Gusti Yésus Dhumatêng Para Laré

Ing satunggal dintên para sakabat sami umarék wontên ngarsanipun Gusti Yésus, sarwi umatur mênggah ingkang agêng piyambak wontên karatoning Swarga punika sintên. Gusti tumuntên animbali satunggaling laré alit, kaprênahakên wontên satêngahing para sakabat sarta ngandika: "Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané, yèn kowé ora malih bocah cilik, amêsthî kowé ora bisa lumêbu karatoning Swarga. Sing sapa angasoraké a-[303]wake kaya bocah cilik iki, amêsthî gêdhé dhéwé ana karatoning Swarga. Lan sing sapa anampani sawijining bocah kang kaya mangkono iku kalawan nganggêp jênêng-Ku, iya iku anampani Aku. Kowé padha diprayitna aja nacad sawijining kang cilik kaya iki, sabab pitutur-Ku marang kowé, malaékaté bocah iku tansah padha ngadhép Kangjêng Rama ana ing Swarga."

Kacariyos ing sanès dintên wontên tiyang sami anyowanakên laré alit-alit dhatêng ngarsaning Gusti Yésus, supados samia katumpangan astanipun sarta kabérkahana. Déné para sakabat sarêng sumérêp lajêng sami anyrêngêni dhumatêng tiyang kang sami ambékta laré wau. Sarêng Gusti mirsa lajêng andukani para sakabatipun, pangandikanipun: "Karêbèn, bocah- bocah iku padha umarék marang Aku. Aja koarubiru! Sabab kang mêngkono iku padha anduwèni karatoning Allah. Déné tutur-Ku ing kowé iku sanyatané, sing sapa ora nampani karatoning Allah apindha bocah cilik, amêsthî bakal ora lumêbu." Saksana laré alit-alit wau lajêng[304] sami karangkul déning Gusti, katumpangan astanipun sarta sami dipunbérkahi.



.... SARTA PAJA DIBERKAHI KAMBI KATUMPANGAN ASTA

20. Pralambang Tiyang Samaria kang Wêlasan sarta Pralambang Abdi Tégan

Kacariyos wontên satunggaling ngulama torèt umarêk wontên ngarsanipun Gusti Yésus, sêdfa badhé anyobi, aturipun: "Guru, ingkang wajib kula lampahi punapa supados angsala gêsang langgêng?" Wangsulanipun Gusti: "Kang kasêbut ana sajroning torèt kapriyé?" Ngulama wau lajêng mangsuli atur: "Mênggah ungêling torèt makatên, sira trêsnâa marang Pangéran Allahira kang trusing atinira, lan trusing nyawanira, utawa trusing kakuwatanira, sarta trusing budinira. Apadéné trêsnâa marang sapêpadhanira, pindhanên awakira dhéwé." Pangandikanipun Gusti: "Iya bénér wangulanmu, iku lakonana, mêtshi kowé bakal urip!" Déné ngulama torèt wau matur pitakèn malih dhatêng Gusti: "Mênggah[305] sêسامي kula punika sintên?" Gusti lajêng amangsuli pangandika kalayan pralambang: "Ana sawiji wong mudhun saka Yérusalém ményang Yéréka. Ana ing dalan dibégal, dibalojodan sarta ditatoni nganti satêngah mati. Wong bégal mau banjur lunga. Tumuli ana sawiji imam ambénêri liwat ing dalan iku. Barêng wêruh wong kalaran mau, gone liwat banjur nyimpang. Tumuli ana wong Lèwi liwat mêtu ing panggonan iku. Barêng wêruh wong kang kalaran mau, iya banjur nyimpang. Wusana ana sawijining wong Samaria lélungan mêtu ing panggonan iku. Barêng wêruh wong kang kalaran mau, banjur runtuh wêlasé. Tumuli marêpêki sarta ambébêd tatué, apadéné dilêngani lan disoki anggur, banjur tinunggangaké ing tunggangané. Tumuli ginawa ményang paséwan sarta pinulasara. Barêng ésuké wong Samaria mau arêp mangkat, aninggali dhuwit rong dinar marang kang duwé paséwan sarta mêmekas: 'Tiyang sakit punika sampéyan gumatosi, déné yèn ar-[306]ta kalih dinar punika botên cêkap kadamêl wragat, bénjing sawangsul kula amêsthi kula wêwahi sapintên kirangipun.' Mungguh wong têtêlu mau pandugamu êndi kang dadi pêpadhané wong kang binégal mau?" Aturipun ngulama: "Tiyang ingkang mélasi punika wau." Pangandikanipun Gusti: "Kowé muliha, gawéa kaya mèngkono uga!"

Sarêng sampun antawis dintên Gusti Yésus amêmulang malih kalayan pralambang, pangandikanipun makatên: "Karatonung Swarga iku lir upamané ratu kang arsa itung-itungan lan abdiné. Déné kang séba dhisik abdi siji kang utang nêm wêndra dinar. Sarèhning ora bisa nyaur, sang prabu dhawuh, abdi mau saanak bojoné utawa sabarang darbéké kabèh padha kinon ngêdoli, minôngka panyauring utangé. Abdi mau tumuli sumungkêm sujud marang sang prabu, aturé: 'Dhuh gusti, kawula mugi panjénêngan dalêm sarantosakên rumiyin, sambutan kawula badhé kawula sauri sadaya.' Sang prabu tumuli runtuh wêlasé marang abdi mau, banjur kalilan mulih sarta utangé diêpuraké pisan.[307] Sawêtuné abdi mau kapapag lan kancané kang utang marang dhèwéké satus dinar. Wong iku banjur cinékêl sarta tinékak guluné, pangucapé: 'Utangmu marang aku saurana!' Kancané mau tumuli sumungkêm, pangucapé: 'Dhuh mitra kula, kula mugi sampéyan sarantosakên rumiyin, sambutan kula badhé kula sauri sadaya.' Déné kang potang ora gêlêm nginahi, kancané banjur dilêbokaké ing kunjara, kajanji kongsi tumêka gone mundhati utangé. Déné kônca-kancané barêng sumurup prakara iku bangêt sêriké marang kang potang mau, banjur diaturaké marang sang prabu. Saksana abdi kang diêpuraké utangé mau banjur ditimbali, pangandikané sang prabu: 'Héh abdi kang ala, utangmu kabèh wus takêpuraké, sabab kowé nyênyuwun marang aku, lah kowé apa ora kuwajiban mélasi kancamu, kaya gonku mélasi kowé?' Sang prabu tumuli duka bangêt, abdi kang tégan mau banjur kinon ngunjara kongsi tumêka ênggoné mundhati utangé."

Mèngkono uga kangjêng rama kang ana ing Swarga bakal matrapi ma-[308]rang kowé, yèn kowé ora ngapura kaluputané sadulurmu, kang trus ing atimu.

21. Pralambang Tumraping Sêmbahyang tuwin Pralambang Tumraping Budi Andhap Asor.

Makatên malih Gusti Yésus amêmulang kalayan pralambang supados sakathahing tiyang samia tansah mérlokakêن sêmbahyang, sampun ngantos bosên. Pangandikanipun makatên: "Ing sawijining nagara ana jaksa kang ora wêdi maring Allah lan ora isin marang sadhéngah uwong. Môngka ing nagara kono ana sawijining rôndha umarék marang jaksa mau, angaturaké prakara para padu sarta anyuwun adil. Nanging wus antara suwé jaksa durung gêlêm ngopèni aturé bok rôndha mau, wusana jaksa mau angunadika: 'Sanadyan aku ora wêdi marang Allah sarta ora wirang marang sadhéngah uwong, éwadéné sarèhning rôndha iku ngrubêdi aku, bêci-[309]k takadilané supaya aja kongsi bola-bali mréné, mundhak angrisèni.' Lah mara padha pikirén pangunadikaning jaksa kang ora adil iku, mungguhing atasing Allah apa ora ngadili pêpilihané kang padha sêsambat ing rina lan wêngi? Apa nyênyuwé pitulungané? Pitutur-Ku marang kowé amêsthi mitulungi tumuli."

Wontên malih piwulangipun Gusti Yésus kalayan pralambang dhumatêng tiyang ingkang ngêndêl-êndêlakêن kasucionipun piyambak sarta angina dhatêng tiyang sanèsipun. Makatên pangandikanipun: "Ana wong loro padha munggah ing masjid arêp sêmbahyang. Kang siji wong Parisi, sijiné wong mupu béya. Déné wong Parisi ênggoné ngadêg ménjila, sêmbahyangé mêngkono aturé: 'Dhuh Allah, kawula amuji sukur ing Tuwan, déné kawula botên sami kaliyan tiyang-tiyang punika, kados ta tiyang bégal, tiyang nganiaya, tiyang jina, utawi kados tiyang mupu béya punika. Sabarang darbèk kawula sadaya kula jakati, punapadéné sabén pitung dintên kula siyam kaping kalih.' Déne wong mu-[310]pu béya mau ênggoné ngadêg adoh, tumungkul baé, ora wani tumênga sarwi atêbah-têbah dhadha, aturé: 'Dhuh Allah, kawula tiyang dosa, mugi Tuwan wêlasi.' Pitutur-Ku marang kowé: sabubaring sêmbahyang, wong mupu béya mau katrima déning Allah, déne wong Parisi ora. Sabab sing sapa angunggul-ungkulaké awake iku bakal diêstoraké, déne kang ngêstoraké awake bakal diungkulaké."

Gusti Yésus mêmulang malih dhatêng tiyang gêgolongan tuwin dhumatêng para sakabatipun, angraosi kalakuanipun têtiyang Parisi tuwin para ngulama, pangandikanipun makatên: "Para ngulama lan wong Parisi iku padha lungguh ana ing palungguhané Musa, mulané apa kang dadi pituturé marang kowé padha lakonana kabèh, nanging kang dadi kalakuané aja kotiru! Wong iku yèn ana ing pajagongan, utawa ana ing masjid, dhêmén lungguh ana ing ngarêp, apadéné padha lumaku diuluki salam ana ing pasar, lan sinêbut guru déning wong. Nanging kowé aja kapéngin sinêbut guru, sabab gurumu mung siji Kri-[311]stus, déne kowé iku kabèh padha sadulur, éwasamono sing sapa arêp dadi gêdhé dadia baturing para saduluré."

Botên antawis dangu Gusti Yésus lajêng pinarak angajêngakêن pêthi dana, inggih punika wadhah arta dananipun para tiyang ingkang sami manjurung tambal sulaming masjid. Ing ngriku Gusti amirsani tiyang anggènipun sami nglêbêtakêن arta dhatêng pêthi dana wau, kathah tiyang sugih sami nglêbêtakêن arta kathah. Tumuntên wontên satunggalig rôndha miskin, anglêbêtakêن arta igaran kêkalih. Gusti lajêng animbali sakabatipun, sami dipunpangandikani: "Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané, rôndha miskin iku ênggoné nglêbokaké dhuwit ing pêthi dana luwih akèh tinimbang lan sakèhing wong kang padha nglêbokaké. Sabab wong akèh iku ênggoné nglêbokaké saka dhuwité kang akèh, balik rôndha miskin iku dhuwité mung sathithik, wus dilêbokaké kabèh, tur iku jagané kang dipangan." [312]



„IKU IJA AKU IKI, KANG LAGI SAPOTJAPAN KARO KOWE.”

22. Panêksinipun Pétrus ing Atasipun Sarirani^[25] Gusti Yésus, Gusti Malih Warni

Gusti Yésus sêsampuning rawuh wontên pajajahaning nagari Késaria^[26] Filipus, andangu dhumatêng para sakabatipun: "Aku iki putraning manungsa sok dirasani ing wong-wong iku kaaranan sapa?" Kang dinangu sami umatur: "Wontên tiyang amastani Sampéyan punika nabi Yokhanan Baptista. Wontên malih tiyang mastani Sampéyan punika nabi Élia. Lan wontên malih ingkang mastani nabi Yirmaya utawi salah satunggaling para nabi." Pangandikanipun Gusti: "Yèn mungguh kowé dhéwé padha ngarani sapa marang Aku?" Lah ing ngriku Simon Pétrus lajêng amangsuli atur: "Sampéyan punika Kristus putraning Allah ingkang gêsang." Gusti lajêng mangsuli pangandika: "Rahayu kowé Simon anaké Yunus. Sabab kang mérühaké ing kowé dudu daging lan gêtih, mung Kangjêng Rama kang ana ing Swarga."

Kala samantên Gusti Yésus wiwit anyumêrêpakên dhumatêng para[313] sakabat yèn sariranipun kédah tindak dhatêng Yérusalèm. Sarta badhé nandhang sangsara kathah amargi saking piténahipun para pinisêpuh tuwin para imam agêng, lan para ngulama. Malah ngantos kalampahan dipunsédani, nanging ing tigang dintênipun wungu malih saking séda.

Sarêng sampun antawis nêm dintên Gusti Yésus tindak dhatêng rôdi kang inggil. Déné ingkang kabékta namung sakabat têtiga, Pétrus, Yakobus, lan Yokhanan. Wontên ing ngriku Gusti lajêng amalih warni, wadananiipun mancorong kados surya, busananiipun anglangkungi pêthak ngantos kados salju. Tumuntên katingal nabi Musa lan nabi Élia sami imbal wacana kaliyan Gusti Yésus, angginêm bab kadadosanipun sariraning Gusti ingkang badhé dipunlampahi wontên ing Yérusalèm. Déné Pétrus sakancanipun anglérési sami ngantuk. Sarêng nglilir sumurup kamulyaning Gusti sarta tiyang kêkalih wau sami kêmpal kaliyan Gusti. Pétrus tumuntên matur ing Gusti: "Gusti prayogi[314] wontên ing ngriku, manawi parêng ing karsa, kula badhé damêl tarub têtiga. Ingkang satunggal Sampéyan, satunggalipun Musa, déné satunggalipun malih Élia." Dèrèng têlas aturipun, wontên méga pêthak amayungi kang sami imbal wacana wau. Salêbêting méga lajêng wontên suwara, ungêlipun: "Iku putraning-Sun kêkasih kang Sunsarjoni, iku padha èstokna!" Para sakabat wau sarêng mirêng suwara lajêng sami konjêm ing siti, anglangkungi ajrihipun. Gusti lajêng marêpêki sarta anggêpok para sakabatipun, pangandikanipun: "Padha tangia! Aja kowé wêdi!" Sarêng anjênggèlèk, anolih ngiwa nêngén botên wontên ingkang katingal kajawi Gusti piyambak. Sarêng sami mandhap saking rôdi, Gusti amalêri dhumatêng sakabat têtiga wau, pangandikanipun: "Dêdêlêngan mau aja kotutur-tuturaké marang wong! Yèn putraning manungsa durung wungu saka ing pati." [315]

25. sariraning*

26. Kaisarea #

23. Tindakipun Gusti Yésus dhatêng Bétani Ngantos Kaping Tiga

1. Wontên satunggaling dhusun anama Bétani dumunung ing sukuning rôdi Jaitun, saking Yérusalèm lampahan sajam. Ing ngriku griyanipun sadhèrèk têtiga anama Lasarus, Marta lan Maryam. Tiga pisan sami kinasih déning Gusti, mila Gusti asring tindak mríku. Kacariyos ing satunggal dintên Gusti tuwi mríku, andadosakén kabingahanipun tiyang sagriya. Ing ngriku Maryam ngadhêp wontên ngarsaning Gusti: "Gusti, Sampéyan punapa botên anggalih gèn kula ngladosi piyambak? Sadhèrèk kula punika mugi Sampéyan dhawahi ngréncangi kula!" Gusti lajêng mangsuli: "Ing atasing prakara akèh, môngka mung siji kang pêrлу, Maryam wus amilih bubuhan kang bêcik, ora kêna rinêbut." [316]
2. Nalika Gusti Yésus tindak dhatêng nagari Yérusalèm ingkang wêkasan, Lasarus sawêg ginanjar sakit. Sadhèrèkipun kêkalih lajêng sami kèngkènan nyaosi priksa ing Gusti. Kèngkènan wau kapêthuk wontên ing margi, aturipun: "Dhuu Gusti, kêkasih Sampéyan sakit." Pangandikanipun Gusti: "Larané iku ora andadèkaké patiné, balik dadi kamulyaning Allah miwah kamulyané putraning Allah." Gusti lajêng lêrêb wontên ing ngriku kalih dintên. Sêsampuning makatén, Gusti lajêng ngandika: "Lasarus mitraku turu, déné Aku arêp mrono anggugah." Aturipun para sakabat: "Gusti, manawi sampun sagêd tilêm inggih badhé waluya?" Mênggah ingkang kapangandikakakén Gusti wau pêjahipun Lasarus, nanging tampinipun para sakabat ingkang dipunpangandikakakén Gusti wau tilêm sayêktos. Gusti tumuntén walèh: "Satêméné Lasarus wus mati, éwadéné ayo padha mrono!" Lajêng sami mangkat. Marta sarêng mirêng yèn Gusti rawuh, lajêng mêthuk sarwi umatur: "Gusti, manawi Sampéyan wontêna ing ngriki amêsthî sadhèrèk kula botên pêjah." Pangandikanipun Gusti: "Sadulur-[317]mu bakal tangi." Aturipun Marta: "Kula inggih sumêrêp yèn badhé tangi énjing dintên kiyamat." Pangandikanipun Gusti: "Aku iki kiyamat lan urip. Sapa kang pracaya marang Aku, sanadyan wus mati bakal urip. Déne sapa kang urip lan pracaya marang Aku amêsthî ora mati ing salawas-lawasé. Apa kowé ngandêl kang mèngkono iku?" Atur wangsanipun: "Inggih Gusti, kula pitados yèn Sampéyan punika Kristus putraning Allah tumêdhak dhatêng jagad." Marta tumuntén angundang Maryam, déné Maryam sawêg manggihi tamu Yahudi kang sami nglayat. Éwadéné lajêng gurawal lan amêthuk rawuhipun Gusti. Panyananing para tamu, Maryam badhé dhatêng kuburipun Lasarus. Mila lajêng sami tut wingking. Maryam tumuntén sumungkêm wontên ngarsaning Gusti sarwi umatur: "Dhuu Gusti, manawi Sampéyan wontêna ngriki amêsthî sadhèrèk kula botên pêjah." Gusti sarêng mirsa tangisipun Maryam saha tiyang Yahudi kang sami tut wingking wau, sakalangkung ngêrês galihipun ngantos kumêmbêng waspa. Wusana lajêng andangu: "Kakubur ing ngêndî?" Aturipun Maryam: "Dhuu Gusti sumôngga Sampéyan pirsani." Gusti lajêng muwun, têti-[318]yang Yahudi sarêng sami sumêrêp lajêng sami rêraosan: "Lah mara dêlêngén! Iba trêsnané marang Lasarus." Saksana Gusti dumugi ing kubur, déné kubur wau guwa katutup kalayan séla. Gusti lajêng dhawuh: "Watuñé singkirna!" Marta lajêng mangsuli atur: "Gusti èmpêripun sampun mambêt, sabab sampun kawan dintên." Pangandikanipun Gusti: "Aku rak uwis pitutur marang kowé, yèn kowé pracaya bakal andêlêng kamulyaning Allah." Séla tutup wau lajêng kasingkirakén. Gusti nuntén tumênga sarwi matur maring Allah: "Dhuu Rama, Kawula amuji sukur ing Sampéyan. Déne Sampéyan anarimah ing Kula. Kawula sumêrêp yèn Sampéyan tansah narimah ing Kula. Déne atur Kawula punika wau awit déné tiyang kathah kang sami wontên ngriki punika, supados samiya pitados yèn Sampéyan ingkang ngutus dhatêng Kawula." Sêsampuning makatén Gusti anguwuh-uwuh: "Héh Lasarus métua!" Sanalika kang sampun pêjah wau lajêng medal. Suku tuwin tanganipun sami kablêbêt ing ulês, rainipun katutupan ing kacu. Gusti lajêng dhawuh: "Iku uculana supaya bisaa luma-[319]ku!" Wondéné têtamu Yahudi wau sarêng sampun sumêrêp mukijiatipun Gusti ingkang

makatêن wau, kathah ingkang sami pitados ing Gusti. Ananging para imam agêng tuwin tiyang Parisi lajêng sami wêwah gêthingipun dhatêng Gusti, ngantos sami saékapraya ngupados margi sagêdipun nyédani.

3. Sarêng angajêngakêن dintêن agêng paskhah kirang nêm dintêن, Gusti Yésus tindak dhatêng Bétani malih. Pinarak wontêن griyaning Simon sarta kasugata. Ingkang ngladosi Marta, déné Lasarus angdhèrèk dhahar. Maryam tumuntêن dhatêng sarwi ambékta cupu isi lisah nardus tulèn kang kathah reginipun. Lajêng kinonyohakêن ing sampéyanipun Gusti sarta dipunusapi kalyan rambutipun, salêbeting griya ngantos amrik gônda arum. Tumuntên wontên satunggaling sakabatipun Gusti ingkang nama Yudas Iskariot punika awicantê: "Ya géné lênga iku ora diêdol têlung atus dinar kadanakaké marang wong miskin?" Déne wicantênipun Yudas makatên wau botêن margi saking ngopèni dhatêng tiyang miskin. Sayéktosipun Yudas punika durjana, kapitados ambékta arta sangu-[320]nipun Gusti sasakabatipun. Arta wau asring wontên ingkang dipunsalingkuhakêن dhatêng Yudas. Pangandikanipun Gusti: "Ya géné kowé makéwuh marang wong wadon iku? Môngka wus agawé bêcik marang Aku. Wong miskin salawasé awor lan kowé, yèn kowé arêp ambêciki ing samôngsa-môngsa amêsthî bisa. Balik Aku iki ora salawasé kumpul lan kowé. Wong wadon iku ênggoné anjêbadi Aku ing waktu iki prasasat ing sabisa-bisa andhisiki ênggoné ambêciki layonku. Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané. Ing ngêndi-êndia panggonan kang kasrambahan gumêlarîng Injil ing jagad kabèh. Panggawéné wong wadon iku amêsthî bakal kacangking minôngka pangéling-éling mungguh kabêcikané." [321]


24. Gusti Yésus Nitih Kului Ginarêbêg déning Tiyang Kathah Lumêbêt dhatêng Yérusalèm

Énjingipun Gusti Yésus tindak saking Bétani dhatêng Yérusalèm. Sarêng sampun cêlak kaliyan nagari, sawêg ngajêngakên dhusun Bétfagé. Lajêng utusan sakabat kêkalih, pangandikanipun: "Kowé ménysanga ing désa ngarêp kaé! Ing kono ana kului wadon siji cinancang sabêloné. Iku padha uculana gawanêñ mréné! Déné yèn ana wong ngaruh-aruhi gonmu ajupuk kului mau, warahêñ yèn iku bakal kagêm ing Gusti, amêsthî kang ngaruh-aruhi mau banjur angulungaké." Sakabat kang kautus wau tumuntên anglampahi punapa dhawuhipun Gusti. Wusana kului kabékta, sinalébrakan kalayan sandhanganing sakabat wau, lajêng katitihan déning Gusti. Lah punika klampahanipun ingkang winêca déning nabi Sakharya kala rumiyin. Pangandikanipun makatêñ: "Héh Yérusalèm, sira bungah-bungaha, ratunira rawuh, satuhu sabar anith kului wadon anak-anak." Ing ngriku kathah tiyang[322] anggêlar sandhanganipun urut margi, sawêñèh wontên ingkang mancasi panging wit-witan katata wontên ing radinan. Wondéné têtiyang kang sami mêthuk tuwin andhèrèkakêñ sami asurak-surak, ungêlipun makatêñ: "Hosana putraning Dawud kaluhurna kang rawuh angagêm asmaning Pangéran, hosana sadhuwuring akasa." Wondéné têtiyang Parisi sarêng sami sumêrêp pratingkah ingkang makatêñ wau lajêng sami râraosan, anglairakêñ sangêting cuwanipun utawi bêntèr manahipun. Ngantos kawêdal wicantênipun: "Lah kapriyé déné malah tinut buri ing wong sajagad?"

Gusti Yésus lêstantun ing tindakipun. Sarêng nagari Yérusalèm sampun katingal, lajêng dipunmuwuni sarwi ngandika: "Héh Yérusalèm, bok iya saiki baé kowé sumurupa apa kang andadékaké kaslamétanamu^[271], nanging kowé kakilapan. Bésuk bakal tumêka ing móngsa, mungsuhmu ênggoné gawé bètèng ing saubêngmu, angêpung lan ambutuhaké kowé ing saênggon-ênggon. Lan ginawé karang rampas, kongsi ora ngarékaké bata rong larap. Sabab kowé ora nimbangi sihing Allah."^[323] Sarêng lumêbêt ing nagari, para tiyang ngriku sami abusêkan anggènipun sami takèn-tinakèn: "Iku sapa?" Wangsulanipun tiyang ingkang sami andhèrèk: "Iku Yésus, nabi saka ing Nasarèt." Gusti lajêng lumêbêt ing Bétal Mukadas, tumuntên anundhungi têtiyang kang sami wade tinumbas wontên ing ngriku, méjanipun tiyang préyalan sami dipunbaléngkrahi, punapadéné kursinipun tiyang wade péksi dara.

Pangandikanipun: "Wus katulisan, padalêmaning-Sun sinêbuta omah sêmbahyang. Déné sira gawéa guwa pambégalan. Wondéné para imam agêng tuwin para ngulama sarêng sami mirêng suraking laré kathah wontên ing Bétal Mukadas, ungêlipun: "Hosanna putraning Dawud." Para imam wau lajêng sami muring-muring, aturipun dhatêng Gusti: "Sampéyan punapa botên mirêng suraking laré punika?" Wangsulanipun Gusti: "Iyangrungu, balik kowé apa durung tau maca têtuilisan kang muni mèngkéné: Cangkémipun bayi tuwin pasuson tuwan anyawisakêñ panggunggung." Gusti sêsamponing nilar têtiyang puni-[324]ka lajêng wangslu dhatêng Bétani malih, anyaré wontên ing ngriku.

Énjingipun Gusti tindak dhatêng Yérusalèm malih. Wontên ing margi angraos lapa, tumuntên mirsa wit arah satunggal wontên sapinggaing margi. Sarêng dipunprêpêki pinanggih godhong kémawon, botên wontên wohipun. Nuntên dipunpangandikani makatêñ: "Kowé aja awoh-awoh manèh ing salawas-lawasé!" Sanalika punika wit arah wau lajêng garing saoyodipun pisan. Wit arah punika upaminipun bôngsa Yahudi, tur botên kirang pangrimat, suprandéné botên anuwuhakêñ kalakuan saé.



„HOSANNA KONDJUK ING TEĐAKIPUN DAWUD!”

25. Pralambang Tiyang Tani Dursila tuwin Pralambang Bujana Agêng

Ing dintên punika Gusti Yésus wontên ing Yêrusalèm amêdharañ pralambang dhumatêng tiyang kathah. Déné para imam agêng tuwin tiyang Parisi inggih kathah ingkang sami mirêngakên. Makatên pangandikanipun: "Ana wong gawé pakêbonan anggur dipagêri ing sau-[325]bêngé, sarta ing tengahé didokoki pamipitan, apadéné diadégi ranggon. Tumuli diparokaké marang wong tani. Kang duwé pakêbonan mau banjur lêlungan adoh. Barêng tumêka mangsané ngundhuh, banjur kongkonan baturé mundhut paroné marang wong tani mau. Déné batur mau banjur dicékél marang si tani. Kang siji dipala, sijiné dipatèni, lan sijiné manèh dibalangi watu. Kang duwé pakêbonan banjur kongkonan batur liyané, kèhé angluwihi kang uwis, éwadéné padha dimêngkonokaké uga. Sawusé mêngkono kang duwé pakêbonan banjur kongkonan anaké ontang-anting kang dikasihi, pangunadikané: 'Amêsthi éring marang anakku.' Nanging wong tani barêng andêlêng anaké kang duwé pakêbonan mau, banjur padha rérasan: 'Lah iku ahli warisé, ayo padha dipatèni lan warisané padha diépèk!' Anak mau banjur dicékél, tumuli dipatèni lan binuwang marang sajabaning pakêbonan anggur. Déné satêkané kang duwé pakêbonan anggur, wong tani mau bakal dikapakaké?" Atur wangulanipun tiyang kathah: "Mêsthinipun dipunpêjahi[326] sarta pakêbonan anggur wau badhé kapalihakên dhatêng tiyang sanès ingkang ngladosakên palihan sabén kalamôngsa awoh." Pangandikanipun Gusti: "Mulané pitutur-Ku marang kowé, karatoning Allah bakal pinindhut saking kowé, kaparingaké marang bôngsa kang ngladèkaké wohé."

Pinuju ing dintên sabat Gusti Yésus dipunulêmi déning satunggalipun lurahing tiyang Parisi. Sarêng rawuh ing ngriku lajêng pinarak dhahar. Wondéné tiyang Parisi sami andodok dhatêng Gusti. Sarêng sampun kathah ingkang sami dipun-ginêm, Gusti lajêng ngandika dhatêng kang gadhah griya: "Yèn kowé gawé bujana aja ngulêm-ulêmi sanak sadulurmu utawa mitramu miwah tôngga têparomu kang sugih-sugih, supaya kowé aja gênti diulêmi minongka pamalêsé marang kowé. Balik angulêm-ulêmana wong miskin, wong kuthung, wong lumpuh utawa wong picak. Dadi kowé bêgja, sabab wong iku ora bisa malês marang kowé, éwadéné kowé bakal olèh wêwalês ing bésuk mangsané wong kang laku bêñer padha tangi saka ing pati." Kacariyos wontên satunggaling tamu mi-[327]rêng pangandikaning Gusti ingkang makatên wau, lajêng matur makatên: "Bêgja têmén tiyang kang tumut bujana wontên karatoning Allah." Gusti lajêng ngandika dhumatêng tiyang wau: "Ana sawijining wong agawé bujana gêdhé, akèh wong kang padha diulêmi. Barêng andungkap mangsané bujana, akongkonan baturé kinon anuturi ulêm- ulêmané: 'Kabèh padha têkaa sabab rampadané wus cumawis kabèh!' Ulêm-ulêman mau banjur padha sêngadi, kang siji mangsuli: 'Aku lagi tuku palêmahan, ing saiki aku kapambéng arêp lunga mriksani, ora liwat aku jaluk maklum baé.' Sijiné mangsuli: 'Aku lagi tuku sapi limang rakit, ing saiki aku arêp lunga anjajal. Mulané aku jaluk maklum baé.' Déné sijiné manèh amangsuli: 'Aku lagi rabi, mulané ora bisa nêkani.' Déné saulihé batur mau, banjur ngaturaké marang bêndarané apa kang dadi wangulané ulêm-ulêman mau. Déné bêndarané banjur népsu, ngandika marang baturé: 'Énggal ményangga ing lêlurung tuwin pakampungan, angiridana sakèhing kéré lan wong kuthung utawa wong lumpuh, apadéné wong pi-[328]cak!' Baturé wau wus anglakoni dhawuhing bêndarané, banjur matur: 'Lah punika sampun sami dhatêng, ananging langkung panggènan kirang tiyangipun.' Bêndarané ngandika manèh: 'Lah puniki énggal ményangga ing ratan tuwin ing simpangan, sarupané wong kang ana ing kono padha jiyadên maréné, supaya omahku kêbaka!' Déné pitutur-Ku marang kowé: "Wong kang padha nulak ulêm- ulêmku mau ora ana kang bakal ngrasakaké bujana-Ku."

26. Pangandikaning Gusti Yésus Mênggahing Jaman Wêkasan

Ing satunggal dintên Gusti Yésus sawêg mêdal saking Bétal Mukadas. Para sakabat sami umarêg^[28] wontên ngarsanipun sarwi anêdahakên samukawis rérêngganipun ing ngriku, kados ta séla éndah tuwin barang pèni-pèni, sapanunggilanipun. Pangandikanipun Gusti: "Tuturku ing kowé iku sanyatané, kabèh iku bakal rinusak kongsi ora kari bata rong larap. Ing bésuk yèn kowé andêlêng Yérusalèm kinêpung ing balा,[329] iku mratandhani yèn wus cêdhak rusaké. Lah ing kono wong kang ana ing tanah Yudia bêcik padha ngungsia marang gunung, sabab iku mangsaning paniksa. Kalakoné samubarang kang wus tinulisan kabèh ing dina iku, bilahi wong mêtêng lan wong nusoni. Sabab ing nagara bakal katêkan sangsara gêdhé, bôngsa iki kêna ing bêbêndu, wong bakal padha mati déning landhéping pêdhang, utawa bakal kaboyong ményang ngêndi-êndi, sarta Yérusalèm bakal diilês-ilês déning wong kapir kongsi tumêka puputing mangsané wong kapir."

Gusti lajêng tindak dhatêng rêdi Jaitun. Ing ngriku para sakabat sawatawis sami umarêk wontên ngarsaning Gusti sarwi umatur pitakèn piyambak: "Kula nyuwun priksa mènggah ingkang dados sasmitanipun rawuh Sampéyan utawi wêkasaning jagad punika punapa?" Wangsulanipun Gusti: "Kowé diprayitna aja nganti disasaraké ing wong, sabab ing têmbé akèh wong ngaku-aku Kristus bakal anasaraké wong akèh. Kowé bakal krungu yèn ana pêpérangan utawa pawarta ing ata-[330]sing pêrang. Jinis bakal padha lawan-linawan sarta karaton anglawan padha karaton. Lan bakal ana pagéblug utawa larang pangan. Tuwin lindhu ing saênggon-ênggon. Kowé bakal padha diniaya sarta dipatèni. Ing nalika iku akèh wong padha kasandhung lan akèh wong cidra-cinidra. Déné wong kang mantêp kongsi tumêka ing wêkasian, iku kang slamêt. Déné Injiling karaton bakal kagèlaraké ing salumahing bumi minongka panêksimu ana ngarépaning para jinis kabèh, tumuli têkaning wêkasian. Déné ing nalika iku yèn ana wong kang tutur marang kowé: 'Lah Kristus ana ing kéné utawa ing kono.' Kowé aja pracaya! Sabab rawuhé putraning manungsa lir upamané kilat kang mêtú saka wétan, cumalorot mangulon. Déné ing ngêndi ênggoné bêbathang, ing kono pakumpulaning gagak. Sawusé kalakon kasusahan iku, srêngéngé tumuli surêm lan rêmbulan ilang padhangé, apadéné lintang-lintang padha runtuh saka ing langit sarta pikukuhing langit pa-[331]dha amoyag-mayig. Tumuli têtêngêraning putraning manungsa katon ana ing langit. Déné para jinis ing bumi kabèh bakal padha ngadhuh-adhuh lan andêlêng putraning manungsa rawuh ana méganing akasa, angagêm pangawasa lan kamulyan gêdhé. Tumuli bakal utusan malaékaté anyangking salomprèt kang banter swarané, bakal anglumpukaké pêpilihané saka ing kéblat papat. Déné mungguhing dina utawa wayahé ora ana kang sumurup. Sanadyan malaékating Swarga iya ora sumurup. Mung Kangjêng Rama piyambak kang mirsa. Mulané kowé padha mélèka! Sabab kowé ora sumurup wayahé rawuhing Gustimu."

28. umarêk*

27. Pralambang Prawan Sadasa tuwin Pralambang Arta ingkang Pinitadosakên, Pangandikanipun Gusti Yésus Mênggah Pangadilan ing Dintên Kiyamat


Gusti Yésus lajêng ngandika malih: "Ing nalika iku karatoning Swarga upamané prawan sapuluh padha anggawa damar, arêp mêthuk pangantèn lanang.[332] Prawan mau kang lima pintér, kang lima busuk. Mungguh kang busuk mau ênggoné anggawa damar tanpa andhungan lênga, déné kang pintér nganggo andhungan. Sarèhné wus antara suwé pangantèn ora têka, prawan mau banjur padha ngantuk, tumuli katuron kabèh. Barêng ing wayah tengah wêngi ana swaraning wong gumêrah, lah pangantèn têka, agé padha mêthuka. Prawan mau banjur padha tangi, anyadhiakaké damaré. Déné prawan kang busuk anêmbung marang kang pintér: 'Aku jaluk lêngamu, sabab damarku wus ambalêrêt.' Wangsulané kang pintér: 'Yèn mèngkono mundhak aku lan kowé padha kakurangan, luhung kowé tukua lênga marang kangadol.' Sasuwéné prawan busuk mau tuku lênga, kasélak têkané pangantèn. Déné prawan kang padha samêtga^[1] banjur padha mèlu malêbu ing bawahan, lawangé tumuli kinancing. Wusana prawan kang busuk mau padha têka sarta padha umatur: 'Gusti, Gusti, kula nyuwun kontén.' Wangsulané pangantèn: 'Satêméné aku ora wanuh lan kowé.' Gusti lajêng négési, pangandikanipun: "Mulané kowé padha mélèka, sabab kowé ora sumurup dina utawa wayahé ênggoné rawuh putraning manungsa."

Gusti Yésus lajêng nyambéti pralambang malih, pangandikanipun: "Ana wong[333] arêp lêlungan, anglumpukaké batur-baturé padha kapasrahan dhuwit. Kang sawiji dipitayani limang talênta (satalênta punika tiga bêlah èwu rupyah^[2]), sawijiné rong talênta, déné sawijiné manèh satalênta, mawa-mawa ing kapintérané. Bêndarané tumuli mangkat lunga, déné batur kang nampani limang talênta, dhuwité banjur ginawé dagang, olèh bathi limang talênta. Mèngkono uga batur kang nampani rong talênta, iya olèh bathi rong talênta. Déné batur kang nampani satalênta, dhuwité bêndarané banjur dipêndhêm. Sawusé antara lawas, bêndara mau banjur mulih, tumuli itung-itungan lan batur têtêlu mau. Kang dhisik umarêg^[3] sarta umatur: 'Bêndara, kula sampéyan pitadosi arta gangsal talênta, lah ing mangké sampun dados sadasa talênta.' Bêndarané banjur ngalém: 'Héh batur kang bêcik lan témén, kowé dipitayani sathithik wus katara katêménamu^[4]. Kowé bakal takpitayani kang akèh. Kowé mèlua suka-suka lan bêndaramu.' Tumuli batur kapindhoné umarêg^[5], aturé: 'Bêndara, kula sampéyan pawiti arta kalih talênta, lah ing mangké sampun dados kawan talênta.' Tumuli dialém lan dililani mèlu bêbungah kaya batur kang dhisik mau. Wusana[334] batur katêluné mau marêka sarta umatur: 'Bêndara, kula sumêrêp yèn sampéyan punika tiyang murka. Sampéyan asring ngundhuh ing panggènan kang botén sampéyan tanêmi, saha sampéyan asring ngalêmpakakén ing panggènan kang botén sampéyan sawuri. Mila saking jrih kula, arta sampéyan lajêng kula pêndhêm. Lah sumôngga punika kagungan sampéyan taksih wêtah satalênta.' Bêndarané banjur mangsuli: 'Héh batur kang ala lan kêsèd, yèn mèngkono sumurupmu, ya géné dhuwitku ora banjur kopasrahaké marang préyalan supaya saulihku kênaa daktampani saanakané?' Bêndara mau nuli dhawuh marang batur liyané: 'Dhuwit satalênta iku pundhutén, wènèhna marang batur kang duwé sapuluh talênta mau! Sabab sing sapa duwé bakal winuwuhan, témah dadi sugih. Déné wong kang ora duwé bakal pinundhutan duwèké. Déné batur kang tanpa gawé iku buwangén ményang panggonan kang pêtêng dhêdhêt, ing kono bakal ana panangis lan panggêgêting untu.'"

Gusti Yésus lajêng ngandika malih: "Ing bésuk sarawuhé putraning manungsa angagêm kamulyané, ginarêbêg ing para malaékaté ka-[335]bèh, tumuli pinarak ana ing dhampar kapraboné. Déné para jinis kabèh bakal kinalumpukaké ana ing arsané. Tumuli padha pinisah-

pisah, mungguh wong kang laku bêcik padha kaprênahaké ana ing têngêné, déné kang laku ala ana ing kiwané. Ing kono Sang Prabu ngandika marang wong kang padha ana ing têngêné: 'Héh wong kang padha kanugrahan déning Kangjêng Rama, lah mara padha tampanana karaton kang wus cinadhangaké marang kowé wiwit nalika jagad dumadi. Sabab ing nalika Aku kaluwèn, kowé saosi dhahar. Ing nalika Aku ngélak, kowé saosi ngunjuk. Ing nalika Aku nénêka, kosaosi pondhokan. Ing nalika Aku kawudan, kowé saosi busana. Ing nalika Aku gêrah, kotinjo. Ing nalika Aku kinunjara, kotiliki.' Déné wong kang laku bêcik mau bakal padha mangsuli atur: 'Gusti, kala punapa anggèn kula ngladosi Sampéyan ingkang kados makatén wau? Wangsulané Sang Prabu: 'Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané. Sapira ênggonmu ambêciki salah sawijining sadulurku kang cilik-cilik iki, iya iku ênggonmu ngladèni Aku.' Sang Prabu tumuli ngandika marang wong kang ana ing ki-[336]wane: 'Héh wong kang kêna ing bêbêndu, kowé lungaa saka ngarsa-Ku, malêbuia ing gêni langgêng kang wus cinawisaké marang iblis sabalané! Sabab nalika Aku kaluwèn, ora kosaosi dhahar. Nalika Aku ngélak, ora kosaosi ngunjuk. Nalika Aku nénêka, ora kosaosi pondhokan. Nalika Aku kawudan, ora kosaosi busana. Nalika Aku gêrah ora kotiliki.' Déné wong kang laku ala iku bakal padha mangsuli atur: 'Gusti, kala punapa anggèn kula ningali ing Sampéyan amanggih ribéd ingkang makatén wau? Môngka kula botén angopèni Sampéyan.' Pangandikané Sang Prabu: 'Ênggonmu ora ambêciki marang salah sawijininé kang cilik-cilik iki, iya iya iku ênggonmu ora ngopèni Aku.' Wusana wong kang laku ala iku nêmu siksa langgêng, déné wong kang laku bêcik mau nêmu urip langgêng." [337]

1. samékta*
2. rupiah*
3. umarêk*
4. katêmênanmu*
5. umarêk*



„LUNGAA, RAUPA MENJANG BLUMBANG PADUSAN ING SILOAM.”

28. Gusti Yésus Angwisuhi Sukuning Para Sakabat, tumuntên Amurwani Bujana Suci

Gusti Yésus sêsampuning anggêlarakêng pangandika kados ing nginggil wau, lajêng angandika dhumatêng para sakabatipun: "Kowé wus padha sumurup yèn bésuk êmbèn dina paskhah, ing kono putraning manungsa bakal kaulungaké banjur sinalib."

Kala samantên para imam agêng tuwin para pinisêpuh sami kalêmpakan wontên dalêmipun pangulu imam, sami apirêmbagan anggènipun badhé anyêpêng Gusti kalayan paékan, saha anggènipun badhé anyédani pisan. Kocapa wontên satunggaling sakabatipun Gusti Yésus anama Yudas Iskariot sowan dhatêng para imam agêng. Aturipun: "Kula sagah angulungakêng Yésus dhatêng sampéyan, badhé sampéyan ganjar punapa?" Para imam wau lajêng sami asuka bingah. Wusana Yudas lajêng dipunêbang arta tigangdasa wang salaka. Wiwit ing dintên punika Yudas angupados margi anggènipun badhé angulungakêng Gusti.

Sarêng andungkap mangsaning têtiyang Yahudi sami amragat cêmpé ingkang badhé kang-[338]gé ing dintên agêng paskhah, para sakabat sami umatur ing Gusti: "Karsa Sampéyan anggèn kula nyadhiakakêng dhahar Sampéyan paskhah wontên ing pundi?" Gusti lajêng utusan Pétrus lan Yokhanan dhatêng Yérusalém. Pangandikanipun: "Kowé ményanga ing nagara, ing kono kowé bakal kapapag wong angindhit êjun isi banyu. Iku tut burinên, ing ngêndi omah kang dilêboni. Kowé tutura marang kang duwé omah mangkéné: 'Dhawuhipun guru amundhut priksa anggènipun badhé dhahar paskhah kaliyan para sakabatipun wontên ing pundi?' Wong iku amêsthi banjur nuduhaké marang kowé ing gêdhong gêdhé, ing kono kowé nyadhiaknana dhahar-Ku paskhah." Saksana sakabat kêkalih wau lajêng nglampahi punapa dhawuhing Gusti. Sarêng wanci sontên Gusti rawuh kadherèkakêng sakabatipun kalih wêlas. Lajêng sami akêmbul dhahar.

Gusti Yésus sadangunipun dhahar lajêng jumênêng angrucat rasukan, tumuntên amundhut mori kasabukakêng. Lajêng angasta bokor kaisènan toya, nunfén angwisuhi sukuning para sakabatipun, kausapa-[339]n kalayan kumlèwèring mori ingkang kasabukakêng wau. Kocapa Simon Pétrus sarêng badhé dipunwisuhi ing Gusti, lajêng matur: "Kados pundi Gusti, déné Sampéyan têka badhé angwisuhi suku kula?" Wangsulanipun Gusti: "Kang daklakoni iki kowé saiki ora sumurup, sumurupmu yèn wus kalakon." Pétrus lajêng matur malih: "Sampun pisan- pisan Gusti, Sampéyan angwisuhi suku kula." Wangsulanipun Gusti: "Yèn kowé ora dakwisuhi, amêsthi ora kalêbu ing gêgolongan-Ku^[6]," Aturipun Pétrus: "Gusti manawi makatêng, sampun angêmungakêng suku kula kémawon, dalah tangan tuwin sirah kula pisan sumôngga." Pangandikanipun Gusti: "Wong kang wus adus iku kang prêlu mung winisuhan sikilé baé, sabab awake sakojur wus rêsik. Déné kowé iku wus padha rêsik nanging ora kabèh." Mila Gusti ngandika makatêng, awit sampun sumêrêp yèn satunggaling sakabatipun kapanjingan iblis badhé angloropakêng sariranipun. Gusti sêsampuning angwisuhi sukuning para sakabat, lajêng ngagêm rasukan malih. Nuntên pinarak sarwi ngandika dhumatêng para sakabat: "Kowé apa wis sumu-[340]rup kang dadi karêp-Ku ênggon-Ku ngwisuhi kowé mau? Kowé padha nyêbut guru lan Gusti marang Aku, dhasar bénêr Aku iki guru sarta Gustimu. Sarèhning Aku iki guru lan Gustimu, môngka Aku wus angwisuhi sikilmu. Mulané kowé padha kawajiban wisuh-winisuhan sikil, sabab Aku wus paring tuladan marang kowé supaya kowé padha anirua panggawé-Ku marang kowé iki mau. Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané, yèn mungguh jênênging batur iku ora

ngungkuli bêndarané, utawa jênênging kongkonan iku ora ngungkuli kang akongkon. Yèn kowé wus sumurup kang mangkono iku, rahayu yèn padha kolakoni."

Sêsampuning makatén Gusti Yésus lajêng ngandika dhumatêng para sakabat: "Bangêt têmén kapéngin-Ku mangan paskhah iki barêng lan kowé, mupung Aku durung nandhang pilara. Wruhanamu sawijining panunggalamu^[71] kang mèlu mangan lan Aku bakal angloropaké Aku." Para sakabat nuntén sami kêmengan, sami matur ing Gusti piyambak-piyambak: "Punapa kawula Gusti? Punapa kawula Gusti?" Wangsulanipun Gusti: "Salah sawijining wong rolas iki kang kembul mangan karo Aku, iya iku kang bakal angloropaké Aku. Déné putra-[341]ning manungsa iya mêsthi nglakoni kaya kang wus katulisan ing atasé sarirané. Éwadéné bilahi wong kang ngloropaké, luwih bêcik wong iku aja tumitah baé." Yudas inggih lajêng matur: "Guru, punapa kawula?" Pangandikanipun Gusti: "Kowé wus ngarani." Yudas sêsampuning nêdha tumuntén késah pinuju ing wanci dalu.

Saksana Gusti angasta roti, sêsampuning mêmaji sukur lajêng cinuwil-cuwil, tumuntén kaparing-paringakén dhumatêng para sakabat. Pangandikanipun: "Padha tampanana lan panganén! Iya iku sarira-Ku kang pinaringaké mikolèhi ing kowé. Iku padha gawénén pangéling-éling marang Aku." Gusti tumuntén angasta cangkir isi anggur, sêsampuning mêmaji sukur lajêng kaparingakén dhumatêng para sakabat sarwi ngandika: "Iku padha ombénén sakancamu kabèh! Iku gêtih-Ku, iya gêtihing prajanjéan anyar kang winutahaké minongka panglêburing dosamu lan dosané wong akèh. Pitutur-Ku marang kowé, wiwit saiki Aku bakal ora ngombé duduwing wit anggur iki kongsi tumêka ênggon-Ku ngombé lan kowé kang anyar, ana karato-[342]né Kangjêng Rama."

6. gêgolongan-Ku*


7. panunggalanmu*`

29. Gusti Yésus Wontên ing Patamanan Gètsémané

Sêsampuning sami angrépi panggunggung maring Allah, (masmur ôngka: 115-118) kados déné adatipun tiyang Yahudi bilih anglérési dintén paskhah. Tumuntén sami tindak dhatêng rêdi Jaitun. Wontên ing margi Gusti ngandika dhumatêng para sakabatipun: "Ing wêngi iki pracayamu bakal padha kasandhung ing Aku." Aturipun Pétrus: "Sanadyan kônca kula sadaya sami makatêna, yèn kula piyambak amêsthi botên pisan." Pangandikanipun Gusti: "Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané. Ing wêngi iki uga sadurungé jago kaluruk kang kapindho, kowé bakal anyélaki Aku kongsi rambah ping têlu." Aturipun Pétrus: "Sanadyan kula dumugia ing péjah ambélani Sampéyan." Para sakabat sanèsipun inggih lajêng sami matur makatén sadaya.

Botên antawis dangu Gusti Yésus sasakabatipun sami nyabrang ing lèpèn Kidron, lajêng lumêbêt ing patamanan ingkang winastan Gètsémané. Gusti lajêng ngandika: "Kowé padha ngêntènana ing ké-[343]né baé dhisik! Aku taksêmbahyang mrono." Gusti lêstantun tindakipun, déné ingkang kabékta namung Pétrus, Yakobus, lan Yokhanan. Sanalika Gusti lajêng tab- taban lan sungkawa. Pangandikanipun: "Bangêt têmén prihatiné nyawa-Ku rasané kaya mati-matia. Kowé karia ing kéné lan padha mélèka karo Aku!" Sêsampuning tindak sawatawis, Gusti lajêng sumungkêm ing siti asêmbahyang. Aturipun: "Dhuh Rama Kawula manawi kénging cangkir punika mugi langkunga saking Kawula, nanging déné pikajêng Kawula karsa Sampéyan ingkang kalampahana." Gusti tumuntén wangsl dhatêng panggènaning sakabat têtiga wau, pinanggih sami tilêm. Pangandikanipun dhumatêng Pétrus: "Kowé apa turu? Apa ora bisa mélèk karo Aku sajam baé? Padha mélèka lan sêmbahyangga supaya kowé aja kongsi kêna panggodha! Si ati iku nurutan nanging si raga ora kêlar nêmbadani." Gusti lajêng tindak malih asêmbahyang, aturipun: "Dhuh Rama Kawula manawi cangkir punika botên kénging langkung saking Kawula tan kénging botên kêdah Kula ombé, sumôngga ing sakarsa Sampéyan." Gusti tumuntén wangsl malih dhatêng panggènaning sa-[344]kabat têtiga wau, ugi pinanggih sami tilêm sabab mripatipun sami ambaliyut. Lajêng sami katilar sêmbahyang malih, aturipun inggih kados ingkang sampun wau. Tumuntén wontén malaékat tumêdhak saking Swarga angatingali Gusti, anyantosakakén sariranipun. Gusti nalika kapêtég^[81] ing prihatin sangsaya adrêng sêmbahyangipun, riwénipun ngantos rêntah ing siti apindha tètésing érah. Sêsampuning sêmbahyang Gusti lajêng wangsl malih dhatêng panggènaning sakabatipun, pangandikanipun: "Saiki kowé apa arêp turu lan aso? Lah iki mangsané putraning manungsa diulungaké marang tangané wong dosa. Mara padha tangia, ayo padha lumaku! Lah kang ngloropaké Aku wus cêdhak."

8. kapêték*



GÈTSÉMANÉ

30. Gusti Yésus Linoropakên déning Yudas, Sinélakan déning Pétrus

Gusti Yésus dèrèng dumugi anggènipun ngandika, tumuntén wontén gumrêdêging tiyang kathah. Inggih punika utusanipun para imam agêng[345] tuwin para pinisêpuh sami kinèn anyêpêng Gusti. Déné ingkang dados pangiridipun Yudas Iskariot. Punika sampun amangsit dhatêng tiyang kathah wau, wicanténipun: "Êndi kang takambung iya iku Yésus. Cêkêlén, banjur bandanên dikukuh." Yudas sarêng ningali Gusti tumuntén marêpêki sarwi umatur: "Bagéya guru, lajêng angambung Gusti." Déné pangandikanipun Gusti: "Héh Yudas, ya géné kowé angloropaké putraning manungsa sarana pangambung?" Para sakabat sarêng sumêrêp Gusti badhé cinêpêng lajêng sami umatur: "Gusti, punika punapa kula amuk kaliyan pêdhâng?" Saksana Pétrus angunus pêdhângipun lajêng kasabêtakên, kénging abdinining pangulu imam anama Malkus, kapérung kipingipun kang tengén. Gusti lajêng ngandika dhumatêng Pétrus: "Pêdhângmu wrangkakna! Cangkir pêparingé Kangjêng Rama apa ora takombé?" Gusti lajêng anggêpok kipingipun tiyang wau, sanalika lajêng saras. Para sakabat sarêng sumêrêp bilih Gusti botên pisan suwala lajêng sami katilar lumajêng. Wusana Gusti kacêpêng.

Gusti Yésus lajêng kabékta dhatêng dalêmipun pangulu imam a-[346]nama Kayafas. Ing ngriku pakêmpalaning pradata agêng. Déné Pétrus angodhol Gusti, tumut lumêbêt ing dalêmipun pangulu imam wau badhé sumêrêp kados pundi wusananiipun. Wontén ing ngriku Pétrus api-api sarwi andhodhok awor lan para abdi, tumuntén wontén satunggaling para nyai amandêng Pétrus, wicanténipun: "Kowé iku iya panunggalané Yésus wong Nasarèt?" Pétrus lajêng sélak, ungêlipun: "Aku ora wanuh lan wong iku. Pangucapmu iku apa? Aku ora ngrêti." Pétrus lajêng medal dhatêng palataran, nuntén wontén sawung kaluruk. Sarêng Pétrus dhatêng ngrégol, kapranggul para nyai malih amandêng Pétrus sarwi wicantén dhatêng têtiyang kang sami wontén ing ngriku: "Wong iku panunggalané Yésus wong Nasarèt." Déné Pétrus inggih lajêng sélak malih kalayan supata, ungêlipun: "Aku ora wanuh lan wong iku." Botên antawis dangu wontén satunggaling abdinipun pangulu imam sadhèrèking tiyang ingkang kapérung kipingipun dhatêng Pétrus wau, punika lajêng wicantén: "Aku ora nyilih mata, kowé rak kancané Yésus dhék ana pata-[347]manan mau ta?" Déné têtiyang kang wontén ing ngriku lajêng sami wicantén: "Nyata kowé iku panunggalané, kowé iya wong Galiléa, katara kêdaling calathumu." Pétrus sarêng sampun kapèpèt sangêt lajêng angipat-ipati awakipun piyambak kalayan supata: "Aku ora wanuh lan wong kang koucapaké iku." Lajêng wontén sawung kaluruk malih, Gusti tumuntén nolih dhumatêng Pétrus. Sanalika Pétrus kèngêtan pamêcanipun Gusti, lajêng medal sarwi nangis kalara-lara.



„IJA AKU IKI!“

31. Gusti Yésus Pinariksa ing Pradata Agêng, Katêmahanipun Yudas

Wontên dalémipun pangulu imam Kayafas, Gusti Yésus pinariksa ing pradata agêng. Wiwitipun amriksa pangulu imam pitakèn dhatêng Gusti mènggahing sakabatipun tuwin ing wêwulangipun. Wangsulanipun Gusti: "Anggèn Kula wicantén dhatêng tiyang kathah punika kalayan ngêdhèng kémawon, punapadéné anggèn Kula mêmulang sabén-sabé-[348]n wontên ing masjid-masjid tuwin Bétal Mukadas, pakêmpalaning tiyang Yahudi sadaya botén naté mulang wontên ing pasingidan. Kados pundi déné sampéyan têka pitakèn dhatêng Kula? Luhung sampéyan pitakèna dhumatêng têtiyang kang sumpun sami mirêngakén punapa ingkang Kula gêlarakén. Lah punika ingkang sami sumérêp mènggahing piwulang Kula sadaya." Sarêng Gusti matur makatén, lajêng wontên satunggaling abdi anapuk Gusti. Wicanténipun: "Kapriyé déné aturmu marang pangulu imam têka kaya mèngkono?" Wangsulanipun Gusti: "Lamun atur-Ku lupiter pratélakna, déné yèn bénér ya géné Aku kotapuk?" Wondéné para imam agêng tuwin para ahli pradata sami ngupados tiyang ingkang purun nêksèni kalépatanipun Gusti supados kénginga kaukum pêjah, nanging sami botén angsal. Inggih kathah tiyang kang malêbêt saksi dora, nanging anggènipun nêksèni botén mufakat. Saksana pangulu imam juménêng sarwi pitakèn dhatêng Gusti: "Kowé apa ora madoni panérkané saksi-saksi iku?" Nanging Gusti kèndêl kémawon, botén amangsuli punapa-punapa. Pangulu imam tumuntén pi-[349]takèn malih: "Kowé taksupatani, matura! Apa kowé iku Kristus putraning Kang Maha Mulya?" Wangsulanipun Gusti: "Dhasar inggih, mangké sampéyan amêsthî ningali putraning manungsa pinarak wontên tengéné Sang Wisésa, rawuh wontên méganing ngakasa." Pangulu imam tumuntén anyuwèk-nyuwèk sandhanganipun piyambak. Wicanténipun dhatêng para ahli pradata: "Wus ora susah nganggo saksi manèh, pakênira wus padha krungu dhéwé ênggoné anyatur ala maring Allah, panimbang pakênira kapriyé?" Déné atur panimbangipun para ahli pradata: "Tiyang punika kalêrês ing khukum pêjah." Saksana Gusti lajêng kapasrahakén dhatêng para abdi kinèn anyêpêngi. Déné para abdi wau sami anggêgujêng ing Gusti, wontên ingkang ngidoni wadananiipun, wontên malih ingkang ambithèni, lan wontên malih ingkang nyêrup wadananiipun lajêng dipuntapuki. Wicanténipun: "Héh Kristus, mara sapa kang napuk kowé iki?" Sarêng wanci énjing para imam agêng lan para pinisêpuh sami apirêmbagan malih anggènipun badhé nyédani Gusti. Gusti lajêng kabêsta, kaladosakén dhatêng ngarsaning adipati Rum anama Pontius Pilatus.[350]

Kocapa Yudas Iskariot sarêng sumérêp yèn Gusti katêtépakén ing khukum pêjah sangêt kaduwungipun. Uwang salaka tigangdasa ingkang sumpun dipuntampèni lajêng dipunwangkulakén dhatêng para imam agêng tuwin para pinisêpuh. Aturipun: "Kula rumaos dosa, anggèn kula ngloropakén rah kang rèsik." Wangsulanipun ingkang dipunaturi: "Aku ora praduli, iku prakaramu dhéwé." Yudas tumuntén anguncalakén wang salaka tigangdasa wau dhatêng Bétal Mukadas lajêng késah anglawé gulunipun piyambak. Tumuntén para imam agêng sami amêndhêtî uwang salaka wau, wicanténipun: "Iku ora patut yèn dilêbokna ing pêthi dana, sabab iku patukuning gêtih." Tumuntén sami sarêmbag arta wau katumbasakén siti pakundhèn, kadamêl pajarataniipun tiyang nêneka. Mila pasitèn wau lajêng misuwur nama palêmahan gêtih.[351]


32. Gusti Yésus Pinariksa déning Adipati Pilatus, tuwin Raja Hérodhès

Kacariyos para ahli pradata ingkang sami ngladosakên Gusti Yésus sami botên purun lumêbêt ing dalêmipun sang adipati Pilatus, supados sampun ngantos najisakên badanipun. Awit sang adipati wau sanès agami Yahudi, mila Pilatus lajêng medal amanggihi para ahli pradata wau sarwi andangu: "Panggugatmu marang wong iku prakara apa?" Aturipun para imam agêng: "Tiyang punika sampun kacihna anggènipun nasarakên tiyang kathah, sami dipunpênging anyaosi bulu békta dhatêng Sang Prabu, pangakênipun Kristus inggih punika Sang Prabu." Sang adipati lajêng lumêbêt ing dalêm, Gusti nuntén katimbalan saha kadangu: "Apa témén kowé iku ratuné wong Yahudi?" Wangsulanipun Gusti: "Karaton Kula dédé karaton donya. Saupami karaton Kula punika karaton donya amêsthi bala Kula sami anglawan pêrang, supados Kula sampun ngantos kaulungakên dhatêng tiyang Yahudi." Pangandikanipun Pilatus: "Dadi nyata kowé iku ratu?" Wangsulanipun Gusti: "Dhasar inggih Kula punika ratu, mènggah lair Kula tuwin dhatêng Kula ing do-[352]nya supados Kula anéksènana mènggahing kanyataan. Sintén-sintêna ingkang wijil saking kanyataan amêsthi mirêngakên suwara Kula." Pangandikanipun Pilatus: "Ah, kanyataan iku apa?" Sêssampuning ngandika makatén, Pilatus lajêng medal manggihi para imam agêng malih. Pangandikanipun: "Panêmuku wong iku ora kaluputan." Wondéné para imam agêng wau sami adrêng panggugatipun, aturipun: "Tiyang punika anggègérakên tiyang kathah sarana piwulangipun ingkang dipun-gêlarakên ing satanah Yudia sadaya, wiwit saking Galiléa ngantos dumugi ing ngriki." Sarêng Pilatus mirêng ungêl-ungêlan Galiléa, lajêng andangu: "Punapa Yésus punika tiyang Galiléa?" Pilatus sarêng sumêrêp yén Gusti punika tiyang Galiléa, lajêng kakintunakên dhatêng sang raja Hérodhês, ratu ing Galiléa, anglêrêsi wontên ing Yêrusalèm prêlu anêtêpi paskhah. Déné sang raja Hérodhês sarêng mirsa Gusti, sangêt sukanipun awit sampun lami anggènipun kapéngin pirsa, margi sampun asring-asring mirêng pawartos mènggah ing Gusti. Mila sarêng pinanggih, sang prabu kumêdah-kêdah badhé pirsa mukijijatipun, akathah-kathah pandangunipun. É-[353]wadéné Gusti botên mangsuli sakêcap- kêcapa. Wondéné sang prabu saprajuritipun lajêng sami nyênyampahi tuwin mêmoyoki ing Gusti. Nuntén dipunagêmi jubah gumilap lajêng kawangsulakên dhatêng sang adipati Pilatus. Wiwit ing dintên punika sang prabu Hérodhês amêmitran kaliyan sang adipati Pilatus. Déné ing waunipun mêmêngsahan.

Kacariyos sampun dados adatipun ing ngriku sabén dintên agêng paskhah, sang adipati angluwari salah satunggaling pasakitan, pundi ingkang dipunpilih déning tiyang kathah. Ing nalika punika wontên pasakitan satunggal anama Barabas, sampun misuwur piawonipun amêjahi tiyang salêbêting rêrêsa. Sang adipati lajêng ngandika dhumatêng tiyang kathah kang sami andhèr wontên ngarsanipun: "Lah mara padha pilihên êndi kang dakluwari, apa Barabas apa Yésus kang sinêbut Kristus?"^[9] Wondéné para imam agêng tuwin para pinisêpuh sami angojok-ojoki dhumatêng tiyang kathah kapurih sami milih Barabas. Sakathahing tiyang lajêng sami anguwuh-uwuh: "Barabas kémawon sampéyan luwari." Pangandikanipun Pilatus: "Yén mèngkono Yésus iku dakkapakaké?" Panguwuhipun tiyang[354] kathah: "Kasirnakna, kasaliba." Pilatus andangu malih: "Apa ta pialané wong iku?" Panguwuhipun tiyang kathah sangsaya asru: "Kasaliba, kasaliba."

33. Gusti Yésus Kapasrahakên déning Pilatus, Badhé kasalib

Sang adipati lajêng andhawahakên anggitiki Gusti Yésus. Para prajurit tumuntên anganam êri kadamêl makutha, kaêtrapakên ing mastakanipun Gusti sarta kasingêpan jingga tuwin kacêpêngan wuluh. Prajurit ing kadipatèn lajêng sami jèngkèng wontên ing arsanipun sarwi amoyoki, ungêlipun: "Bagéya, héh ratuné wong Yahudi." Tumuntên anapuk wadananipun, wontên ingkang ngidoni, wontên malih ingkang ngrêbat wuluhipun lajêng kagitikakên ing sirah. Gusti lajêng kabékta medal malih, pangandikanipun sang adipati dhumatêng tiyang kathah: "Lah wong iku dakgawa mêtú supaya kowé kabèh padha sumurupa, yèn aku ora nêmu kaluputané." Wêdalipun Gusti taksih ngagêm maku-[355]tha êri tuwin singêb jingga wau. Pangandikanipun sang adipati dhumatêng tiyang kathah: "Padha dêlengén wong iku!" Wondéné para imam agêng saabdinipun sarêng sami ningali Gusti, lajêng sami anguwuh-uwuh: "Kasaliba, kasaliba." Pangandikanipun Pilatus: "Aku ora nêmu kaluputané." Karsanipun Pilatus kêdah angluwari Gusti, ananging para imam agêng sami anguwuh-uwuh: "Manawi sampéyan angluwari tiyang punika dados téteala yèn sampéyan punika dédé mitranipun sang prabu ing Rum. Sintên ingkang ngadêg ratu piyambak punika baléla." Wondéné Pilatus sarêng mirêng panguwuh ingkang makatêن wau sarta sumérêp yèn karsanipun tanpa damêl malahan dadosakên gègèring tiyang, tumuntên amundhut toya, wijik asta wontên ngajênganing tiyang kathah, sarwi ngandika: "Aku iki rêsik, ora mèlu-mèlu mungguh wutahing gêtihé wong bêcik iki, dadia têtanggunganmu dhéwé." Panguwuhipun tiyang kathah: "Kajêngipun kula saanak kula katêmpaha ing rahipun." Gusti tumuntên kapasrahakên dhatêng para imam agêng badhé kasalib. Sêsamponing katampèn lajêng kabékta dhatêng rêdi Golgota sarwi manggul kajêng salib. Kacariyos sarêng wontê-[356]n ing margi kapêthuk satunggaling tiyang ing Kiréné anama Simon sawêg mantuk saking sabin. Punika lajêng dipunarat kinèn manggul kajêng salib wau wontên ing wingkingipun Gusti. Ing ngriku kathah tiyang kang sami andhèrèkakên, punapadéné tiyang èstri kathah kang sami nangisi saha sêsambar. Gusti tumuntên nolèh sarwi ngandika dhumatêng tiyang èstri punika: "Héh bocah wadon ing Yérusalém, kowé aja nangisi Aku, balik padha nangisana awakmu dhéwé apadéné anak-anakmu. Sabab yèn kaya mèngkono panggawéné wong marang kayu kang sêgêr, kayu kang garing iku bakal dikapakaké?"



„KASIRNAKNA, KASIRNAKNA, KASALIBA!“

34. Gusti Yésus Sinalib

Sarêng sampun dumugi ing rēdi Golgota, Gusti Yésus lajêng dipunsaosi anggur winoran rêmpelu kados adating tiyang badhé kinisas. Murih sudaning sakitipun amargi mèndêm sawatawis. Nanging Gusti botén karsa ngunjuk. Gusti lajêng kaêtrapakên ing kajêng salib, asta tuwin sukunipun pinaku. Lah ing ngriku wontên tiyang[357] bégal kékalihi sami kasalib sarêng kaliyan Gusti. Ingkang satunggal kaprênahakên wontên têngêning Gusti, satunggalipun wontên ing kiwanipun. Sanadyan Gusti dipunsawêng-wêng kados makatên. Éwadéné botén karsa males awon utawi sarêng walat. Malah lajêng umatur maring Allah: "Dhuh Rama, Sampéyan mugi ngapuntêna tiyang punika, awit déné sami botén sumérêp punapa pandamêlipun." Wondéné kajêng salib wau dipuncirèni awit saking dhawahipun Pilatus, ungêlipun makatên: "Iki Yésus wong Nasarèt, ratuné wong Yahudi." Kacariyos prajurit sakawan ingkang sami anyalib Gusti lajêng sami amêndhêtî pangagêmanipun, sami dipunêdum. Wondéné rasukanipun rangkêpan tanpa dondonan tinénun lajuran kémawon. Punika sami dipunundhèni, lah ing ngriku kayêktosan ingkang sampun winêca wontên ing kitab Zabur, (Mazmur kaping: 22) ungêlipun: "Panganggé Kula sami dipunêdum saha rasukan Kula sami dipunundhèni."


Kocapa para imam agêng tuwin para prajurit punapadéné tiyang kathah sami angolok-olok ing Gusti. Wo-[358]ntên ingkang mungêl: "Yèn nyata Kowé iku putraning Allah, lah mudhuna saka ing kayu salib." Dalah tiyang bégal wau ingkang satunggal ugi tumut ngolok-olok, wicanténipun: "Yèn nyata Kowé iku Kristus, mara nulungana awak-Mu dhéwé lan awakku." Déne bégal satunggalipun amangsuli kalayan srêngên. Wicanténipun: "Apa kowé iku iya ora wêdi maring Allah? Môngka kowé iku uga nandhang paukuman. Luhung kowé lan aku iki wus bénêré nandhang paukuman. Balik wong iku ora pisan duwé kaluputan." Saksana lajêng matur ing Gusti: "Gusti, manawi Sampéyan sampun rawuh ing karaton Sampéyan, mugi èngêta dhumatêng kula." Wangsulanipun Gusti: "Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané, ing dina iki uga kowé mësthi munggah ing Swarga Pirdus barêng lan Aku."

Wondéné kang ibu Gusti tuwin sadhèrèkipun kang ibu anama Maryam Klopas punapadéné Maryam Magdaléné sami ngadêg sacêlaking kajêng salibipun Gusti. Sarêng Gusti mirsani kang ibu sarta sakabatipun kêkasih anama Yokhanan wontên ing sandhingipun kang[359] ibu, lajêng ngandika dhumatêng kang ibu: "Héh wong wadon, iku anakmu." tumuntén ngandika dhumatêng Yokhanan wau: "Héh iku ibumu." Ing dintên punika Maryam kabékta déning Yokhanan, anunggil sagriya.

Sarêng wanci têngangé, ing bumi kapêtengan dangunipun ngantos tigang jam. Sarêng wanci jam tiga, Gusti anguwuh-uwuh kalayan swara asru: "Dhuh Allah Kawula, dhuh Allah Kawula, punapaa Sampéyan nilar Kawula." Sarêng Gusti mirsa bilih samukawis sampun rampung anêtépi ingkang sampun winêca ing atasing sariranipun, lajêng ngandika: "Aku ngêlak." Ing ngriku wontên cokak, pancèn ombèn-ombèning prajurit ingkang jagi. Lajêng wontên tiyang anyêlubakên kembang karang ingkang sinundukan, nuntén kalolohakên ing tutukipun Gusti. Sêsampuning nêsep cokak wau, Gusti lajêng ngandika: "Wus sampurna." Lajêng anguwuh-uwuh malih kalayan swara asru: "Dhuh Rama, Kawula masrahakên nyawa Kawula ing asta Sampéyan." Sêsampuning makatên Gusti lajêng séda sarwi andhingkluk sirahipun. Sami sanalika gubahing Bétal Mukadas sigar dados kalih saking nginggil dumugi ing ngandhap. Bumi agonjang-ganjing, parang- parang sami pêcah, pakuburan sami bêngkah. Kathah[360] jisimipun tiyang suci sami tinangèkakên sawungunipun Gusti saking séda lajêng sami medal saking

kuburipun, tumuntên sami lumêbêt dhatêng nagari Yêrusalèm, kathah tiyang kang dipunkatingali.

Wondéné têtindhihing prajurit ingkang jagi salib wau sarêng sumêrêp lindhu sarta mirêng panguwuhipun Gusti nalika andungkap sédanipun, lajêng wicantên: "Nyata wong iku putraning Allah." Punapadéné sakathahing tiyang kang sami wontên ing ngriku sarêng sumêrêp samukawis ingkang klampahan wau, mantukipun sami têbah-têbah dhadha.



„WUS RAMPUNG!“

35. Gusti Yésus Sinarékakêñ

Sédanipun Gusti Yésus anglérési dintên Jumungah ngajéngakêñ dintên sabat tur dintên paskhah. Mila tiyang Yahudi sami darbé panyuwun dhatêng sang adipati Pilatus. Tiyang kang sami sinalib wau mugi sami kaputunga garêsipun. Sarta jisimipun tumuntên kaudhuna sadèrèngipun ngancik ing dintên sabat paskhah wau. Sarêng panyuwunipun sampun kaparêng, prajurit tumuntên amutungi garêsipun tiyang bégal kêkalih[361] wau, tumuntên mrêpêki layonipun Gusti. Sarèhning sampun tééla ing sédanipun, mila botên èstu amutung garêsipun. Éwadéné wontên satunggaling prajurit anumbak lambungipun Gusti, nuntên medal rah tuwin toya. Lah punika kayéktosanipun ingkang sampun winéca déning para nabi, ungêlipun makatêñ: "Sira aja mutung balungé." Punapadéné makatêñ: "Bakal padha andéleng kang tinumbak."

Kacariyos wontên satunggaling nayaka agêng tur sugih saking nagari Arimatéa anama Yusuf, kalêbêt sakabatipun Gusti dhêdhémítan. Mila sampun botên angrukiki pirêmbagipun tiyang Yahudi ing atasipun Gusti wau. Sarêng wanci sontên Yusuf wau sowan dhatêng ngarsanining Pilatus. Kamipurun nyuwun layonipun Gusti. Sarêng Pilatus sampun mirêng aturipun têtindhihing prajurit bilih Gusti saëstu sampun séda, lajêng anglikani panyuwunipun Yusuf wau. Saksana Yusuf atumbas mori alus, tumuntên amêndhêt layonipun Gusti saking kajêng salib. Wontên malih tiyang nama Nikodémus, sampun naté sowan ing Gusti ing wanci dalu. Punika inggih dhatêng sarwi ambékta konyoh garu watawis wawrat sa-[362]tus kati. Layonipun Gusti lajêng dipunkonyohi tuwin dipunulêsi kalayan mori alus wau. Wondéné Yusuf punika kagungan kaluwat énggal dèrèng dipunanggé dumunung wontên ing patamanan sacélaking Golgota. Layonipun Gusti tumuntên kasarékakêñ ing ngriku, tumuntên katutupan kalayan séla agêng. Wondéné sakabat èstri sawatawis ingkang sami tumut ngurmati layonipun Gusti. Saantukipun lajêng anyawisakêñ jêbad badhé kanggé anjêbadi layonipun Gusti sêsampaning dintên sabat. Déné ing dintênipun sabat sami kèndêl anêfêpi pêpacak.

Ing wanci énjing para imam agêng tuwin tiyang Parisi sami sowan dhatêng ngarsanipun Pilatus. Aturipun: "Tuwan, kula sami kèngétan ing têlung dinané Aku mêtshi tangi saka ing pati. Mila manawi kaparêng, mugi wontêna dhawah sampéyan angrêksa kuburipun ngantos kalangkung ing tigang dintênipun. Supados jisimipun sampun ngantos kacolong dhatêng sakabatipun ing wanci dalu, lajêng dipunmisuwurakêñ tangi saking pêjah. Têmah panasaranipun angungkuli ingkang[363] rumiyin." Pangandikanipun Pilatus: "Dhasar wis ana wong jaga, môngsa bodhoa ênggonmu mratikêlaké." Têtiyang kang sami sowan wau saunduripun lajêng amratikêlakêñ tiyang lagi kinèn rumêksa kuburipun Gusti, déné séla tutuping kubur lajêng kaêcap.

36. Wungunipun Gusti Yésus saking Séda

Sarêng dintên Akhat ing wanci bangun énjing wontên lindhu sangêt amargi wontên malaékat tumêdhak saking Swarga angglundhungakên séla tutuping astananipun Gusti Yésus. Lajêng dipunlènggahi, warninipun kados thathit, busananipun pêthak kados salju, déné tiyang jagi astana saking ajrihipun aprasasat tiyang péjah.

Déné tiyang èstri kang sami nyawisakên jêbad wau, ing wanci bangun énjing angajak réncangipun sami èstri dhatêng astananipun Gusti, sêdfa badhé anjêbadi layonipun. Sarêng sampun cêlak astana sami râraosan: "Sapa kang bakal mitulungi ênggonku angglu-[364]ndhungaké watu gêdhé iki mêngko?" Sarêng tumênga ningali séla sampun gumlundhung. Panunggilanipun tiyang èstri wau wontên ingkang nama Maryam Magdaléné, punika lajêng énggal wangslul manggihi Pétrus kaliyan Yokhanan. Wicantênipun: "Gusti sampun kapêndhêt saking pasaréan, kula botên sumêrêp ing pundi dumunungipun." Déne sapêngkêripun Maryam Magdaléné wau, tiyang èstri sanèsipun sami lumêbêt ing astana, saèstu layonipun Gusti sampun botên wontên. Ingkang makatên wau andadosakên kuwuring manahipun. Wusana aningali malaékat kêkalih, panganggénipun sarwa gumilap. Mila tiyang èstri wau sakalangkung gêtêripun. Malaékat lajêng ngandika: "Ya géne kowé padha anggolèki kang urip ményang panggonané wong mati? Ing kéné ora ana, wus wungu kaya pangandikané piyambak kang nungi. Kowé dikêbat anuturana para sakabaté!" Para tiyang èstri wau énggal sami késah kalayan ajrih kamoran ing bungah agêng badhé anyriyosi para sakabatipun Gusti. Kocapa Pétrus lan Yokhanan, sarêng sampun sami dipuncariyosi déning Maryam Magdaléné lajêng sami anuwèni[365] astananipun Gusti. Aningali mori ulêsipun Gusti sampun anglumpruk, punapadéné kacu ingkang kaagémakên ing mastakanipun Gusti inggih sampun pinanggih lêmpitan botên amor kaliyan ulês wau, nanging Gusti botên wontên. Sakabat kêkalih wau lajêng sami mantuk. Ing wêkdal punika Maryam Magdaléné taksih kantun wontên ngajênganing astana sarwi nangis. Sarêng ngungak astana, lah ing ngriku wontên malaékat kêkalih, pangagêmanipun pêthak sami ngandika dhumatêng Maryam: "Héh wong wadon, kêna ngapa kowé nangis?" Wangsulanipun Maryam: "Awitdéné Gusti kula kapêndhêt ing tiyang. Kula botên sumêrêp ing pundi pandèkèkipun." Maryam tumuntên amêngkérakên astana. Lajêng ningali Gusti jumênêng, nanging botên sumêrêp yèn punika Gusti. Gusti lajêng ngandika: "Héh wong wadon, kêna ngapa kowé nangis? Kowé anggolèki sapa?" panyananipun Maryam, Gusti wau kakintên juru taman. Maryam lajêng mangsuli: "Tuwan bok manawi sampéyan ingkang ambékta, kula mugi sampéyan pasajani, sampéyan dèkèkakên ing pundi? Badhé kula pêndhêt." Gusti lajêng ngandika: "Héh Maryam." Sanalika Maryam bo-[366]tên pandung yèn suwantênipun Gusti, lajêng nyungkêmi sampéyanipun, sarwi matur: "Rabuni." Têgêsipun, guru. Gusti ngandika: "Kowé aja anggêpok Aku, sabab Aku durung munggah ményang ngarsané Kangjêng Rama. Balik saiki kowé mangkata, anuturi para sadulur-Ku yèn Aku arêp munggah marang ngarsané bapak-Ku lan bapakmu, utawa marang Allah-Ku lan Allahmu!" Saksana Maryam Magdaléné mundur, anyriyosi para sakabat yèn piyambakipun sampun ningali Gusti sarta dipunpangandikani makatên wau. Éwadéné para sakabat wau sami dèrèng pitados.

37. Gusti Yésus Ngatingali Sakabat Kêkalih, ingkang Sawêg Lumampah dhatêng Dhusun Emaus

Ing dintên Akad punika ugi Gusti Yésus ngatingali Simon Pétrus ingkang sawêg nandhang sungkawa murih lipuripun. Lan wontên malih sakabat kêkalih ing dintên punika sami mantuk dhatêng ing dhusun Emaus. Saking Yérusalèm watawis lampahan tiga tengah jam. Tiyang kê-[367]kalih wau wontên ing margi sami râraosan samukawis ingkang nêmbe kalampahan ing atasing sariranipun Gusti. Salêbêtipun gêginêman, Gusti mrêpêki sarwi nyarêngi lampahipun. Nanging sakabat kêkalih wau sami pandung dhatêng Gusti. Gusti lajêng pitakèn: "Kang padha dika rasani niku napa? Déné kisanak sêmuné padha prihatin." Wondéné sakabat ingkang satunggal anama Kléopas punika mangsuli: "Namung dika piyambak tiyang mònca kang botên sumêrêp prakawis kang nêmbe klampahan ing Yérusalèm ngriki." Gusti mangsuli pitakèn: "Prakara napa niku?" Wangsulanipun sakabat wau: "Prakawis Yésus tiyang Nasarèt. Niku nabi sêkti pandamélé lan pangandikané wontên ngarsaning Allah lan ngajêngé tiyang kathah. Lah niku kapatrapan khukum pêjah sinalib awit saking pitênahé para imam agêng tuwin lêlurah kula. Môngka ingkang wau pangajêng-ajêng kula Yésus niku angluwarana Banisrail. Éwadéné mêkotén kadadosané, malah niki tigang dintêné. Kajawi saking niku wontên kônca kula tiyang èstri sawatawis sami damêl gugup kula, umun-umun wau sami nuwèni a-[368]stanané nanging layoné botên kapanggih, nuntên sami wangsl. Criyos-criyos yèn dikatingali malaékat.

Mangandikakaké yèn Yésus gêsang malih. Saëmpuné mêkotén wontên kônca kula tiyang jalér tumut nuwèni astana, ugi kapanggih kados criyosé tiyang èstri wau, nanging Yésus botên wontên." Gusti tumuntên ngandika: "Héh wong bodho, katanggungan témén olèhmu pracaya mungguh pamêcaning para nabi. Sang Kristus iku apa ora wus wajibé nandhang pilara iku, ênggoné manjing ing kamulyané." Gusti tumuntên anjarwakakén samukawis ingkang sampun winêca déning Musa tuwin para nabi ing atasing sariranipun. Sarêng sampun cêlak ing dhusun Emaus. Gusti sêngadi badhé nglajêngakén tindakipun. Nanging dipun-gondhèli dhatêng sakabat kêkalih wau. Wicantênipun: "Sumôngga Sampéyan sipêng ngriki kémawon margi sampun mèh sêrap." Gusti tumuntên lumêbêt ing griyanipun sakabat wau. Sarêng sami lênggah dhahar, Gusti lajêng angasta roti, sésampuning amuji sukur, roti lajêng cinuwil-cuwil, tumuntên kaparingakén dhatêng sakabat kêkalih wau. Sanalika mripatipun kabuka, mantun pandungipun dhatêng[369] Gusti, nanging Gusti lajêng musna. Sakabat kêkalih wau lajêng sami râraosan: "Ora lidok ta atiku dhasar wus krasa nalika dipangandikani ana ing dalan mau sarta dijarwani mungguh pamêcaning para nabi." Sakabat kêkalih wau énggal wangsl dhatêng Yérusalèm malih, pinanggih kaliyan sakabat sawêlas sapanunggilanipun. Sakabat kêkalih wau lajêng dipunpapag ing wicantên: "Nyata Gusti wus wungu, wus ngatingali marang Simon." Sêdhêng taksih sami râraosan, lah ing ngriku Gusti piyambak katingal jumênen amor lan para sakabat wau sarwi uluk salam. Kang môngka kontêning griya kinancing, mila para sakabat sami kagèt sarta ajrih, kanyana bilih êjin. Gusti lajêng ngandika: "Ya géné kowé padha kagèt sarta padha sumêlang? Padha andêlênga tangan-Ku lan sikil-Ku, iya iki Aku dhewé, padha anggrayangana awak-Ku, yèn êjina môngsa duwéa daging lan balung, balik pandêlêngmu, Aku duwé." Gusti lajêng anêdahakén asta tuwin sampéyanipun. Sarèhning para sakabat dèrèng pitados awit saking éram tuwin bingahipun, Gusti lajêng mundhut dhahar, nuntên dipunsaosi u-[370]lam gorèngan sarta tala tawon. Lajêng dipundhahar wontên ngajênging para sakabat wau. Gusti nuntên uluk salam malih sarwi ngandika, kowé padha dakutus kaya déné olèhku dinuta ing Kangjêng Rama. Gusti tumuntên andamoni para sakabatipun sarwi ngandika: "Padha nampanana Roh Suci."

38. Gusti Yésus Ngatingali dhumatêng Tomas Sakancanipun, lajêng Ngatingali Sakabat Pêpitu Wontên ing Sagantênan Tibérias

Kala Gusti Yésus ngatingal dhumatêng para sakabat wau, Tomas anglérêsi botên wontên. Sarêng kapanggih kaliyan kancanipun, lajêng dipuncariyosi yèn sampun sami ningali Gusti.

Wangsulanipun Tomas: "Yèn aku ora wêruh dhéwé labêting paku ing astané sarta labêting paku mau ora taklêboni drijiku utawa lambungé ora taklêboni tanganku, amêsthî aku ora pracaya."

Sarêng pêndhaking dintên Akat, para sakabat sa-[371]mi ngalêmpak malih, Tomas ugi wontên. Kontêning griya sami kinacing, saksana Gusti rawuh sarwi uluk salam. Tumuntên ngandika dhumatêng Tomas: "Êndi drijimu? Iki lo tangan-Ku. Êndi tanganmu? Rogohna ing lambung-Ku iki. Lan kowé aja maido, balik pracaya!" Tomas tumuntên nyêbut: "Dhuh Gusti kawula, saha Allah kawula." Pangandikanipun Gusti: "Héh Tomas, saiki kowé pracaya sabab wus andêlêng Aku. Rahayu wong kang padha pracaya tanpa andêlêng."

Botên antawis dangu para sakabat sami wangsl dhatêng Galiléa. Lah ing ngriku sami dipunkatingali malih dhatêng Gusti wontên gisiking sagantênan Tibérias. Kala samantên sakabat pêpitu anglérêsi sami numpak baita sarwi amêndhêt ulam. Nanging sadalu muput botên angsal punapa-punapa. Sarêng wanci énjing Gusti ngatingal wontên ing gêgisik, nanging para sakabat sami pandung. Gusti lajêng andangu: "Héh bocah-bocah, kowé apa simpêñ lawuh?"

Wangsulanipun: "Botên." Gusti lajêng andhawahi: "Jalamu tibakna satêngêning prau amêsthî olèh!" Sarêng jala kadhawah-[372]akên, angsal ulam agêng-agêng ngantos satus sèkêt tiga.

Yokhanan lajêng wicantên dhatêng Pétrus: "Lah iku Gusti." Sarêng Pétrus mirêng, lajêng ambyur nglangi dhatêng gisik. Wondéné sakabat sanèsipun sami nusul kalayan baita. Sarêng sampun sami mëntas, lajêng aningali wongwa^[10] katumpangan ulam loh kaliyan roti. Para sakabat lajêng sami kapurih sarapan dhatêng Gusti. Para sakabat lajêng sami sumêrêp yèn punika Gusti. Sêsamponing sami sarapan, Gusti lajêng ngandika dhumatêng Pétrus: "Héh Simon anaké Yunus. Katrêsnanmu marang Aku apa ngungkuli kônca-kancamu iku?" Wangsulanipun: "Inggih Gusti, Sampéyan móngsa kakilapana yèn kula punika trênsna dhatêng Sampéyan."

Pangandikanipun Gusti: "Kowé angona cêmpé-Ku!" Gusti tumuntên andangu malih: "Héh Simon anaké Yunus. Kowé apa trênsna marang Aku?" Wangsulanipun: "Inggih kados ing ngajêng wau." Pangandikanipun Gusti: "Kowé angona wêdhus-Ku!" Tumuntên Gusti andangu kaping tiganipun: "Héh Simon anaké Yunus. Apa kowé trênsna marang Aku?" Ing ngriku Pétrus kèmêngan, déné[373] kadangu makatên ngantos rambah kaping tiga, lajêng matur: "Adhuh Gusti, Sampéyan sumêrêp ing samukawis, amêsthî sumêrêp yèn kula punika trênsna dhatêng Sampéyan." Pangandikanipun Gusti: "Kowé angona wêdhus-Ku! Tutur-Ku ing kowé iku sanyatané. Duk kowé isih nom, aningsêti awakmu dhéwé sarta lumaku ing saparan-paranmu. Déné ing besuk yèn kowé wus tuwa, tanganmu bakal ambapang sarta kowé bakal siningsêtan ing wong, apadéné ginawa marang panggonan kang ora kokarêpi." Wondéné pangandikanipun Gusti ingkang makatên wau pralambang pêjahipun Pétrus anggènipun angluhurakên asmaning Allah.

Kajawi saking punika wau Gusti ngatingal malih dhumatêng para sakabat sapanunggilanipun. Kathahing tiyang ngantos langkung saking gangsal atus, dados botên kirang saksi kang ningali Gusti Yésus sawungunipun.

10. wongwang*

39. Gusti Yésus Andhawahakên Pasalulupan Suci, Minggaipun Gusti dhatêng Swarga

Botên antawis dangu sakabat sawêlas sami késah dhatêng Galilé-[374]a, anjujug ing rêdi ingkang sumpun kadhwahakên ing Gusti Yésus. Wontên ing ngriku sami dipunkatingali déning Gusti malih. Pangandikanipun: "Aku iki wus kaparingan sakèhing pangawasa ing Swarga lan ing bumi, mulané kowé padha anjajaha ing jagad kabèh, amratakna Injil marang sarupaning umat. Padha kasalulupna kalawan anganggêp asmané Kang Rama, lan Kang Putra, tuwin Roh Suci. Padha wulangana ngèstokna samubbarang kang wus takdhawuhaké marang kowé! Sing sapa pracaya lan kasalulupaké, bakal kaslamêtan. Déné sing sapa ora pracaya bakal kapatrapan. Anadéné wong kang padha pracaya bakal akanthi kramat mèngkéné, kaya ta, ambuwangi sétan, kalawan nganggêp asma-Ku, acélathu kalawan têmbung kang mauné durung sumurup. Bisa anyékêl ula, tawa ngombé wisa, anumpangaké tangané marang wong lara dadi lan warasé. Lah Aku dadi kanthimu ing salawas-lawasé kongsi tumêka wêkasaning jagad."

Gusti anggènipun asring ngatingali para sakabat sarta amêmulang bab karatoning Allah wau, laminipun ngantos kawan dasa dintên. Lah ing kawan dasa dintênipun wau Gusti ngalêmpakakên para sakabati-[375]pun wontên ing rêdi Jaitun. Sami kadhawahan, sumpun ngantos nêbihi nagari Yérusalèm. Sami ngêntosana kalampahaning prajanéan. Mènggah anggènipun badhé tumuntên kasalulupakên kalayan Roh Suci. Ing ngriku para sakabat lajêng sami matur pitakèn ing Gusti: "Gusti, punapa ing môngsa samangké Sampéyan badhé karsa ambangun karatonipun ing Israel?" Wangsulanipun Gusti: "Dudu bubuhamu ngawruhi môngsa utawa wayah kang kawêngku pangawasané Kang Rama. Balik kowé bakal padha nampani dayaning Roh Suci kang anêdhaki ing kowé lan kowé bakal dadi sêksi-Ku ana ing Yérusalèm. Tuwin satanah Yudia lan Samaria kabèh kongsi tumêka wêkasaning bumi."

Sêsampuning ngandika makatên, Gusti Yésus lajêng paring pangèstu dhumatêng para sakabatipun sarwi ngêgarakên astanipun. Lah ing ngriku Gusti kasêngkakakên dhatêng ing Swarga, katingalan déning para sakabat. Botên antawis dangu kaling-kalingan ing mega. Sadangunipun para sakabat angawasakên mumbulipun Gusti, lah wontên tiyang kêkalih juménêng ing sandhingipun. Pangagêmanipun sarwa pêthak. Ti-[376]yang kêkalih wau lajêng wicantên dhatêng para sakabat: "Lah wong Galiléa, ya géné kowé padha ngadêg tumênga marang langit?" Wruhanamu, Yésus kang wus kapundhut saka ing kowé, kasêngkakaké marang Swarga, iku ing têmbé iya rawuh manèh, patrapé kaya kang wus kadêlêng, ênggoné munggah marang Swarga mau.

40. Dintên Agêng Pêntékosta

Sêsampuning Gusti Yésus minggah dhatêng Swarga, para sakabat taksih kêmpal wonten ing Yérusalèm sarta tansah sami anyênyuwun têdhakipun Roh Suci ingkang kaprasêtyakakén déning Gusti. Ing ngriku para sakabat sami sarêmbag amilih tiyang satunggal, kadamél gêgêntosipun Yudas Iskariot. Wondéné ingkang kapilih sarana dipunundhèni punika satunggal muridipun Gusti anama Matias. Sêsampuning kalampahan sadasa dintên saking minggahipun Gusti dhatêng Swarga, dados sèkêt dintên saking dintên agêng paskhah, a-[377]nglérési dintên agêngipun tiyang Yahudi ingkang winastan pêntékosta. Para sakabat sadaya sami saékakapti akêkêmpalan pêpak wonten satunggaling panggènan. Lah ing ngriku wonten swara dadakan saking langit gumrubug apindha prahara, angèbègki^[11] ing griya pakêmpalan wau. Sanalika wonten ilat sêsigaran apindha latu katingal sami méncok wonten satunggal- tunggaling para sakabat wau. Lah punika para sakabat kaëbêkan déning Roh Suci lajêng sami wicantén kalayan têmbung warni-warni, punapa pêparinging Roh Suci wau. Kacariyos ing wêkdal punika ing nagari Yérusalèm pinuju kathah tiyang Yahudi kang ngibadah saking pundi-pundi nagari sakurêbing langit. Dupi mirêng suwara wau lajêng sami ambyuk anuwèni, têmahan sami anjêngêr awit sami mirêng têmbungipun piyambak-piyambak kawicanténakén déning para sakabat wau. Mila sami sangêt kahébatan. Anggènipun sami rêraosan: "Iku rak wong Galiléa, kapriyé déné téka padha bisa calathu kalawan têmbungku dhéwé-dhéwé ing kalairanaku"^[12] Lah iku ênggoné ngucapaké kaélokaning Allah kalawan têmbungku[378] dhéwé-dhéwé." Tiyang kathah wau wonten ingkang sumêlang wicanténipun: "Iku ngalamat apa?" Wonten malih ingkang anggêgujêng, wicanténipun: "Ah wong iku rak padha mêtêm anggur." Sakabat kalih wêlas sarêng mirêng wicanténipun tiyang ingkang makatén wau lajêng sami ngadêg. Pétrus tumuntén wicantén kalayan swara asru: "Hé sadhèrèk Yahudi ing ngriki tuwin kang mònca nagari sadaya, jêngandika sami mirêngna wicantén kula awit tiyang punika sadaya anggènipun makatén punika botén margi saking wuru kados pangintén jêngandika, balik punika kayéktosanipun pamêcaning nabi Yoël anggènipun angêmbar timbalaning Allah ingkang makatén: 'Bésuk ing jaman akir, amêsthi klakon goning-Sun angêsokaké rohing-Sun marang satêngahing wong. Ing kono anakira lanang utawa wadon bakal padha mêmêca lan wong nonomanira bakal padha andêlêng sasmita, apadéné wongira tuwa bakal padha tômpa wahyu ing pangimpèn, dalasan para batur lanang lan wadon bakal Sunsoki rohing-Sun, banjur padha mêmêca: Hé têdhaking Israil, jêngandika sami mirêngna wicantén kula punika mènggah Yésus tiyang Nasa-[379]rèt punika sampun katêdahakén déning Allah dhumatêng jêngandika sadaya kalayan ngagêm mukjizat pintên-pintên. Suprandéné jêngandika kapéjahi, sarana kasalib. Éwa samantén sampun kawungokakén déning Allah, kula punika sadaya saksinipun. Ing mangké Yésus wau sampun kasêngkakakén dhatêng panguwasaning Allah, têmah lajêng angêsokakén Roh Suci, kados kang sampun jêngandika tingali punika. Amila Banisrail sadaya sami sumêrêp kang sayêktos yèn Yésus ingkang sami jêngandika salib punika wau, ing samangké kaangkat Gusti tuwin Kristus déning Allah." Wondéné tiyang Yahudi punika wau sarêng mirêng wicantén ingkang makatén lajêng sami ical manahipun. Wicanténipun dhatêng para utusaning Gusti wau: "Dhuh sadhèrèk, ingkang wajib kula lampahi punapa?" Wangsulanipun Pétrus: "Wajibipun jêngandika sami tobat sarta sinalulupakén kalayan nganggêp asmaning Yésus Kristus supados samia angsala pangapuntén. Têmahan jêngandika badhé sami nampèni pêparinging Roh Suci awit déné prajanjéan punika ugi tumrap dhumatêng jêngandika turun-tumurun punapa dé-[380]né sakathahing tiyang kang têbih-têbih. Sapintén ingkang badhé katimbalan déning Pangéran Allah kula." Wondéné sakathahing tiyang kang sami mituhu piwulangipun Pétrus wau lajêng sami kasalulupakén. Ing dintên punika tiyang wau sami rukun têpangipun saha anyuwil roti tuwin sêmbahyang. Raja brana tuwin barang darbékipun sami dipunsadéni, kadamél anyêkap kabêtahanipun tiyang ingkang botén

gadhah sarta sami angsal sihing tiyang sanagari. Wondéné Pangéran ing sabén dintén amêwahi cacahing tiyang kang sami pitados.

11. angèbêki*

12. kalairanku*

41. Tiyang Lumpuh Kasarasakên, Ananias lan Safira

Ing satunggal dintên Pétrus lan Yokhanan sami lumêbêt dhatêng Bétal Mukadas badhé sêmbahyang. Ing ngriku wontên tiyang lumpuh lair mila[381] umuripun sampun langkung kawan dasa taun. Sabêن dintên kagéndhong, kaprênahakên wontên kontêning Bétal Mukadas. Lajêng ngêmis dhatêng sawarnining tiyang kang mlêbêt medal. Tiyang lumpuh wau sarêng sumêrêp Pétrus lan Yokhanan sami lumêbêt, ugi dipunprimani. Pétrus lan Yokhanan lajêng sami mandêng dhatêng tiyang wau, pangandikanipun Pétrus: "Aku ingêtna." Tiyang lumpuh wau lajêng nyawang dhatêng utusan kêkalih punika, angajêng-nga{jé}ng pêparingipun. Pétrus lajêng ngandika malih: "Yèn êmas utawa slaka aku ora duwé, nanging kang aku duwé dakwènèhaké marang kowé awit asmané Yésus Kristus Nasarani. Ngadéga lan lumakua!" Pétrus lajêng nyandhak tanganipun kang têngén, tumuntên kaadégakên. Sanalika ros-rosanipun suku sami kêkah, lajêng trêngginas lumampah andhèrèk utusan kêkalih wau lumêbêt ing Bétal Mukadas. Sarwi alincak-lincak, amémuiji maring Allah. Sakathahing tiyang ingkang sumêrêp sami kagawakan. Ing ngriku Pétrus lajêng mêmulang dhumatêng tiyang kathah, sami kasumêrêpakên mènggah sawabing asmanipun Yésus Kristus.[382] têmah kathah tiyang sami pitados. Kala samantên tiyang ingkang sami pitados ing Gusti, tiyang jalér kémawon watawis gangsal èwu.

Kacariyos wontên satunggaling tiyang anama Ananias, tuwin sémahipun nama Safira, punika sami nyadé pasitènipun. Déné arta pêpajêngipun wontên ingkang dipunumpêtakên, sarêmbag tiyang sakaliyan. Lan wontên ingkang dipunaturakên dhatêng para utusan kadamêl dana dhumatêng tiyang miskin. Kaawadakên yèn punika wêtahing pêpajêngipun pasitèn wau. Pétrus tumuntên ngandika: "Héh Ananias, ya géné atimu kapanjingan sétan kongsi kowé anggorohi Roh Suci? Lah palêmahan iku sadurungé diêdol apa dudu duwèkmu? Apadéné sawusé diêdol dhuwité apa dudu kuwasamu? Ya géné têka ana kang koumpêtaké kalawan sêdfa kang ala? Kowé ora goroh marang wong, balik goroh maring Allah." Sarêng Ananias mirêng pangandikanipun Pétrus wau, sanalika dhawah kapisanan. Déné para nènèman tumuntên sami tumandang ngulësi ji-[383]simipun, kabékta medal lajêng kakubur. Sarêng watawis sampun tigang jam Safira lajêng nusul sowan wontên ngarsaning Pétrus. Dèrèng sumêrêp lélampahan punika wau, Pétrus lajêng andangu: "Kowé blakaa marang aku, olèhmuadol palêmahan pêpayoné apa kaya tuturé lakimu?" Wangsulanipun: "Inggih samantên." Pétrus lajêng ngandika: "Ya géné kowé padha sarêmbug anyoba rohing Pangéran? Lah sikilé wong kang mèntas mèndhêm lakimu iku ana ngarêping lawang, uga bakal mètokaké kowé." Sanalika Safira wau dhawah kapisanan wontên ngarsaning Pétrus. Sarêng para dènéman wau lumêbêt, Safira sampun pinanggih pêjah lajêng binékta medal, kapêtak sandhing lakinipun. Déné tiyang sapasamuwan tuwin sanèsipun. Ingkang sami mirêng prakawis punika wau, sangêt ajrihipun.

42. Sédanipun Sêtéfanus^[13]

Sarèhning pasamuanipun Gusti Yésus sangsaya mindhak-mindhak kathah-[384]ing tiyang, para utusan lajêng kuwalahêng angabarakan Injil, ngirang momong tiyang miskin. Mila lajêng sabiyantu kaliyan tiyang sapasamuan. Amilih tiyang pêpitu ingkang pinitados angopèni tiyang miskin wau. Tiyang pêpitu wau wonten satunggal ingkang nama Sêtéfanus. Punika sakalangkung banter imanipun saha kaèbêkan ing Roh Suci, tuwin sugih kramat. Kagèlarakên wonten ngajênging tiyang kathah sarwi mêmulang. Lah ing ngriku kathah tiyang Yahudi sami mabêni dhatêng wêwulangipun. Éwadéné botên wonten ingkang nyandhak kawasisan tuwin pamicaranipun ingkang jalanan saking Roh Suci. Mila sami ngojok-ojoki dhatêng tiyang kathah, punapa malih dhatêng para pinisêpuh tuwin para ngulama. Sêtéfanus lajêng kinarubut, tumuntén kaladosakên dhatêng pradata agêng. Tiyang Yahudi lajêng matah sêksi dora. Déné panêksinipun wonten ngarsaning pradata makatên: "Tiyang punika tansah angraosi awon dhatêng panggènan suci punika, utawi dhatêng anggêr-anggêr. Kula mirêng piyambak wicantênipun yèn Yésus Nasarani badhé ambibrah panggènan punika sarta ba-[385]dhé nyantuni saréngat ingkang kadhwahakên déning nabi Musa dhumatêng bôngsa kula." Wondéné para ahli pradata sarêng sami mandêng dhatêng Sêtéfanus, pasuryanipun katingal kados wadanuning malaékat. Pangulu imam lajêng andangu dhumatêng Sêtéfanus: "Kang mangkono iku apa nyata?" Sêtéfanus lajêng nyariyosakên lêlampahanipun Banisrail, punapadéné pamurangsarakipun lêstantun ngantos dumugi ing wêkdal punika. Wusana Sêtéfanus matur: "Hé tiyang wangkot kang botên têtak manah lan kuping, sampéyan tansah bôngga dhatêng Roh Suci botên sanès kaliyan lêluhur sampéyan. Lah pundi para nabi kang botên kinuya-kuya dhatêng lêluhur sampéyan? Ingkang sami mêmêca mènggah rawuhipun Kristus. Punika lêluhur sampéyan ingkang mêjahi, makatên malih sarêng Sang Kristus sampaun rawuh, inggih sampéyan ingkang mêjahi."

Aturipun Sêtéfanus sawêng angsal samantên. Mara ahli pradata lajêng sami ngumbar nêpsunipun, grêgêtên sarwi akêrot. Lah ing ngriku Sêtéfanus kaèbêkan Roh Suci, tumênga[386] sarwi wicantê: "Aku andêlêng Swarga kabuki sarta putraning manungsa jumênêng ana têngêning Allah." Tiyang kathah lajêng sami anjérít sarwi atutup kuping. Sêtéfanus lajêng kinarubut lan cinêpêng, kadhabyang dhatêng sajawining nagari badhé dipunranjam. Wondéné ingkang kajibah ambalangi rumiyin punika tiyang ingkang sami dados sêksi wau. Saksana lajêng sami cucul sandhangan, katitipakên dhatêng satunggaling jêjaka anama Saul. Tumuntén sami tumandang ambalangi séla dhatêng Sêtéfanus. Tiyang kathah inggih lajêng sami anut ambalangi. Sêtéfanus tumuntén nyêbut: "Dhuu Gusti Yésus, Sampéyan mugi anampènana nyawa kawula." Lajêng jèngkèng sarwi anguwuh: "Dhuu Gusti, dosanipun tiyang punika mugi Sampéyan apuntên." Sêsamputing matur makatên wau lajêng angles séda. Wondéné layonipun lajêng kinukup dhatêng tiyang salèh sawatawis. Tumuntén kinubur sarta tinangisan sangêt.[387]

13. Stefanus #

43. Pêpatih Lêbêt ing Tanah Ngabêsi, Bok Tabita

Saul anggènipun purun nêngga sandhanganing para sêksi wau, amratandhani bilih jumurung prakawis sédanipun Sétéfanus. Dhasar Saul punika kalêbêt éwonung tiyang Yahudi ingkang kakêncêngên dhatêng saréngating agaminipun, mila sangêt sêngitipun dhatêng para sakabating Gusti. Saul punika malah angrésahi pasamuwaning Gusti, anglêbêti sakathahing griya ngupadosi tiyang kang sami pitados ing Gusti. Manawi pinanggih lajêng linarakan saha kalêbêtakên ing pakunjaran, anjalari têtiyang kang sami pitados wau pating salêbar. Déné para tiyang kang sami buyar wau, anggènipun anjajah nagari tuwin padhusunan kalayan anggêlarakên Injil.

Kacariyos wontên satunggal pamomongipun tiyang miskin, anama Filipus, punika dumugi ing tanah Samaria. Wontên ing ngriku anggêlarakên Injiling Kristus sarwi ngatingalakên kramatipun, kados ta: nyarasakên tiyang sakit, sêsaminiipun.[388] Wondéné tiyang ing Samaria kathah kang sami mituhu dhatêng wêwulangipun Filipus wau kalayan sangêt suka bingahipun. Botên antawis lami Filipus kadhawahan pangandikaning malaékat kinèn lumampah mangidul, mêdal ing margi kang saking Yérusalém anjog ing kitha Gasa. Filipus lajêng mangkat, wontên ing margi sésaréngan kaliyan pêpatih lêbêt punggawanipun sang Rêtna Kandasé, prabu wanudya ing nagari Ngabêsi. Sang patih wau mèntas sêmbahyang saking Yérusalém badhé kondur dhatêng Ngabêsi, tindakipun nitih karéta. Ing wêkdal punika sawêg maos kitabipun nabi Yésaya. Ing ngriku Filipus kaosikakên déning Roh Suci kinèn marêpêki karétanipun sang patih wau. Sarêng Filipus sampun cêlak kaliyan karéta, amirêng pamaosipun. Filipus tumuntên pitakèn: "Sampéyan punapa mangrêtos suraosipun ingkang sampéyan waos punika?" Wangsulanipun sang patih: "Kados pundi anggèn kula mangrêtos bilih botên wontên ingkangngrêtosakên?" Filipus tumuntên kaaturan minggah numpak karéta. Déné ungêl-ungêla-[389]nipun kitab ingkang sawêg winaos wau makatên: "Apindha wêdhus kang ginawa marang pasambêlèhan, utawa kaya cêmpé kang ménêng ana ngarêpé tukang ambathili, kaya mèngkono iku ênggoné ora ambuka tutuké." Sang patih lajêng pitakèn dhatêng Filipus: "Kula nyuwun sêrêp dhatêng sampéyan, sintên ingkang dipunpangandikakâkên déning nabi Yésaya punika? Punapa sariranipun piyambak, punapa tiyang sanèsipun?" Sarèhning ungêl-ungêlaning kitab wau kalêbêt pamêca ing atasipun Kristus, mila klêrêsan sangêt Filipus anggènipun ngrêtosakên suraosipun, kadamêl jalaran anggènipun mulangakên lêlampahanipun Gusti Yésus. Ing ngriku sang patih karênan sangêt mirêngakên wêwulangipun. Sarêng sami dumugi ing pangènан toya, sang patih lajêng wicantên: "Lah punika wontên toya, punapa wontên pakèwêdipun yèn kula kasalulupna sapunika?" Wangsulanipun Filipus: "Manawi têmén-têmén pitados sampéyan, inggih kénging." Wicanténipun sang patih: "Kula pitados saèstu Yésus Kristus punika putraning Allah." Saksa-[390]na karétanipun kinèn ngandhêgakên, sakaliyanipun lajêng sami tumêdhak dhatêng toya, sang patih lajêng sinalulupakên déning Filipus. Samêntasipun saking toya, Filipus lajêng kamusnakakên déning rohing Pangéran. Déné sang patih anglajêngakên tindakipun kalayan suka bingah.

Kocapa rasul Pétrus anggènipun nganglangi pasamuan dumugi ing nagari Lida. Ing ngriku wontên satunggaling tiyang anama Énéas, punika anggènipun sakit lumpuh sampun wolung taun, lajêng kasarasakên déning Pétrus. Prakawis punika lajêng misuwur, anjalari tobatipun para tiyang ing ngriku tuwin sanès nagari.

Kacariyos ing satunggal dintên Pétrus kaaturan kalayan situ-situ dhatêng nagari Yopé, botên têbih saking ngriku. Awit ing Yopé wontên satunggaling sakabatipun Gusti anama Bok Tabita, sampun misuwur saé budinipun sarta kathah pitulunganipun dhatêng tiyang miskin. Kèngkènan

wau nyaosi priksa yèn ing dintên punika Bok Tabita dumugi ing janji. Saksa-[391] na Pétrus mangkat, sarêng salampahipun kèngkènan wau. Sarawuhipun lajêng katêdahakên jisimipun Bok Tabita. Ing ngriku kathah rôndha sami nangisi sarwi anêdahakên sandhangan dananipun Bok Tabita kala taksih gêsangipun, tur punika dêdamêlanipun piyambak. Sakathahing tiyang wau lajêng sami kinèn mèdal. Pétrus tumuntên jèngkèng asêmbahyang, sêsamponing amudhar asta lajêng mingêr dhatêng jisim wau sarwi ngandika: "Héh Tabita, tangia!" Sanalika Bok Tabita gêsang malih, lajêng katêdah-têdahakên déning Pétrus dhumatêng para rôndha tuwin tiyang sapasamuan ngriku. Prakawis punika lajêng kawêntar ing sanagari Yopé wau, témah tiyang ing ngriku kathah ingkang sami tumut pitados ing Gusti.

44. Tobatipun Saul


Kala samantén Saul sangsaya andadra panguya-uyanipun dhatêng para sakabatipun Gusti. Sowan dhatêng pangulu imam ing Yérusalèm nyuwun sératipun dhumatêng para imam ing nagari Dhamaskus, supa-[392]dos samia ambiyantu mènggah kacépêngipun para tiyang kang sami pitados ing Gusti kang wontén ing nagari ngriku, sanadyan jalér utawi èstri kéginga kabékta bêstan dhatêng Yérusalèm. Sésampuning kaparingan sérat, Saul lajêng mangkat. Sarêng sumpun cêlak ing nagari Dhamaskus, lajêng wontén cahya saking langit cumalorot dhatêng badanipun. Saul tumuntén andhawah ing siti sarwi mirêng suwara makatén: "Héh Saul, Saul, ya géne sira anguya-uya Ingsun?" Wangsulanipun: "Gusti, Sampéyan punika sintén?" Pangandikanipun Gusti: "Ingsun iki Yésus kang sira kuya-kuya iku, rēkasa têmén tur tanpa gawé malah mlarati gonira ngayoni marang Ingsun." Saul lajêng matur pitakèn sarwi gumêtér tuwin trataban: "Gusti, kawula Sampéyan karsakakén anglampahi punapa?" Pangandikanipun Gusti: "Sira ményangga ing nagara, ana ing kono sira bakal tinuturan apa kang wajib sira lakoni." Saul tumuntén ngadêg, angélèkakén mripatipun nanging lajêng botén sumêrêp tiyang. Nuntén dipuntuntun dhatêng réncangipun, kabékta dhatêng nagari Dhamaskus. Wontén ing ngriku ngantos tigang dintén botén sa-[393]gêd ningali sarta botén nêdha lan botén ngombé.

Kocapa ing nagari Dhamaskus wontén satunggal sakabatipun Gusti anama Ananias. Punika tampil paréntahing Gusti salêbeting wahyu, makatén dhawahipun: "Héh Ananias, sira ményangga ing lêlurung kang karan lêmpêng, jujuga ing omahé Yudas. Ana ing kono nakokna wong aran Saul, asli saka ing nagara Tarsen.^[14] Sabab Saul iku lagi sêmbahyang andêlêng sira sajroning wahyu. Katon sira tumpangi tanganira, andadékaké bisané andêlêng manèh." Ananias amangsuli atur: "Gusti, pamirêng kawula saking tiyang kathah, Saul punika kathah piawonipun dhatêng kagungan Sampéyan para suci ingkang wontén ing Yérusalèm. Malah dhatêngipun ing ngriki punika ambékta sérat panguwasa saking para imam agêng kanggé ambéstani sakathahing tiyang kang nyêbut asma Sampéyan." Pangandikanipun Gusti: "Sira mangkata! Sabab wong iku dhawah Ingsun pêpilihan kang bakal anggawa asmaning-Sun marang ngarêpaning para jinis, marang para ratu lan marang Banisrail, sarta bakal Su-[394]nwangsit yèn mêtshi nandhang pilara akèh marga saka asmaning-Sun." Ananias tumuntén mangkat. Sésampunipun kapanggih kaliyan Saul, lajêng katumpangan astanipun, wicantênipun: "Hé sadhèrèk kula Saul, kula kautus ing Gusti Yésus amanggihi jêngandika supados jêngandika sagêda ningali malih saha kapanjingana Roh Suci." Sanalika wontén ingkang rêntah saking mripatipun Saul warninipun kados kêndhangan, lajêng sagêd ningali malih. Saksana Saul kasalulupakén déning Ananias. Sésampunipun lajêng nêdha anguwatakén badanipun. Wiwit kala samantén Saul botén taha-taha amêmulang wontén ing Dhamaskus tuwin ing pundi-pundi nagari, yèn Yésus Kristus sapunika putraning Allah. Têtiyang Yahudi kathah kang sami mabêni têmah sami ngangkah péjahipun. Sarêng kapirêng déning para sadhèrèk, Saul lajêng kakintunakén dhatêng nagari kalairanipun.



„TUWAN PUNIKA SINTEN, GUSTI?“

[iv]



Bab 45, 46, 47, dumugi 52 bab botên katêdhak jalaran dalancangipun têlas. Kaping kalih sampun kêsêl. Déné salajênging cariyos wau, inggih bab gumêlarang Injil ingkang ginêlarakên para utusan ngantos dumugi nagari pundi-pundi.

Transliterasi Tambahan dari Cariyos Satus Sakawan

45. Kurnélis Têtindhihing Prajurit Rum

Kacariyos ing nagari Késaria wontên satunggal têtindhihing prajurit Rum anama Kurnélis. Punika sarayatipun sami ngibadah saha ajrih maring Allah. Kurnélis wau sugih dana dhatêng tiyang Yahudi sarta srêgêp sémbahyang. Ing satunggal dintên wanci jam tiga siyang sawêg asêmbahyang kaparingan wahyu. Wontên malaékating Allah lumêbêt ing griyanipun, pangandikanipun: "Héh Kurnélis, sémbahyangira lan dananira wus kattrima déning Allah. Ing samêngko sira kongkonan marang nagara Yopé, angaturana Simon kang ajêjuluk Pétrus, mondhol ana ngomahé Simon tukang samak, prênahé sapinggaing sagara. Pétrus iku bakal mituturi marang sira, apa kang wajib sira lakoni." Kurnélis lajêng kengkènan réncangipun têtiga dhatêng nagara Yopé. Énjingipun wanci lingsir wétan, kengkènan wau andungkap dumugi ing kitha. Kocapa ingkang wontên ing nagari Yopé, Pétrus minggaah dhatêng payon badhé sémbahyang. Ing ngriku Pétrus sawêg luwé, kapéngin dhahar. Sadangunipun kacawisakén, Pétrus angraga suksma. Aningali buntêlan kacu wiyar tumurun saking Swarga isi khéwan warni-warni, kang suku sakawan utawi sanèsipun. Tumuntên wontên suwara, pangandikanipun: "Héh Pétrus, mara nyambêlêha lan mangana." Pétrus lajêng mangsuli atur: "Nuwun kémawon Gusti, sajêg kula gêsang dèrèng naté nêdha ingkang kharam." Suwara wau tumuntên ngandika malih: "Samubarang kang wus dikhalalaké déning Allah aja sira kharamaké." Ingkang makatêng wau ngantos rambah kaping tiga, buntêlan wau lajêng kajunjung dhatêng Swarga malih. Sêdhêng Pétrus angraos-raosakén wahyu punika wau, lah kengkènanipun Kurnélis sampun wontên ngajênging kontên, anakèkakén Pétrus. Saksana roh amangsit dhumatêng Pétrus: "Lah kaé ana wong têtêlu anggolèki sira, sira mèlua barênga salakuné. Sabab iku Ingsun kang angutus." Pétrus lajêng mènggahi, pangandikanipun: "Aku iki wong kang kogolèki iku, lah ana gawé apa?" Tiyang têtiga tumuntên sami mratélakakén wêwêlingipun Kurnélis, lajêng sami nyipêng ing ngriku. Énjingipun Pétrus mangkat sarêng salampahipun kengkènan wau sarta kadhèrèkakén para mitra sawatawis. Kocapa Kurnélis tansah ngajêng-ngajêng rawuhipun Pétrus, sampun anglêmpakakén sanak sadhèrèk tuwin para mitranipun. Sarêng Pétrus rawuh, Kurnélis angacarani. Lajêng sujud dhatêng Pétrus, nanging Pétrus anyandhak Kurnélis, pangandikanipun: "Jêngandika ngadêg, kula punika rak inggih tiyang." Pétrus tumuntên lumêbêt ing griya, kapanggih kaliyan tiyang kang sampun sami ngalêmpak wau. Lajêng sami dipunpangandikani: "Jêngandika sampun sami sumêrêp ing atasipun tiyang Yahudi botên kénging lumêbêt ing griyanipun bôngsa sanès, éwadéné Allah sampun anêdhakén dhumatêng kula, sampun ngantos anajisakén tiyang. Déné ing samangké kula badhé sumêrêp wontên prêlu punapa anggèn jêngandika nimbali kula?" Kurnélis lajêng anyariyosakén anggènipun dipunkatingali malaékat. Miwiti malah mêkasi. Pétrus sêsampuning têrang pamirêngipun, lajêng ngandika: "Ing samangké kula sumêrêp têrang, yèn Allah punika botên pilih tiyang malah sadhéngah bôngsa kang ajrih maring Allah saha nglampahi kasaénan, punika amêsthî katrimah déning Allah." Pétrus tumuntên anggêlarakén Injil, amratélakakén bilih sawarnining tiyang kang pitados ing Gusti Yésus Kristus amêsthî angsal pangapuntêning dosa jalaran saking asmanipun. Pétrus dèrèng dumugi anggènipun mêmulang, lah sakathahing tiyang kang sami mirêngakén, sami katurunan Roh Suci, déné para mitranipun Pétrus kang sami andhèrèkakén wau sangêt kagawokan aningali tiyang kapir téka tumut kaésokan péparinging Roh Suci, katôndha anggènipun sami ngluhurakén asmaning Allah kalayan têmbung warni-warni. Pétrus tumuntên ngandika: "Sapa kang ora ngénakaké yèn wong iku kasalulupna, kang môngka wus padha nampani Roh Suci kaya déné aku." Pétrus tumuntên dhawah, tiyang punika sami kinèn anyalulupakén kalawan nganggêp asmaning Gusti. Sêsampuning kalampahan awit saking panyuwunipun Kurnélis sakancanipun, Pétrus lajêng lêrêb wontên ing ngriku ing sawatawis dintên. Inggih punika wiwitipun tiyang ingkang pitados ing Gusti Yésus Kristus.

46. Pétrus Kaluwaran saking Pakunjaran

Ing wêkdal punika sang prabu Hérodhês Agripa ratu ing tanah Yahudi anyêpêngi sawênèhing tiyang kang pitados ing Gusti Yésus, badhé dipunpisakit. Malah rasul Yakobus, sadhèrèkipun Yokhanan katigas jangganipun. Sarêng sang prabu mirsa yèn ingkang makatén wau andadosakên suka bingahipun tiyang Yahudi, lajêng andadra. Pétrus kacêpêng pisan, ugi badhé dipunpêjahi, ananing sarehning anglérési dintén agêng paskhah, mila kasarèhakên rumiyin. Sadangunipun Pétrus wontén ing pakunjaran, pasamuan ing Yérusalèm tansah andongakakên wilujêngipun Pétrus. Kocapa ing wanci dalu angrinténakên anggènipun badhé kapêjahan, Pétrus saré, kajagi déning prajurit kêkalih, astanipun kiwa têngén karanté kaangsalakên tanganipun prajurit kêkalih wau. Sajawining kontén pakunjaran inggih dipunjagi. Sêdhêng tiyang jagi sami tilêm, malaékating Pangéran tumêdhak salêbêting pakunjaran padhang déning cahya. Malaékat lajêng anggugah Pétrus, sanalika ranté anglokro saking astanipun. Malaékat tumuntén ngandika dhumatêng Pétrus: "Sira dandana, nuli tut buria ingsun!" Pétrus lajêng andhèrèkakên malaékat, anglangkungi tiyang jagi, lajêng medal. Déné régoling pakunjaran mênga piyambak. Ingkang makatén wau Pétrus botén sumêrêp térangipun, kanyana paningal salêbêting wahyu kémawon. Sarêng malaékat sampun musna, Pétrus lajêng rumaos yèn sampun luwar saking pakunjaran, pangunadikanipun: "Saiki aku wus têrang yèn Pangéran angutus malaékaté angluwari aku." Pétrus tumuntén dhatêng griyanipun Maryam, ibunipun Yokhanan Markus. Ing ngriku pakêmpalamipun para sakabat kang sami andêdonga wau. Sarêng Pétrus andhodhog kontén, lajêng wontén réncang èstri anilingakên, botén pandung suwaranipun Pétrus. Saking bingahipun botén tumuntén dipunwêngani, énggal ngaturi uninga yèn Pétrus wontén sajawining kontén, nanging têtiyang sami maibén. Sarêng Pétrus anitir pandhodhogipun, lajêng sami dipunwêngani. Sarêng kapara yêktos yèn Pétrus, lajêng sami kagawokan sangêt sarwi ambyung pitakèn. Pétrus lajêng ngandika: "Padha ménênga, aku dakkôndha dhéwé." Tumuntén anyariyosakên anggènipun linuwaran déning Gusti saking pakunjaran, miwiti malah mëkasi. Ingkang makatén wau kapurih martosakên dhatêng Yakobus tuwin para sadhèrèk. Pétrus lajêng késah dhatêng panggènan sanès. Wondéné têtiyang kang sami jagi pakunjaran, sarêng botén sagêd nyaosi katêrangan mènggah icalipun Pétrus, lajêng sami kadamêl lintu kaukum pêjah sadaya.

47. Paul Mêmulang Wontên ing Nagari Antiokhus tuwin ing Listra

Kocapa para sakabat kathah ingkang sami ngungsi dhatêng nagari Antiokhus. Wontên ing ngriku ngadègakén pasamuwan piyambak. Déné para utusan kang sami wontên ing Yérusalém, sarêng mirêng lajêng anuding Barnabas, kapurih tuwi saha mituturi dhatêng pasamuwan ing Antiokhus wau supados samia mantêp pitadosipun. Botên antawis lami Barnabas wau lajêng dhatêng nagari Tarsên ngupadosi Saul. Sarêng sampun kapanggih lajêng dipunjak dhatêng nagari Antiokhus. Sakaliyanipun lajêng sami mêmulang wontên ing ngriku ngantos sataun, têmah kathah tiyang sami tumut ing pasamuwan. Lah punika wiwitipun para tiyang kang sami pitados ing Gusti kasêbut Kristên, têgêsipun tiyang kang panutan Yésus Kristus.

Kacariyos ing satunggal dintên Barnabas kaliyan Saul sami katuding déning Roh Suci amradinakén Injiling Gusti Yésus dhatêng nagari sanès-sanès. Tiyang sapasamuwan lajêng sami anjurungi saha sami andongakakén wilujêng ing lampahipun. Saksana tiyang kêkalih wau lajêng sami mangkat anjajahi pulo Kipri. Paul ingkang wau nama Saul, anglérési mêmulang. Lah ing ngriku wontên satunggaling tiyang lumpuh lair mila déné Paul sumérêp yèn tiyang wau anggènipun mirêngakén wêwulang gadhah pangandêl kénging kawaluyakakén. Paul lajêng ngandika kalayan suwara asru: "Ngadéga kang jêjêg!" Sanalika tiyang lumpuh wau saras, ngadég lajêng lumampah. Wondéné têtiyang ing ngriku sarêng sumérêp kramatipun Paul makatên wau lajêng sami alok-alok: "Lah iku jawata Yupiter lan Mérku padha anjalma, anêdhaki aku." Wondéné imaming Yupiter lajêng amêndhêt lêmbum, rinêngga ing oncèn-oncèn, badhé kasaosakén kurban dhatêng rasul kêkalih ingkang sami dipunwastani panjalmaning jawatanipun wau, kadhèrèkakén ing tiyang kathah. Déné Paul tuwin Barnabas sarêng mirêng prakawis punika wau, lajêng anyuwèk-nyuwèk pangagêmanipun, tumuntên awor tiyang kathah wau sarwi anguwuh-uwuh: "É iku apa? Aku iki manungsa ora beda lan kowé. Têkaku ing kéné amêmulang marang kowé supaya kowé padha marènana ênggonmu padha nêmbah jawata iku, balik anêmbaha maring Allah kang gêsang kang anitahaké langit lan bumi miwah sagara saisiné kabèh." Pituturipun utusan kêkalih ingkang makatên wau mèh botên sagêd angundurakén pikajênging tiyang kathah anggènipun badhé nyaosi kurban. Botên antawis dangu wontên tiyang Yahudi dhatêng saking Antiokhus lan saking Ikhoni, sami angojok-ojoki têtiyang ing ngriku, têmah sami manut. Paul lajêng dipunbalangi ing séla, tumuntên dipunlarak dhatêng sajawining nagari, kakintên sampun pêjah. Sarêng karubung déning tiyang Kristên, Paul tumuntên jumênêng, lajêng lumêbêt ing kitha malih. Énjingipun Paul lan Barnabas sami késah dhatêng nagari Drêbé.^[15] Wontên ing ngriku ugi mulangakén Injil, kathah tiyang kang sami manjing Kristên. Panunggilanipun tiyang kathah wau wontên jêjaka satunggal anama Timotéus. Punika wijiling tiyang ibadah, amila sumérêp suraosing kitab suci alit mila, wasana Timotéus wau dados mitra lan kanthinipun Paul. Botên antawis lami Paul lan Barnabas sami wangslu dhatêng nagari Antiokhus malih. Wontên ing margi ngiras nuwèni têtiyang Kristên kang sami malêbêt énggal punika, sami kasantosakakén manahipun sarta dipunpituturi supados mantêpa pitadosipun. Makatên ugi dipunsérêp-sérêpakén yèn tiyang gêsang punika anggènipun lumêbêt ing karatoning Allah tan kénging botên kêdah margi saking kasusahan kathah. Ing pundi-pundi pasamuan ingkang kamargèn sami dipuntanêmi pinisêpuh. Sarêng sampun dumugi ing Antiokhus, Paul lan Barnabas lajêng sami cariyos dhatêng pasamuan ing ngriku, bilih padamêlanipun sampun kaidèn déning Allah ngantos kathah tiyang kapir kang sami malêbêt Kristên.



„PAUL, RASULÉ JÉSUS KRISTUS, AWIT SAKA KARSANÉ ALLAH, TUMEKAA MARANG PARA SUTJI LAN
KANG PAĐA PRATJAJA ANA ING PATUNGGILANÉ KRISTUS JÉSUS.”

48. Bok Lidhi,^[16] Juru Kunjara

Botên antawis lami Paul anglanglangi pasamuanipun tiyang Kristên malih, saha anggêlarakê Injil dhatêng nagari kang dèrèng kacakan. Déné ingkang dados kanthinipun anama Silas. Sarêng tindakipun dumugi ing nagari Troas, ing wanci dalu Paul aningali wahyu. Wontên tiyang jalêr bongsa Makêdoni adarbé atur panyuwun dhatêng Paul: "Sampéyan mugi anyabranga dhatêng nagari Makêdoni, amitulungana ing kula." Sarêng sampun luwar Paul lajêng mangkat nyabrang dhatêng nagari Makêdoni, anujujug ing kitha Filipi. Wontên ing ngriku anglérési dintên sabat, Paul medal saking kitha dhatêng sapinggaing lèpèn pasêmbahyanganipun tiyang Yahudi. Paul lajêng mituturi dhumatêng têtiyang èstri kang sami ngalêmpak wontên ing ngriku, panunggilanipun tiyang èstri wau wontên satunggal ingkang ngibadah anama Bok Lidhi, asli saking nagari Tiatira, padamêlanipun wade sinjang jingga. Punika sadangunipun mirêngakê pituturipun Paul wau, manahipun kabuki déning Gusti, sagêd animbang-nimbang piwulangipun Paul wau, témahan kasalulupakêni sarayatipun. Sarêng sampun kalampahan, lajêng anggubêl dhatêng Paul, dipunaturi lêrêb wontên ing griyanipun.

Kacariyos ing nagari ngriku wontên satunggaling tiyang èstri préwangan, sakalangkung andadosakêni kauntunganing bêndaranipun, jalaran saking pêpêthèkipun. Punika lêlêmbatipun katundhung déning rasul Paul. Sarèhning bêndaranipun tiyang préwangan wau ical pangasilanipun, Paul kaliyan Silas lajêng sami dipuncêpêng kaladosakêni dhatêng pangadilan, kadakwa amulangakêni saréngat énggal, angorêgakêni tiyang sanagari. Déné dhawuhing pangadilan, Paul lan Silas sami kinèn anggitiki. Sêsamponing ginitikan ingkang sangêt, lajêng sami kalêbêtakêni ing kunjara sarwi kabêlok. Ing wanci tengah dalu Paul lan Silas sami andêdonga sarta angrêrêpi pêpuji maring Allah. Para sakitan sanès-sanèsipun sami mirêngakêni, lah ing wêkdal punika lajêng wontên lindhu sangêt ngantos angorêgakêni talêsing pakunjaran, kontén-kontén sami mënga, sakathahing pasakitan ranténipun sami nglokro. Sarêng juru kunjara nglilir, ningali ingkang makatêni wau lajêng badhé suduk jiwa, kakintén bilih sakathahing pasakitan sampun sami lumajêng, ananging kapambêngan déning rasul Paul, panguwuhipun: "Kowé aja angêndhat, pasakitan isih pêpak kabèh." Juru kunjara lajêng aminta colok, tumuntén lumêbêt ing pakunjaran, sumungkêm ing arsaning rasul Paul lan Silas sarwi gumêtér. Lajêng sami kaajak medal, aturipun juru kunjara: "Dhuh tuwan, amurih kawilujêngan kula ingkang wajib kula lampahi punapa?" Cêkaking wangsumanipun Paul makatêni: "Kowé pracaya marang Gusti Yésus Kristus, amêsthî kowé sarayatmu padha kaslamêtan." Juru kunjara karênan sangêt mirêngakêni wêwulangipun Paul lan Silas. Saksona lajêng angumbah biluripun. Tumuntén kasalulupakêni pisan sarayatipun sadaya. Paul tuwin Silas lajêng sami kaaturan dhahar dhatêng griyanipun. Énjingipun sami kaluwaran déning pangadilan, lajêng sami dhatêng griyanipun Bok Lidhi wau, kapanggih kaliyan para sadhèrèk Kristên sami dipunayêm-ayêmi manahipun sarta dipunpituturi. Paul lan Silas nuntén sami anglajêngakêni lampah.

49. Paul Mêmulang Wontên ing Nagari Atén, ing Korinti, lan ing Éfésus

Tindakipun Paul saking kitha Filipi dumugi ing nagari Atén, wontên ing ngriku Paul angrês galihipun ningali brahala pintên-pintên sêsemahanipun tiyang ing Atén wau. Paul tumuntên amulangakên Injil tuwin tanginipun tiyang pêjah wontên ing masjidipun tiyang Yahudi utawi wontên ing pêkên. Lah ing ngriku wontên sawènèhing tiyang wasis sami amabêni wewulangipun. Paul tumuntên kapurih anggêlarakên wewulangipun kang énggal punika wontên ngajènganing tiyang kathah. Sarêng sampun sami ngalêmpak, Paul lajêng amédharakên wewulang, makatên pangandikanipun: "Hé tiyang Atén, paningal kula kados-kados ngibadah jengandika punika nglangkungi, awit anggèn kula midér ing nagari ngriki amanggih pintên-pintên candhi sêsemahan jengandika. Lah ing ngriku wontên satunggaling candhi kang mawi ciri sératan ungêlipun makatên, katur ing Allah kang botên kasumérêpan. Ing samangké jengandika sami badhé kula sumérêpakên Allah kang sampun jengandika békteni nanging dèrèng jengandika sumérêpi wau. Inggih punika Allah kang anitahakên jagad saisinipun sadaya, botên manggèn salêbeting candhi dêdamêlaning tiyang sabab Allah punika Pangéraning langit lan bumi. Manungsa sayoga ngupaya maring Allah, éwadéné Allah punika botên têbih saking satunggal-tunggaling manungsa awit gèsang kula lan mobah mosik kula punapadéné wontên kula sadaya punika wontên salêbeting Allah. Hé tiyang Atén, sanadyan ing ngajêng Allah sampun amitambuhi jaman buda punika, éwadéné ing samangké dhawuhipun sawarnining tiyang ing saënggèn-énggèn sami kinèn tobat. Sabab Allah sampun anamtokakên dinten anggènipun badhé ngadili tiyang sajagad kalayan salérésipun, sarana tiyang satunggal ingkang sampun kapatahaha saha sampun kanyatakakên dhumatêng sawarnining tiyang amargi anggènipun kawungokakên saking séda. Amila tiyang punika sadaya wajib sami pitados dhatêng Sang winungokakên wau." Wondéné têtiyang ing ngriku sarêng mirêng cariyos bab tangining tiyang pêjah wontên ingkang anggêgujêng lan wontên ingkang mungêl: "Énjing malih kémawon kula mirêngakên criyos sampéyan." Éwadéné wontên tiyang sawatawis ingkang pitados, kados ta satunggaling nayaka ingkang nama Dionisius punapadéné tiyang èstri ingkang nama Damaris tuwin sanès-sanèsipun.

Paul tumuntên mangkat saking nagari Atén dhatêng ing nagari Korinti. Wontên ing ngriku kapanggih kaliyan tiyang Yahudi sasémah, kang jalér nama Akila,^[17] kang èstri nama Priskila, panggaotanipun adamêl khémah. Sarèhning Paul ugi sagêd dhatêng padamêlan makatên wau, mila lajêng nunggil manggèn sarta nyambut damêl. Paul anggènipun wontên ing Korinti laminipun ngantos kalih tengah taun, tansah mêmulang dhatêng tiyang Yahudi tuwin tiyang Yunani, malah ngantos adamêl pasamuan agêng wontên ing ngriku.

Saking Korinti Paul lajêng wang sul dhatêng Antiokhus. Botên antawis lami tindakan malih. Sarêng dumugi ing nagari Éfésus kapanggih kaliyan tiyang Kristên sawatawis. Paul lajêng mulangakên Injil wontên ing ngriku laminipun ngantos langkung kalih taun, têmahan têtiyang ing ngriku dalah tiyang ngamônca sami mirêngakên mênggah cariyosipun Gusti. Wondéné awit saking idining Gusti, kathah tiyang kang sami pitados kalayan angakêni kalêpatanipun, ngantos para ajar ing ngriku kathah ingkang sami dhatêng ambékta primbonipun, lajêng kabêsmi wontên ngajènganing tiyang kathah. Lah makatên pangandikanipun Gusti sangsaya mindhak-mindhak sawabipun, andadosakên unggulipun.

Ing wêkdal punika sakalangkung oréging nagari jalaran saking bab agami. Awit gumêlarang wewulangipun Paul wontên ing Éfésus wau andadosakên kuwatospipun satunggaling kêmaskan anama Démétrius. Bokmanawi anjalari wudhuning dêdamêlanipun awarni candhèn salaka,

gambaring candhinipun sang bathari diyana ingkang wontên nagari Éfésus ngriku. Démétrius wau anglêmpakakên kancanipun sami kêmaskan tuwin sawarnining tiyang kang angsal kauntungan jalaran saking padamêlan punika. Sarêng sampun ngalêmpak lajêng sami dipunwicantêni: "Hé kônca-kônca kabèh, kowé wus padha sumurup yèn gêgawéanaku iki andadékaké kauntunganaku kabèh, kang môngka têkané Paul iki angèdhépaké wong akèh marang wêwulangé, angarani yèn gêgawéaning wong iku dudu Pangéran. Kang iku aku ora amung nguwatiraké wudhuning gêgawéanaku baé, malah candhining sang bathari diyana kang gêdhé ora wurung ing têmbé disawiyah-wiyah." Déné têtiyang kang sami ngalêmpak, sarêng mirêng wicantênipun Démétrius wau lajêng sami anêpsu sarwi anguwuh-uwuh: "Agung sang bathari diyana ing nagari Éfésus." Ingkang makatên wau timbal tumibal ngantos kalih jam dangunipun. Tiyang sanagari sami orêg, ananging rasul Paul wilujêng.

Botên antawis dangu Paul mangkat saking nagari Éfésus anganglangi pasamuan ing tanah Makêdoni tuwin ing nagari Korinti. Saking ngriku Paul karsa wangsl dhatêng nagari Yêrusalèm anangguh dintên agêng pêntekosta. Tindakipun mampir ing pulo Milété,^[18] sacêlaking nagari Éfésus wau. Sarèhning tindakipun kasêsa, mila botên sagêd nuwèni pasamuan ing ngriku, namung para pinisêpuhipun kémawon sami katimbalan dhatêng pulo Milété wau. Sarêng sampun dhatêng lajêng sami dipunpituturi makatên: "Hé para mitra, ing mangké kula kédah-kédah dhatêng ing Yêrusalèm, botên sumêrêp badhé kadadosanipun badan kula wontên ing ngriku. Sumêrêp kula namung saking wangsitipun Roh Suci yèn kula punika badhé nglampahi pinisakit amargi saking asmaning Gusti, nanging kula botên ngétang punapa-punapa. Sanadyan dumugia ing péjah kula botên anggrantês supados anggèn kula andumugèkakên ngêmbat ayahaning Gusti punika sagêda kalayan bingah. Ingkang punika kula sumêrêp yèn jêngandika sadaya sami badhé botên pêpanggihan kaliyan kula malih, amila jêngandika sami dèn prayitna ing atasing badan piyambak, punapadéné pasamuan ingkang sampun dados kagunganing Gusti jalaran saking rahipun piyambak. Môngka jêngandika kapatah déning Roh Suci dados pamomongipun pasamuan wau, amila jêngandika padha mélèka, èngêta yèn salêbêting tigang taun kang kapêngkér punika kula tansah ngèngêtakên dhatêng satunggal-tunggalings tiyang kalayan luh. Hé para sadhèrèk, ing samangké jêngandika sami kula pasrahakên maring Allah tuwin dhatêng sih wêwulanging Allah kang kawasa angléstantunakên jêngandika." Paul tumuntên ajèngkèng, andêdonga kaliyan para pinisêpuh wau. Paul sami dipuntangisi sarta dipunrangkul tuwin dipunambungi. Déné ingkang andadosakên sangêting karaos-raos ing manahipun para pinisêpuh wau, awit mirêng pangandikanipun Paul bilih badhé botên pêpanggihan malih. Wasana lajêng sami andhèrèkakên dumugi ing baita. Sarêng sampun dumugi ing Yêrusalèm, Paul lajêng kapanggih kaliyan rasul Yakobus, kaléresan ing ngriku para pinisêpuh sami pêpak. Tumuntên sami dipuncariyosi mênggah pamanutipun tiyang kapir dhatêng wêwulangipun. Saksana lajêng sami mêmaji maring Allah.

17. Akwila #

18. Milétius #

50. Paul Kinunjara Wonten ing Nagari Késaria

Sarêng sampun sawatawis dintên Paul anggènipun wonten ing Yêrusalèm, lajêng malêbêt dhatêng Bétal Mukadas. Wonten ing ngriku kapanggih kaliyan tiyang Yahudi saking tanah Asipa alit. Punika lajêng angorêgakên tiyang kathah awit anggènipun bêngak-bêngok anyêpêng Paul, lajêng kaglandhang dhatêng jawi badhé dipunpêjahi. Sarêng kapirêng déning pangagênging prajurit kang jagi kitha, Paul lajêng karêbat kalêbêtakên dhatêng bêtèng. Boten antawis dangu kakintunakên dhatêng nagari Késaria supados kapriksaa déning sang adipati Fèlik. Sarêng sang adipati sampun mirêngakên gugat lan jawab, boten anggêga panarkanipun tiyang Yahudi, malah sêmunipun saé dhatêng Paul, éwadéné boten tumuntén dipunluwari, namung kajagi unjar-unjaran kémawon. Paul kérêp dipuntimbali kaajak ngandikan, yèn ta Paul wau puruna ngaturi réruba amêsthî lajêng dipunluwari. Ing satunggal dintên garwanipun Fèlik anama Dursila, putraning sang prabu Hérodhês Agripa punika kapéngin badhé mirêngakên wêwulangipun Paul. Ing ngriku Paul mulangakên ing bab pitados dhatêng Gusti Yésus Kristus. Sarêng anggêlarakên bab kautamèn tuwin cêcêgah punapadéné bab paukuman ing akhérat, Félik^[19] tumuntén tab-taban sabab galihipun boten rêsik, pangandikanipun: "Saiki mundura baé dhisik, samôngsa aku kobér iya daktimbali manèh."

Sarêng sampun antawis kalih taun, Félik kagêntosan déning Féstus. Punika pangaggêipun sami ugi kaliyan Félik, kédah nglégani tiyang Yahudi. Paul katantun badhé kapriksa malih sarta dipunrampungi prakawisipun wonten ing Yêrusalèm. Nanging Paul sumêlang bok manawi kaulungakên dhatêng tiyang Yahudi, mila lajêng matur badhé pépé dhatêng sang prabu ing Rum.^[20] Déné pangandikanipun Féstus: "Kowé duwé panyuwun arêp apa marang sang prabu ing Rum? Iya dakladèkaké."

Sadèrèngipun Paul kaladosakên dhatêng Rum, sang prabu Agripa ratu ing tanah Yahudi tindak dhatêng Késaria badhé amanggihi sang adipati kang jumênen ngénggal wau. Sarêng sampun sami pêpanggihan, sang adipati Féstus acêcriyos bab prakawisipun Paul. Sang prabu lajêng kapéngin badhé mirêngakên piyambak mènggah paturanipun Paul. Wasana Paul tinimbalan, ing ngriku Paul angsal margi anggènipun anggêlarakên asmanipun Kristus wonten ngarsaning sang prabu tuwin para pangagênging nagari. Aturipun Paul katutupan makatên: "Amargi saking pitulunging Allah, kula lêstantun dumugi ing dintên punika, saha kula nêksèni wonten ngajênging tiyang alit utawi tiyang agêng, wêwulang kula boten anyulayani pamêcanipun para nabi utawi Musa, yèn Kristus punika kawajiban anandhang pisakit sarta dados pangajêngipun tiyang tangi saking pêjah, saha amadhangakên bôngsa kula punika tuwin para jinis." Féstus lajêng ngandika kalan suwara asru: "Héh Paul, kowé andalêming jalaran saka lêpasing budimu. Wangsulanipun Paul: "Lah Féstus kang mulya, kula boten dalêming. Atur kula punika pitembungan kang nyata, medal saking budi saras. Sang prabu inggih sumêrêp kayéktosanipun. Lah sang raja Agripa, sampéyan punapa pitados?" Wangsulanipun sang prabu: "Mèh baé aku kêna korimuk dadi Kristén." Déné aturipun Paul: "Panyuwun kula maring Allah boten ngamungakên sampéyan kémawon, dalasan sakathahing tiyang kang sami mirêngakên atur kula punika sadaya dados sakados kula, kajawi ranté punika."


19. Feliks #

20. Roma #

51. Lampahipun Paul Dumugi ing Nagari Rum

Botên antawis lami Paul tuwin sakitan sanèsipun sawatawis sami kapasrahakên dhatêng têtindhihing prajurit Rum. Ingkang kapatah angatérakên anumpak baita, wonten ing margi pintên-pintên dintên. Sarèhning ngajêngakên môngsa rêndhêng, sêdyanipun badhé këndêl wonten ing pulo Krété. Sarêng sampun cêlak kaliyan pulo wau, katêmpuh ing ribut. Baita botên sagêd nyêlak ing dharatan, kabuncang anut lampahing angin kémawon. Sakathahing tiyang anglangkungi susahipun, botên wonten ingkang rumaos gêsang. Sarêng sampun sawatawis dintên, Paul awicantén: "Héh kônca-kônca kabèh, kowé aja ana cilik atimu, sabab aku kabèh ora ana kang mati kajaba mung prau baé kang mêsthi katiwasan. Wruhanamu aku mau bêngi tômpa wangsité malaékating Allah Pangéran kang dakkawulani lan dakbékènì. Pangandikané mangkéné: "Héh Paul, kowé aja kuwatir, amêsthî klakon ênggonmu kasébakaké marang sang prabu ing Rum. Déné panyuwunmu slamêté rowangmu saprau kabèh, Allah iya wus marêngaké." Sarêng kawan wêlas dalunipun baita pêcah kabéntus ing parang sacêlaking pulo Milété. Déné tiyangipun wonten ingkang nglangi lan wonten ingkang numpak rêmukaning baita. Sadaya sami wilujêng dumugi ing dharatan, déné cacahing tiyang sadaya kalih atus pitung dasa nêm.

Déné têtiyang ing ngriku tangkêbipun dhatêng Paul sakancanipun sami saé-saé, lajêng sami kadamêlakên totor kaanggé api-api. Paul inggih tumut anglêmpakakên kajêng rèncèk, katumpangakên ing totor wau. Dumadakan wonten sawêr wêlang medal saking kajêng rèncèk wau, amulet astanipun. Déné têtiyang ing pulo ngriku sarêng ningali wonten sawêr wêlang gumandhul ing astanipun Paul, lajêng sami rêraosan: "Amêsthî wong iku wus tau matèni wong, sanadyan wus bisa slamêt saka ing sagara, éwadéné katututan ing khukum gaib." Sarêng Paul angipatakên sawêr wau saha botên punapa-punapa, ciptanipun têtiyang wau lajêng sami malih, Paul kawastanan déwa. Ing sadangunipun môngsa rêndhêng Paul sakancanipun sami lêrêb wonten ing pulo ngriku. Paul anyarasakên tiyang sakit kathah awarni-warni. Sarêng sampun antawis tigang wulan, lajêng sami numpang baita sanès. Anggènipun layar lêstantun dumugi ing Rum. Déné têtiyang Kristên ing ngriku, sarêng sami mirêng wartos mênggah dhatêngipun Paul, lajêng sami mêthuk, andadosakên lêjaring galihipun Paul, tumuntén amuji sukur maring Allah. Sadangunipun Paul ngéntosi karampunganing prakawisipun, klilan nyéwa griya piyambak, nanging mawi karanté saha kajagi ing prajurit laminipun ngantos kalih taun. Ing ngriku Paul tabêri mêmulang dhatêng bôngsa Yahudi tuwin manggihi sawarnining tiyang kang sami mara tamu kalayan martosakên bab karatoning Allah sarta botên taha-taha amulangakên Injil, lêstantun botên wonten ingkang angaru biru.



PRIJAGUNG ÉTIOPI LAN FILIPPUS


52. Gumêlaring Injil déning Para Utusan

Pangajêng-ngajêngipun rasul Paul sagêda luwar saking patahanan wau satêngahing cariyos inggih klampahan, lajêng anggêlarakêni Injil malih wontên ing pundi-pundi nagari. Tiyang kathah kang sami pitados wasana kacêpêng malih, têmahan anglampahi séda sahid tinigas jangganipun wontên ing nagari Rum.

Mangsuli cariyos ngajêng kala Paul kinunjara kang wêkasan, angaping kalihi kintun sérat dhatêng Timotéus^[21], inggih punika kanthinipun rasul Paul ingkang sampun katanêm dados lurah ing pasamuan Kristên ing nagari Éfésus. Déné ingkang wau kala taksih lêlampah, punapadéné kala wontên ing patahanan ing nagari Rum sampun kathah anggènipun kintun sérat dhatêng pasamuan Kristên ing pundi-pundi, yasanipun piyambak tuwin sanèsipun. Wondéné sérat-sérat wau sami kapacak wontên ing kitab prajanjéan énggal.

Sadèrèngipun séda Paul, kitab Injil têtiga wiwitanipun kitab prajanjéan énggal ugi sampun wontên. Inggih punika kitab Injil anggitanipun Matéus, ingkang kayasakakêni punika têtiyang Kristên ingkang sami asli Yahudi ing tanah Yahudi. Punapadéné kitab Injil anggitanipun Markus, ingkang kayasakakêni punika kados-kados tiyang Kristên bongsa Rum. Lan malih kitab Injil anggitanipun Lukas, kasaosakêni dhatêng satunggaling tiyang bongsa Yunani trah luhur, anama Téofilus. Wondéné nalika Yokhanan nganggit kitabipun Injil, miwah sératipun kintunan kang kapacak ing kitab prajanjéan énggal punika, pamêcanipun Gusti ingatasing risakipun nagari Yérusalém sampun klampahan. (kala taun Kristên, 70). Déné sératipun Wahyu dhasar ing wau-wau sampun wontên. Anjawi saking punika wontên ugi sérat kintunanipun Pétrus, tuwin Yakobus, lan Yudas ingkang dhatêng pasamuan Kristên, punika inggih kapacak wontên ing kitab prajanjéan énggal.

Anjawi ingkang sampun kasébut ing ngajêng, wontên ugi para utusan ingkang kacariyos séda sahid. Inggih punika Yakobus putraning Alféus, sédanipun karanjam wontên ing nagari Yérusalém, punapadéné Simon Pétrus sédanipun kasalib wontên ing nagari Rum. Mênggah sédanipun Yokhanan jalanan sépuh, yuswanipun andungkap satus taun. Wondéné sakabat sanès-sanèsipun botên wontên cariyosipun ingkang têrang. Éwadéné ingkang sampun mêsthi, sadaya sami anêtépi paréntahipun Gusti Yésus, anggêlar-gêlarakêni Injil dhatêng salumahing bumi. Makatêni ugi Gusti inggih anêtépi prasêtyanipun, anggènipun badhé dados kanthinipun para utusan, tuwin sawarnining tiyang ingkang sami mradin-mradinakêni Injil, ngantos dumugi wêkasaning jagad.





PUDJI KONDJUK ING ALLAH
ANA ING LUHUR

Katalog

Katalog # : 1962

Titel : Kitab Suci

Versi : Anonim

Tahun : -

Image :

Tipe : Naskah

Bentuk : Prosa

Bahasa : Jawa

Aksara : Jawa

Ikhtisar : Perjanjian Lama dimulai dengan cerita Allah menciptakan dunia dengan segala isinya, termasuk penciptaan manusia pertama (Adam dan Hawa). Kemudian cerita tentang dosa pertama manusia. Cerita selanjutnya tentang keturunan Adam dan Hawa. Cerita tentang nabi-nabi, di antaranya nabi Ibrahim, nabi Iskhak, nabi Yakub, nabi Yusuf, nabi Musa, nabi Élia, nabi Élisa, nabi Yunus, dan nabi Daniel. Sedangkan Perjanjian Baru menceritakan tentang kehidupan Yesus, mulai dari kelahiran-Nya dari seorang perawan bernama Maryam hingga kematian-Nya di kayu salib. Selama hidupnya banyak mujizat yang dilakukan oleh Yesus. Ia juga mengajarkan banyak hal tentang kerajaan Surga dengan perumpamaan. Ia mempunyai dua belas murid dan banyak orang menjadi pengikut-Nya. Setelah kematian-Nya, Yesus bangkit dan naik ke Surga. Cerita selanjutnya tentang pengabaran Injil para murid Yesus.

Kata kunci : agama, agami, aksara, gancaran, jawa, jawi, naskah, carik

Data digital : 1. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 1\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1548.
2. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 2\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1547.
3. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 3\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1546.
4. [Kitab Suci, Anonim, #1962 \(Bagian 4\)](#). Agama dan Kepercayaan | Kitab Suci #1545.

Deskripsi

Judul

Luar : Kitab Suci
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : [Pêpêthikan Saking Kitab Suci, Kristiana, 2011, #1950](#)

Memuat : -

Series dari : -

Penyusun

Tidak ada data

Jilid

Jumlah : 1 dari 1
Jilid # : 1
Series ref. : -
Jilid titel : -
Penerbit : -
Tempat : -
Tanggal : -
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 394
Gambar : -
Kosong : -

Sumber

Jumlah : 1 dari 1

Sumber	: Rêksa Pustaka (Mangkunagara, Surakarta)
Katalog	: A 220
Tipe media	: Asli
Ukuran	: 21 x 17 cm.
Ukuran teks	: 17.5 x 15 cm.
Fisik	: Naskah masih cukup baik, tidak ada lembaran yang terlepas dari benang jilidannya, tetapi benang jilidannya kurang kuat. Naskah dijilid hard cover. Sampul naskah berwarna hijau muda dan di bagian punggung naskah berwarna hijau tua, di tengah punggung naskah terdapat tempelan kertas putih bertuliskan A 220. Sebelum lembar awal dan lembar akhir terdapat kertas yang cukup tebal berwarna coklat.
Kertas	: Naskah menggunakan kertas polos berwarna coklat muda. Ada beberapa kertas yang berlobang di bagian pinggirnya, yaitu pada 2 lembar awal tanpa nomor halaman, halaman 1, 380, dan 381. Pada halaman 380 dan 381 diberi kertas pelapis karena pada halaman ini keadaan kertas mengkhawatirkan dan keadaan teks yang sebagian hilang karena kertas berlobang dan sobek.
Rusak	: -
Tulisan	: Aksara Jawa carik, mbata sarimbag miring ke kanan. Ukuran huruf sedang dan jarak antar huruf juga sedang, tidak terlalu rapat dan tidak terlalu berjauhan. Warna tinta hitam kecoklatan. Karena penulisan teks menggunakan kertas polos, maka jumlah baris tiap halamannya tidak ajeg, ada yang 17 baris/ halaman dan ada pula yang 18 baris/ halaman, tetapi kebanyakan 18 baris/ halaman.
Penomoran	: 2 lembar awal tanpa nomor halaman, yaitu lembar pertama bertuliskan judul <i>Kitab Suci</i> dan lembar kedua bertuliskan <i>Pêpêthikan Saking Kitab Suci Kathahipun Status Sakawan Cariyos</i> . Halaman 1 tidak diberi nomor halaman. 2 lembar sebelum halaman 234 juga tanpa nomor halaman, lembar pertama kosong, sedangkan lembar kedua bertuliskan <i>Dwi Makandhêh Pêpêthikan Saking Prajanjéan Énggal Kathahipun Sèkêt Kalih Cariyos</i> . Lembar terakhir juga tanpa nomor halaman. Halaman 2-394 diberi nomor halaman.

Digitisasi

Transkripsi oleh : Lisa Kristiana

Digitisasi oleh : Lisa Kristiana

Tanggal : Apr 2011

Sumber : Rêksa Pustaka (Mangkunagara, Surakarta) #A 220 Asli

